


MANGSA ADVEN NATAL 2021



**Ngriyayakaken
Karapuhaning Gesang
kanthi Kabecikan**

Gambar Samak: Pdt. Christian Galabara Alfadio Putra

Mangsa Advèn Natal 2021

Jejer: "Ngriyayaken Karapuhaning Gesang knathi Kabecikan"

Kawedalaken déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia

Sinode Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Télepon: 0274-514721

Website: lpps.or.id

e-mail: info@lpps.or.id; sekretariatlppsinode@gmail.com

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun) saben
buku Rp.....

Atur Sapala

Puji sokur konjuk Gusti ingkang sampun nganthing kita lumampah ing sauruting taun 2021. Kita sadaya sami ngraosaken awrating lampah awit wontenipun Pandemi Covid-19. Sedaya séktoring gesang sami ngalumpruk. Ing kawontenan kados mekaten prayogi menawi kita sami ngriyayakaken kawontenan punika sesarengan. Kanthi mekaten, kita saged langkung ngraosaken adeg saha kawontenaning dhiri pribadi. Sejatosipun, gesang punika rapuh kawontenanipun, pramila kita katimbalan supados sami asung kabecikan, mboten prelu sami jejegalan. Kanthi dhasar pamawas kados mekaten, Lembaga Pembinaan dan Pengaderan Sinode GKJ dan GKI SW Jawa Tengah (LPP Sinode) ngajak sedaya umat kagunganipun Gusti supados sami tetunggilan wonten ing iman, pangajeng-ajeng lan katresnan, ngraos-raosaken Mangsa Advèn Natal 2021 kanthi jejer **“Ngriyayakaken Karapuhaning Gesang Kanthi Kabecikan”**.

Buku Mangsa Advèn Natal 2021 punika mawujud kados mekaten awit wontenipun panyengkuyung saha panyambutdamel sesarengan antawisipun LPP Sinode kaliyan para mitra kinasih. Kawula sami sesarengan nemtokaken jejer, nganggit saha ngrembag bahan-bahan punika amrih kasaénaning bahan-bahan punika. Kawula ngraosaken bilih pirembagan punika dados sarana kawula sami njangkepi setunggal lan setunggalipun. Pramila ing wekdal punika keparenga kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng:

1. Pdt. Guratan Pamentasing Pragolaesa (DPG GKI SW Jateng)
2. Capen Yohana Kezia Febri (DPG GKI SW Jateng)
3. Pdt. Immanuel Addi Saputro (Bapelsin XXVIII Bidang PWG)
4. Pdt. Erni Ratna Yunita (Bapelsin XXVIII Bidang PWG)
5. Pdt. Albert Alresto Pandiangan - GKI Rembang
6. Pdt. David Christianto Indro Cahyono - GKI Genuk Indah
7. Pdt. Winner Pananjaya - GKI Kelapa Cengkir

8. Pdt. Eny Wahyuningsih - GKJ Cilacap Utara
9. Pdt. Chrisma Okta Wulandari - GKJ Cilacap
10. Pdt. Christian Galabara Alfadio Putra - GKJ Taman Murni
11. Vic. Anindhita Yudistira Adi - GKJ Bibisluhur
12. Pnt. Iwan Kurniawan - GKI Tegal
13. Capen Daru Marhaendhy - GKJ Bandung
14. Capen Mike Makahenggang - STAK Marturia
15. Pdt. Addi Soselia Patriabara – GKI Kavling Polri Jakarta

Atur panuwun ugi kawula aturaken dhumateng Bp. Pdt. Yusak Tri Darmanto (Fakultas Teologi UKDW), Bp. Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan Solo), Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho lan Ibu Pdt. Em. Widdwisssoeli M. Saleh (LPP Sinode) ingkang sampun mbiyantu mertal saperangan ageng bahan-bahan punika.

Katur dhumateng para mitra LPP Sinode ingkang migunakaken buku punika, wonten sapérangan bab ingkang prelu dipun gatosaken: *Sepisan*, para mitra kaaturan migunakaken bahan-bahan punika kanthi kacundhukaken kaliyan kawontenan saha kabetahan pasamuwan ingkang para mitra ladosi. *Kaping kalih*, Tata Pangibadah dipun anggit kanggé pangibadah *onsite* (tatap muka) kados padatanipun. Pramila Tata Pangibadah punika sumangga kacundhukaken kaliyan kawontenan ing mangsa éndhemi punika. Wonten ing Tata Pangibadah punika kawula ugi nepangaken tetembangan anggitanipun Pdt. Joas Adiprasetya dan ibu Ria Prawira kanthi iraha-irahan “Rapuh”. Mugi tetembangan punika saged mbiyantu anggèn kita ngraos-raosaken jejer Mangsa Advèn Natal 2021. Keparenga kawula ugi nepangaken tetembangan Donga Rama Kawula anggitanipun Pdt. David Christianto Indro Cahyono saking GKI Genuk Indah Semarang.

Kawula ngaturaken agenging panuwun ugi tumrap saben panyengkuyunging para mitra kinasih kanggé mekaraken paladosanipun LPP Sinode. Mugi pakaryan sesarengan punika dados berkah tumrap sedaya tumitah.

Saking LPP Sinode, kawula ngaturaken sugeng nyamektakaken Mangsa Advèn Natal 2021. Gusti mugi ngantri lan mberkahi kita.

Ngayogyakarta Hadiningrat, Oktober 2021

Pdt. Wisnu SaptoNugroho

Pdt. Murtini Hehanussa

Dhaptar Isi

Atur Sapala	i
Dhaptar Isi.....	v

Bahan Khotbah

Minggu Advèn I [28 November 2021]	1
Minggu Advèn II [5 Dhésèmber 2021]	7
Minggu Advèn III [12 Dhésèmber 2021]	13
Minggu Advèn IV [19 Dhésèmber 2021]	19
Malem Natal [24 Dhésèmber 2021].....	25
Natal [25 Dhésèmber 2021].....	29
Minggu [26 Dhésèmber 2021]	33
Dalu Wekasaning Taun [31 Dhésèmber 2021]	45
Wiwitaning Taun [1 Januari 2022].....	51
Minggu Èpifani [2 Januari 2022]	57
Minggu Pambaptisan [9 Januari 2022].....	63

Bahan Tata Pangibadah

Minggu Advèn I [28 November 2021]	71
Minggu Advèn II [5 Dhésèmber 2021]	81
Minggu Advèn III [12 Dhésèmber 2021]	89
Minggu Advèn IV [19 Dhésèmber 2021]	97
Malem Natal [24 Dhésèmber 2021].....	107
Natal [25 Dhésèmber 2021].....	119
Minggu [26 Dhésèmber 2021]	129
Dalu Wekasaning Taun [31 Dhésèmber 2021]	139
Wiwitaning Taun [1 Januari 2022].....	147
Minggu Èpifani [2 Januari 2022]	155
Minggu Pambaptisan [9 Januari 2022].....	163

Bahan Panyuraos Kitab Suci Brayat

Panyuraos Kitab Suci Brayat 1	173
Panyuraos Kitab Suci Brayat 2	177

Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa

Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa	181
Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa	187

Bahan Pakempalan Pandonga

Pakempalan Pandonga 1	191
Pakempalan Pandonga 2	197
Pakempalan Pandonga 3	203
Pakempalan Pandonga 4	209
Pakempalan Pandonga 5.....	215
Pakempalan Pandonga 6	221

BAHAN KHOTBAH

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

KHOTBAH
Minggu Advèn 1
Minggu, 28 Novèmber 2021

Wosan 1: Yérémia 33:14-16
 Tanggapan: Masmur 25: 1-10
 Waosan 2: 1 Tesalonika 3:9-13
 Injil: Lukas 21:25-36

Ngrimat
Gesang srana
Pandonga

GO&O

KHOTBAH JANGKEP

“Ngrimat Gesang Srana Pandonga”

Punapa punika pandonga? Menawi pitakènan punika kaajengakn dhateng kita, kita badhé gadhah wangulan ingkang manéka-warni. Sapérangan badhé mangsuli bilih pandonga punika ambeganing tiyang pitados lan sapéragan malih badhé wangulan pandoga punika sarana kanggé mbangun sesambetan kaliyan Gusti. Pitakènan salajengipun inggih punika punapa kita saèstu sampun ndedonga kanthi pangertosan kasebut? Utawi malah gèk-gèk kita ndedonga namung awit formalitas tanpa sinarengan penghayatan ingkang lebet. Pandonga punika kados-kados satunggaling bab ingkang celak sanget kaliyan gesang kita, nanging mboten ateges ndedonga gampil katindakaken.

Ing bukunipun ingkang sesirah Ndedonga kanthi Jujur, William A. Barry nyoroti kalimrahan kita ing slebeting ndedonga. Anggèn kita ndedonga mboten masrahaken sedaya dhumateng kersanipun Gusti, ingkang asring kedadosan kita malah meksakaken pikajeng kita dhumateng Gusti. Kita kanthi mantep yakin bilih inggih pikajeng kita ingkang paling saé ing gesang kita. Lantaran pengertosan ingkang kados mekaten punika saleresipun kita nembé nuju dhateng persoalan ingkang sérius inggih punika nalika punapa ingkang kita suwun mboten maujud, kita lajeng rumaos cuwa dhumateng Gusti lan ingkang

langkung awon kita badhé nggugat Gusti ingkang mboten tumindak punapa-punapa lan mboten preduli dhateng gesang kita.

Inggih saking fénomena kados mekaten punika lajeng ing bukunipun Barry mrayogékaken kita ngénggalaken cara anggèn kita menghayati pandonga. *“Padonga mboten kanggé ngéwahi rancanganipun Gusti, nanging ing pandonga kita nyenyuwun supados kita ingkang kaéwahan pitados dhumateng pangrèhipun Guti.”* Kanggé nggayuh bab punika, kita mbetahaken kedhisiplinan ing gesang pandonga kita lan ingkang sami pentingipun inggih punika kita kedah kanthi jujur ngaturaken dhumateng Gusti punapa ingkang nembé kita alami lan ingkang dados taruning batos (*pergumulan*) kita.

Kajujuran ing salebetung pandonga sanès bab ingkang gampil. Kita asring ajrih nindakaken kajujuran ing salebetung kawontenan lan pangraos kita awit kita ajrih badhé natoni manahipun Gusti lan ajrih dhateng paukuman ingkang badhé kaparingaken déning Gusti. Kanggé tumindak jujur ing pandonga, ingkang penting kita sadhari inggih punika rélasi kita kaliyan Gusti inggih punika kados-déné relasi kaliyan kanca raket. Nalika sesambutan kaliyan Gusti kita raosaken kados-déné kanca raket, kita mboten badhé lingsem lan pakewuh ngaturaken sedaya kakirangan lan keringkihan kita. Lantaran kajujuran ing salebetung rélasi memitran kaliyan Gusti, kita badhé ngalami landheping pangraos (*kepekaan*) lan saged ngraosaken pengalaman anggènipun Gusti preduli lan katresnanipun ingkang nyata sanget ing gesang kita saben dhetikipun.

Bab ingkang saèmper ugi dipun raosaken déning juru-masmur. Ing waosan Masmur kita manggihaken bilih juru-masmur ngraosaken Gusti minangka ingkang rawuh lan adil dhateng tiyang-tiyang ingkang setya dhumateng Panjenenganipun. Ing pandonganipun kasebut juru-masmur nélakaken kanthi jujur punapa ingkang ndadosaken ajrih lan kuwatosing manahipun inggih punika bab “wirang”. “.....mugi kawula sampun ngantos nandhang wirang....” lan “nanging tiyang ingkang nglampai cidra tanpa sebab punika manggih

wirang" (ayat 2-3). Juru-masmur ngraosaken bilih tiyang-tiyang ingkang suméndhé dhumateng Gusti Allah lan setya dhumateng dhawuhipun mboten badhé nandhang wirang. Kosok-wangsulipun, tiyang duraka lan ingkang mboten tepang kaliyan Gusti Allah badhé nandhang wirang. Pandonga panyuwunan supados mboten nandhang wirang, malah sampaun ngantos nandhang wirang, punika asring kapapanaken sejaraj kaliyan pangajeng-ajeng supados lawan, panutuh, lan mengsah (dadosa bangsa manca punapa-déné bangsa piyambak) ingkang nandhang wirang. Kanthi pangertosan ingkang kados mekaten juru-masmur kanthi jujur ngaturaken dhumateng Gusti karingkihanipun ingkang awujud raos ajrih lan raos kuwatos nalika ngadhepi bebaya.

Saèmper kaliyan juru-masmur, rasul Paulus ing salebeting winatesipun lan karingkihanipun ugi nyuwunaken pangajeng-ajengipun dhumateng Gusti lantaran pandonga kanggé pasamuwan ing Tesalonika. Ing pandonganipun kanggé pasauwan ing Tesalonika, rasul Paulus nyenyuwun dhumateng Gusti: "*Sarta manèh, muga Gusti kersa ndadékaké katresnanmu nganti lubèr marang sadulur lan marang kowé kabèh, padha kaya anggonku iya padha nresnani kowé. Muga Panjenengané kersa nyantosakaké atimu, supaya tanpa cacad lan suci ana ing ngarsané Gusti Allah iya Rama kita mbésuk samangsa Gusti Yésus, iya Gusti kita, rawh binareng ing sakehé para suci kagungané.*" (ayat 12-13). Ing satengahing pitakènan bab rawuhipun Gusti Yésus ingkang kaping kalih, rasul Paulus ngersakaken pasamuwan Tesalonika ugi saged munjeraken punapa ingkang saged katindakaken déning pasamuwan Tesalonika nalika ngantos-antos rawuhipun malih Gusti Yésus. Rasul Paulus nyenyuwun dhumateng Gusti ing pandonganipun supados pasamuwan kasagedaken lan kakiyataken njagi kasucèning manah temah mboten cacad ing salebeting ngantos-antos.

Déné ing Injil kanthi tandhes Gusti Yésus ndhawuhi para murid supados jumaga lan ndedonga nalika ngantos-antos "dinaning Gusti". Gusti Yésus ngèngetaken para murid lan ngajak para murid supados wasapada. Temtu kémawon para

murid wekdal semanten ngraosaken karingkihaning dhiri ingkang nyata. Para murid ngraosaken ajrih lan was-was ing salebetung ngadhepi “dinaning Gusti” ingkang ngegirisi sanget. Pirsan punika Gusti Yésus nyawisaken supados para murid mboten kandheg ing raos ajrih lan was-was, ananging supados para murid saged ngadhepi “dinaning Gusti” srana manteping manah kanthi cara njagi dhiri lan njagi gesang pandonga. Srana njagi dhiri, manah badhé saged dipun kendhaléni saking tumindak ingkang damel mabuk, pista, lan kapentingan duniawi. Ing sisih sanès njagi gesang pandonga mujudaken upadi ingkang nyata kanggé nyingkiri karingkihan. Wasana, pangandikanipun Gusti Yésus cetha sanget bilih ing salebetung ngadhepi dinten ngajeng ingkang mboten gumathok kita kadhwuhan njagi dhiri lan njagi gesang pandonga, kalih prekawis punika mboten kapisahaken. Srana mekaten saged ndadosaken kita tetep kukuh lan mantep senadyan kita mboten mangertos punapa ingkang badhé kelampahan.

Dinten ingkang badhé kelampahan, jaman akhir utawi “dinaning Gusti” punika mboten saged kita pahami lan kita temtokaken sawetahipun. Ing waosan lèksionari kita manggihaken bilih gegayutan kaliyan dinten ingkang badhé dhateng kagamaraken srana kalih kawontenan ingkang bédha sanget. Ing tèks Yérémia lan Masmur ingkang dipun tandhesaken punika Gusti badhé ngluwari lan mulihaken bangsa Israël ingkang ing wekdal semanten ngalami tarunging manah (*pergumulan*). Ing sisih sanès saking tèks Lukas “dinaning Gusti” kagamaraken kanthi ngajrihaken sanget kakanthènan “worsuh” ingkang kedadosan ing skala kosmis. Inggih mekaten gegambaran ingkang kapratélakaken, ananging kados punapaa bab punika tetep mujudaken mistéri ing gesang kita. Ing wekdal pangantu-antu kita kaajak mboten namung larut ing pitakènan “*kapan bab punika kelampahan?*” lan “*punapa ingkang badhé kedadosan?*”. Nanging kita ugi kaajak ngraos-ngraosaken (*bergumul*) kanthi saèstu kanthi pitakènan “*punapa ingkang saged kula tindakaken?*” awit inggih srana miwiwit kanthi pitakènan punika kita mboten badhé kakungkung ing patrap ingkang pasif (*namung ngantu-antu*)

ananging kita tumut aktif ing salebetung methukaken mangsa ingkang badhé dhateng punika.

Kita kaajak tetep pitados dhumateng Pangrèhipun Gusti ing gesang punika. Inggih awit saking pitados punika kita kasagedaken tetep jumangkah manggili saben mistéri ingkang wonten ing ngajeng kita. Upadi ingkang saged kita tindakaken inggih punika kanthi cara njagi rélasi kaliyan Gusti lantaran gesangging pandonga kita. Pandonga mujudaken sarana kanggé ngaturaken saben raosing manah kita dhumateng Gusti kanthi jujur. Pandonga mujudaken tumindak nyata ingkang saged kita tindakaken. Pandonga punika mboten pasif awit lantaran pandonga kita kasagedaken ngraosaken éwah-éwahan ing dhiri kita lan mbereg wontenipun éwah-éwahan ing solah tingkah padintenan kita. inggih saking ngriku lajeng badhé muncul semangat kabecikan inggih punika upadi kanggé ndhatengaken kasaénan tumrap sedaya titah ingkang wonten ing sakubeng kita.

Wonten cariyosipun tiyang ingkang nggadhahi pepénginan ingkang mulya sanget inggih punika kepéngin ngéwahi gesangging jagad. Cariyosipun kinten-kinten mekaten:

"Wektu isih enom, aku iki révolutionèr lan aku tansah ndedonga: Gusti, mugi maringi kawula kekiyatán kanggé ngéwahi jagad!" Nalika aku wis setengah tuwa lan sadhar yèn separo uripku wis kliwat tanpa ngowahi wong senadyan mung siji, aku ngowahi pandongaku dadi: *"Gusti, mugi maringi kawula rahmat kanggé ngéwahi sedaya tiyang ingkang sesambutan kaliyan kawula: brayat lan kanca-knca kawula, lan kawula badhé rumaos marem."* Saiki nalika aku wis tuwa lan wektu matiku wis cedhak, aku wiwit weruh saiba bodhoku. Pandongaku saiki mung: *"Gusti, mugi maringi kawula rahmat kanggé ngéwahi dhiri kula pribadi."* *"Saupama wiwit wiwit mula aku ndedonga kaya ngono, uripku ora pati taksiya-siya!"* (Anthony de Mello, *Burung Berkicau*)

Cariyos kasebut ngèngetaken kita bilih ing pandonga kathah bab ingkang kepéngin kita éwahi. Senadyana kepireng saé nanging menawi mboten sinarengan niat lan kasadharan kanggé ngéwahi dhiri pribadi mila sedaya badhé nglaha. Awit sejatinipun pandonga mboten kanggé ngéwahi rancanganipun Gusti, nanging ingkang utami pandoaga punika upadi kanggé ngéwahi dhiri kita supados pitados dhumateng panganthinipun Gusti ing gesang kita. Amin.

[AYA-WMS]

**KHOTBAH
Minggu Advèn 2
*5 Dhésèmber 2021***

Waosan 1: Maléakhi 3:1-4
 Tanggapan: Lukas 1:68-79
 Wosaan 2: Filipi 1:3-11
 Injil: Lukas 3:1-6

**Senadyan
Meprel,
Punapa
Panjenengan
Kersa
Kautus?**

©O&O

KHOTBAH JANGKEP

**“Senadyan Meprel, Punapa Panjenengan Kersa
Kautus?”**

Para sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti,

Utusan gadhah tanggel jawab ingkang ageng, ing antawisipun nglantaraken pawartos kanthi saleres-leresipun dhateng sinten piyambakioun kautus. Mekaten ugi utusan menawi kautus nindakaken satunggaling bab, temtu utusan kasebut ugi kedah saged nindakaken ing sasaé-saénipun. Ningali tanggel jawab ingkang ageng, punika ateges bilih imgkang ngutus sampun mangertos kasagedanipun tiyang ingkang kaiutus sarta sepinten awratipun tugas ingkang kaparingaken.

Limrahipun utusan dipun sangoni (arta, ilmu, pawartos, utawi punapa kémawom ingkang dipun betahaken), pangertosan bab tugas kasebut, sarta sampun kacawisaken kanthi saé. Sajakipun mboten wonten pangutus ingkang asal-asalan milih utusan, punapa malih kanggé tugasipun ingkang mboten ènthèng. Malah utusan punika menawi saged tiyang ingkang sampun dipun tepangi kanthi saé lan pinitados.

Para sedhèrèk ingkang dipun kasihi dèning Gusti,

Ing waosan kita dinten punika kacathet pribadi-pribadi ingkang kautus kanggé nindakaken ayahanipun Gusti Allah. Tiyang-tiyang punika kautus ing satengahing jagad ingkang ngalami tarunging manah (*bergumul*), jagad ingkang meprel (*rapuh*). Punapa tiyang-tiyang punika sami bébas saking kawotenan meprel? Mboten babar pisan. Para utusan punika ugi nggadhahi tarunging batos. Éwasemanten, tiyang-tiyang punika siyaga dados utusan. Kapitadosan dhumateng Gusti Allah sumbering pangkuhan. Akibatpun srana pangkuhan punika sami saged martosaken pawartos ingkang dipun bekta.

Waosan-waosan ing minggu Advèn ingkang kaping kalih ngajak kita ningali pawartos-paworts ingkang kabekta déning para utusanipun Gusti kanggè ngénetaken, ngukuhaken gesang.

Maléakhi ngénetaken bilih badhé wonten utusan saking Gusti Allah ingkang nyawisken lan mesthèkaken umat sarta para imam mbekta pisuhgsung kurban ingkang pantes dhateng Padaleman Suci. Umat ingkang meprel awit dosa kaénetaken supados énggal mratobat saking solah tingkahipun ingkang klèntu sedèrèngipun Gusti Allah rawuh ndadak kanthi paukumanipun.

Israèl ringkikh awit dipun kendhalèni déning mengsa. – Yokanan Pembaptis rawuh mbikak pagajeng-ajeng kanggé Israèl. Yokanan Pembaptis rawuh mbikak margi kanggm rawuhipun sumbering pagajeng-ajeng. Yokanan Pembaptis ngajak umat mangayubagya lantaran gesang ing salebeting pamratobat.

Ing Injil Lukas 3:3 dipun cariyosaken kados pundi Yokanan Pembaptis ingkang kautus déning Gusti Allah ngumandhangaken pawartos pamrtobat dhateng tiyang-tiyang ingkang wonten ing sakupengipun tlatah Yordan. Tembung pamratobat saking basa Yunani: *metanoia*. Tembung punika ngemu teges pamratobat inggih punika pitobating manah lan budi ingkang maujud ing tumindak nyata ing gesang padintenan. Tumindaking pamratobat sajatosipun muncul saking patraping iman, salajengipun dados pilihan pola pikir (*mind-set*), pola kerja (*hand set*), lan pola raos (*heart set*).

Salajengipun, ing ayat 6 kaserat kanggé saben tiyang ingkang badhé gesang ing salebeting timbalan pamratobat. Sedaya tiyang ingkang gesang ing salebeting pamratobat badhé ningali kawilujengan saking Gusti. Kawiwan aaking ngriki, pinanggih gambaran bilih pamratobat dados pintu mlebet kanggé ningali kawilujengan ingkang saking Gusti. Bab punika mulangaken dhateng kita wontenipun patrap pasif mujudaken pangajeng=ajeng. Patrap ingkang lelawanan kaliyan patrap pasif inggih punika sumadya tumindak. Ing salebeting kawontenan ingkang mboten gumathok punika, pamratobat kawujudaken lantaran pandamel nyata. Wonten kathah tunindak nyata saged katindakaken. Ngurug jurang, ngradinaken punthuk lan redi, margi ingkang mboten lempeng. Mendhak-mendhukul ing wekdal samangkjé dipun mangertosi minangka “tandang gawé” nindakaken padamelan ingkang dipun pitadosaken déning Gusti dhateng kita. Inggih punika patraping gesang ing pamratobat ingkang kawujudaken saben dinten.

Rasul Paulus paring tuladha bab upadi “tandang gawé” ing satengahing kawontenan meprel punika. Rasul Paulus ngraosaken karingkihan ingkang dipun sandhang. Rasul Paulus ngucap sokur awit Gusti Allah paring pangkuhan dhateng utusan ingkang meprel punika. Pasamuwan ing Filipi nindakaken pandamel saé ingkang nyengkuyung pangutusanipun. Pakaryanig katresnan ingkang katindakaken déning pasamuwan Filipi punika katindakaken kanthi dhasar anggénipun ngraosaken sih-palimirmanipun Gusti Allah. Srana mekaten, pasamuewan saged mangertos milih punapa ingkang paling saé, lan gesangipun badhé resik saking kuciwa/mboten cacat dumugi dintenipun Sang Kristus.

Para sedhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti,

Kita wekdal punika ugi kautus ing satengahing jagad ingkang meprel sinambi ngantu-antu rawuhipun malih Gusti. Kados-dènè para utusanipun Gusti Allah ing waosan kita ingkang nindakaken ayahan ing kawontenan prihatos nalika semanten, mekaten ugi kita kautus.

Sapunika kita ugi kautus dhateng jagad ingkang kawarna dèning sawernining problematika. Problematika ingkang asring kawiwitan dèning manungsa ingkang groboh. Groboh punika ugi wujuing égoisme kita. Minangka conto, bumi kita ingkang sangsaya dinten sangsaya kebak dèning uwuh ingkang angèl dipun udhari (*terurai*) lan sepérangan ageng mlebet dhateng seganten. Mboten prelu nengga sawetawis taun utawi dasanan taun, sapunika para makhluk ingkang manggèn ing seganten sampun nampi akibating uwuh ingkang dipun bucal dèning manungsa. Ing minggu Advèn kaping kalih punika kita kautus wicaksana malih ing salebetung migunakaken barang sekali pakai ingkang angèl dipun udhari (*terurai*). Punapa panjenengan naté ngétang pinten uwuh ingkang kaasilakae déning saben brayat ing saben dintenipun? Cobi dipun pingaken kaliyan cacahing brayat ing jagad punika!

Kawontenan nyata ing jagad punika mboten namung ing bab uwuh lan lingkungan ingkang nampi pituwasipun. Kita kaèngetaken bilih tanggal 3 Dhésèmber punika Dinten Disabilitas Internasional. Sepinten anggèn kita preduli memperjuangkan hak para difabel ing babagan pendhidhikan, keséhatan, padamelan lan infrastruktur ramah penyandhang disabilitas? Wiwit saking brayat menawi ing antawisipun pasamuwan ingkang brayatipun penyandhang disabilitas, utawi saged ugi saking pasamuwan. Kados pundi kapredulènipun pasamuwan ing salebetung migatoaken ugi pangibadah kanggé para warga difabel ing mangsa pandhemi punika?

Para sedhèrèk, menawi kita purun langkung jujur lan preduli, saleresipun kathah sanget ingkang kedah kita tindakaken. Saking ingkang ketingalipun sepélé nanging ageng akibatipun, dumugi tumindak ageng. Gusti ngutus kita ing satengahing jagad punika mboten namung kanggé *bertahan hidup* lan nglirwakaken kawontenaning jagad punika, nanging kita kautus kanggé markarya.

Saben jawaban saking pitkènan “Senadyan Meprel, Punapa Panjenengan Kersa Kautus?” ngemu konsekuensi ageng. Menawi kita mangsuli “mboten” bumi punika badhé sangsaya kapiran lan para sedhèrèk kita ingkang ing pinggiran

sangsaya kapinggiraken. Ananging menawi kita wangsuman “inggih” saged ugi kita badhè sangsaya manggihaken iba meprelipun kapredulèn kita, lan kados pundi anggèn kita mboten kuwawi tanpa pitulunganipun Gusti.

Sapunika, punapa wangsuman panjenengan? Punapa kersa kautus kanthi temen-temen makarya ing jagad punika? Amin.

[COW-WMS]

KHOTBAH
MingguAdven 3
Minggu, 12 Dhésèmber 2021

Waosan 1: Zéfanya 3:14-20
 Tanggapan: Yésaya 12:2-6
 Waosaan 2: Filipi 4:4-7
 Injil: Lukas 3:7-18

**Punapa ta
 Tuking
 Kabingahan
 Panjenengan
 punika?**

CO&O

KHOTBAH JANGKEP

“Punapa ta Tuking Kabingan Panjenengan Punika?”

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ingkang ngasihi Gusti.

Lilin jambon kasumed ing Minggu Adèen Kaping tiga punika, tandha dhatengnipun dinten Minggu Advèn Kabingahan (*Minggu Gaudete*). Cahya lilin ngèngataken kita bilih Gusti Yésus rawuh ing salebeting pepetenging gesang kita ngasta kabingahan lan pangajeng-ajeng. Kabingahan natal punika sampun celak, sampun wiwit kita raosaken, nanging dèrèng sawetahipun. Kabingahan punika dèrèng wetah awit kita taksih wonten ing lelampaahaning gesang ing jagad, ngantos-antos rawuhipun Gusti Yésus Kristus ingkang kaping kalih.

Jagading gesangipun manungsa kacirèn déning karapuhan, ing pundi kasaénan lan kadurakan, katulusan lan kabodhoan, kaapesan lan kabegjan rincóncé awujud mawarni-warni kedadosan ing gesang padintenan kita. Malah, kadhang kala ing satengahing kanyatan padintenan punika, kita angèl mangsuli patakénan, “Apa ta tuking kabungahanmu?” Asring, kita rumaos remen lan mimpang wonten ing bab-bab ingkang kawarna déning patrap mentingaken dhiri lan tumindak mboten adil.

Wonten ilustrasi ingkang ndudut manah saking Anthony de Mello bab kodrating manungsa ingkang asring kawarna déning patrap anggènipun mentingaken dhiri lan tumindak mboten adil, kados ing ngandhap punika:

“Tiyang kalih ingkang mbebedhag gadhah prekawis lajeng aben ajeng ing pangadilan. Ingkang setunggal pitakèn dhateng pambélanipun, punapa mboten saé atur bebingah ayam alas sajodho dhateng hakim? Pembéla kagèt. “Hakim punika mongkog sanget awit piyambakipun mboten purun korupsi,” ngendikanipun. “Tumindak kados mekaten badhé nuwuhaken kawusanan kosok-wangsul tinimbang punapa ingkang panjenengan kersakaken.”

Sasampunipun prekawisipun rampung lan piyambakipun mimpang, ngundang pambélanipun dhahar sareng lan atur panuwun dhateng pambélanipun awit pitedahipun sesambutan kaliyan ayam alas wau. “Pirsa, kula ngintun ayam alas wau dhateng hakim,” ngendikanipun, “nanging atas namining lawan kita.”

Tumindak mboten adil lan pementingan dhiri sampun dados oyoding kadurakan ing donya. Bab punika kacathet ugi ing Kitab Suci minangka ujuding dosa-dosaning manungsa ingkang nglawan Gusti Allah. Ing Kitab Zéfanya lan Kitab Yésaya kagambaraken kados pundi Israël sampun makaping-kaping tumindak dosa nindakaken kadurakan pementingan diri, kaangkuhan, lan tumindak mboten adil dhateng tiyang sanès. Malah Israë gesang nerak prajanjian kaliyan Gusti Allah srana nyembah brahala-brahalanipun bangsa sanès. Nanging makaping-kaping ugi Gusti Allah ngutus nabi-nabinipun kanggé milujengaken Israël.

Ing satengahing kawontenan dhawahipun Israël ing dosa, nabi Zéfanya maringi pawartos saking Gusti ing bab rawuhipun dinaning Gusti ingkang nggegirisi kanthi paukuman dhateng tiyang–tiyang ingkang dosa dhumateng Gusti. Zéfanya

ugi nguwuh-uwuuh dhateng Yéhuda ing bab pamratobat dhumateng Gusti supados wangsul dhumateng pranataning Gusti, pados kaadilan, pados sumlondhohing manah, lan ngajeng-ajeng dhumateng pangayomanipun Gusti ing dinten dukanipun Gusti. Ing papréintahanipun raja Yosia, Yéhuda dipun eneraken supados wangsul dhumateng Gusti. Waosan lèksionari kita ugi nyathet (Zéfanya 3: 14-20) kados pundi Gusti Allah sampun nyinkiraken (nebihaken) paukumanipun tumrap Israël. Gusti Allah tumindak ngénggalaken Israël.

Mekaten ugi ing jamanipun nabi Yésaya, pawartos ing bab kawilujenganipun Gusti Allah lan pakaryaning pangluwaranipun tansah kapratélakaken. Nabi Yésaya nyaruwé pangramanipun umat Israël ing bab prasetyanipun kaliyan Gusti Allah. Sedaya punika badhé ndhatengaken paukuman tumrap Israël. Gusti Allah badhé ndhatengaken bangsa-bangsa manca (Asyur) kanggé ngremuk Yérusalém. Punika kadya latu ingkang badhè mbesmi tuntas polah tingkahipun Israël ingkang nyimpang. Saking bangsa ingkang dipun murnékaken punika, badhé wonten sisanipun umat énggal ingkang setya dhumateng Gusti Allah.

Saking kalih kedadosan ingkang dipun alami déning Israël punika, cetha kagambar wohing dosa pementingan dhiri lan tumindak mboten adil ingkang ngrisak sanget. Nanging Gusti Allah ngersakaken wontenipun éwah-éwahan ingkang ngénggalaken lan nindakaken pakaryanig kawilujengan kanggé umatipun. Éwah-éwahaning patraping manahipun Israël kanggé wangsul dhumateng prasetyanipun Gusti Allah ndhatengeken kabingahan. Kacilakanipun awit kadurajanipun punika badhé sirana lan kagantos kabingahan pangapunten lan pangajeng-ajeng ing patunggilan kaliyan Gusti ingkang gesang.

Pasamuwanipun Gusti.

Réflèksi sekedhik ing bab punika wonten ing kontèks gesang kita samangké, ketingal cetha pementingan dhiri lan tumindak ingkang mboten adil ingkang ngrisak punika ugi sampun tumama ing rélasi-rélasি sosial kita lan rélasi kaliyan alam. Manungsa minangka *homo ekonomikus* sampun nindakaken

éksplorasi lan éksplotasi mbabad alam kanggé ndhatengaken kauntungan tumrap dhirinipun. Mila kita ningali, ing sawetawis papan karisakan écologis dados persoalan sérius ingkang wonten akibatipun ugi ing bab munculipun kamiskinan.

Konsultasi Dewan Gereja-gereja Sedunia (WCC) ing bab éwah-éwahan iklim ing taun 2020 nyimpulaken bilih jagad kita nembe lumampah tumuju dhateng ener ingkang nguwatosaken. Negari-negari ingkang cacahing pendhudhuk miskin ingkang ageng punika mujudaken péhak ingkang paling ngraosaken éwah-éwahan iklim punika. Ing satengahing kanyatan tumindak mboten adil punika, kados pundi patrapipun gréja? Ing mangsa advèn kados wekdal punika, kasaénan punapa ingkang saged kita tindakaken kanggé tumut ngrampungaken persoalan écologis punika?

Éwasemanten, wonten kalanipun kaapesan dhateng mboten awit amargi kalepatan, nanging awit manungsa anggènipun tumindak mboten adil. Kados-dènè lelampahanipun pasamuwan Filipi ingkang dipun aruh-aruhi dèning Rasul Paulus ing seratipun, anggènipun pendhudhuk Filipi tumindak mboten remen dhateng tiyang Kristen nuwuhaben patrap memengsahan lan kekerasan dhateng pasamuwan punika. Ing kawontenan ingkang kados mekaten, rasul Paulus ngiyataken pasamuwan supados sami kukuh ing imanipun. Srana nyepengi pangandikanipun Gusti, umat tansah kasagedaken nglampahi gesangging kawilujenganipun kanthi sumlondhohing manah lan tetep nindakaken kasaénan, malah ugi saged sukarena ing salebeting kasisahan. Tumrap pasamuwanipun Gusti ing sawernining papan ingkang ngalami peminggiran lan dhiskriminasi, piwelingipun rasul Paulus punika njamani/rélevan. Ugi ing panandhang kita sesarengan umat manungsa awit pandhemi Covid-19 wekdal punika, kita ugi tansah dipun semangati supados saged sukarena lan dados berkah. Kaapesan panci saged mendhet kathah prekawis ing gesang kita (upaminipun kasugihan, kalenggahan lan pangkat, kaurmatan lss.), nanging mboten mendhet kamardikanipun manungsa kanggé tetep milih sukarena.

Para sedhèrèk,

Mangga kita mangayubagya rawuhipun Gusti Allah ing satengahing manungsa kanthi sukarena lan tumut ing *gerak pembaruan ciptaan* ingkang tansah maujud. Mangga kita ningali pawartos rawuhipun Mésias ingkang kapratélakaken déning Yokanan Pembaptis ing peladosanipun ing Kitab Lukas 3:7-18. Panguwuhing pamratobat ingkang kapratélakaken déning Yokanan Pembaptis sampun mbikak margi kagem pakaryaning Gusti Allah ingkang ngénggalaken; lan margi amrih maujuding janji mesianik inggih punika rawuhipun Gusti Yésus Kristus. Umatipun Gusti katimbakan kanggé damel gesangipun kawara déning gesang ingkang kaénggalaken lan kabingahaning kawilujengan.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi lan ngasihi Gusti Allah.

Wusaninanipun mangga ing minggu Advèn kaping tiga punika, kita ngènget-ènget sih-susetyanipun Gusti ing pakaryaning kawilujengan ingkang katindakaken déning Panjenenganipun. Inggih punika tuking kabingahan sejati: bilih Gusti Allah rawuh lan makarya ing satengahing gesang kita. Sugeng nindakaken taruning batos (*bergumul*) lan berjuang kaggé ndhèrék Gusti kanthi gansah ngudi ngasilaken woh ing gesangging pamratobat kanthi pitulunganipun Sang Roh Suci. Mangga tumut kiprah kanthi aktif kanggé pulihing titah. Kita saged miwiti srana bab-bab alit ing sakiwa tengen kita ingkang saged kita tindakaken, srana sih ingkang ageng lan temen-temen. Sugeng milih gesang ing salebeting nindakaken kaadilan, kajujuran, andhap asoringng manah lan mboten mendhet kauntungan dhiri pribadi. Natal sampun celak, mangga tetep sukarena malah ing sawrnining kasisahaning gesang—awit ing ngriku Gusti rawuh.

KHOTBAH**Minggu Advèn 4***Minggu, 19 Dhésèmber 2021*

Waosan 1: Mikha 5:1-4b

Tanggapan: Lukas 1:46b-55

Waosan 2: Ibrani 10:5-10

Injil: Lukas 1:39-45 (56-55)

**“Pepanggihan
Nglangkungi
Karapuhan”****KHOTBAH JANGKEP****“Pepanggihan Nglangkungi Karapuhan”**

Ibu-bapak/Sedhèrèk lan adhik-adhik ingkang kinasihan déning Gusti,

Punapa kita naté menggalih bab sepinten pentingipun wontenipun kita ing satengahing brayat, ing satunggaling pakempalan, patunggilan, ing papan panyambut damel utawi ing peladosan?

Punapa kita naté menggalih nalika kita mboten wonten ing ngrika, mboten kados padatan, punapa kita badhé dipun kangeni utawi malah muji sokur awit kita mboten wonten ing ngrika? Saking ngrika kita saged pitakèn: punapa wontenipun kita ing satunggaling papan/pakempalan saged nuwuhaken kathah makna ing saben rélasi ingkang kita cipta? Punapa wontenipun kita ing ngrika saged nuwuhaken semangat tumrap rélasi ingkang kabangun? Utawi, punapa wontenipun kita malah mbekta karisakan tumrap lingkungan ing pundi kita mapan?

Ibu-bapak/Sedhèrèk lan adhik-adhik ingkang déning Gusti,

Pepanggihan ing antawisipun Élisabet lan Maryam ngemu kakiyatán ingkang positif sanget. Pepanggihan punika sami-déné mbereg ing salebeting ngadhepi kanyataning gesang (*pergumulan*). Élisabet lan Maryam sami-sami gadhah taruning manah (*pergumulan*). Wiwitanipun Élisabet ngalami taruning manah anggènipun ngantos-antos anak. Kala semanten Élisabet sampun pasrah dhateng kawontenan awit ngrumaosi umuripun ingkang sampun mboten eném malih, déné Maryam panci dèrèng ngajeng-ajeng gadhah anak awit taksih wonten ing salebeting pepacangan kaliyan Yusuf. Pramila nalika nampi pangandika saking malaékat, sampun samesthinipun ngraosaken taruning manah ingkang awrat.

Ing taruning manahipun (*pergumulannya*) Élisabet lan Maryam mbetahaken pangukuhan. Lan nalika pepanggihan, Élizabet lan Maryam sami-déné nampi pangukuhan. Pawartos ingkang wiwitanipun mantheng sanget, éwah dados pawartos kabingahan, temah sami-déné asung berkah lan sami-déné andum kabingahan. Kados pundi anggènipun andum berkah? Ing waosan kita dinten punika, kaserat: Maryam ingkang mlebet griya atur salam dhateng Élisabet. Salam punika kawales srana salam berkah ingkang kaaturaken Élisabet dhateng Maryam (ayat 42b): *"Kowé iku binerkahan ana ing antarané wong wadon kabèh, apa-manèh binerkahana wohing kandhutanmu..."*

Ibu-bapak/Sedhèrèk lan adhik-adhik ingkang kinasihan déning Gusti,

Menawi kita maos aruh-aruh arupi salam punika, kita sumerep gegambaran kawontenan ingkang kapenuhan ing kabingahan, senadyan kita mangertos bilih sawetawis wekdal kepengker kawontenanipun bédá. Sadèrèngipun, kawontenan kebak ing kabigungan, raos ajrih, raos mboten pitados lan sedaya raos ingkang nglindhilih sanget. Pepaggihan punika sampun mbikak satunggaling ruwang énggal. Ruwang ingkang kebak déning pangajeng-ajeng lan tresna. Kawontenan punika

nuwuhaken semangat ingkang ndadosaken kekalihipun samidéné anggènipun kangen, sami-déné anggènipun rerangkuluan lan ngrangkul ing salebetung tanpa daya sarta karapuhan.

Kedadosan pepanggihan ing antawisipun Maryam lan Élisabet nuwuhaken kekiyatán énggal ingkang lair saking lebeting manah. Saking ngriku anggènipun sami-déné andum salam lan berkah saged ngatasi karapuhaning kamanungsinipun.

Ibu-bapak/Sedhèrèk lan adhik-adhik ingkang kinasihan déning Gusti,

Nalika ngrembag bab pepanggihan, kita saged sinau saking pengalaman iman ingkang dipun alami Bundha Térésa. Wekdal semanten panjenenganiun badhé nindakaken lelampahan retrèt. Penejenganipun pinanggih tiyang pepriman ing setasiun sepur. Pepanggihan punika dados pengalaman ingkang aos tumrap peladosanipun Bhunda Térésa anggènipun ngladosi tiyang-tiyang ing Kalkuta. Ing satengahing karapuhan kamanungsan ingkang dipun pirsani déning Bundha Térésa, pranyata wonten semangat énggal tumrap dhirinipun supados siyaga ngladosi ing lingkup ingkang langkung wiyar. Panjenenganiun nyerat, “*Ing sajroning karapuhan kamanungsanku iki, aku nemu sih-rahmating Gusti Allah kang ndadékké aku sangsaya kuwat kanggo nampa sih-katresnaning Gusti supaya bisa takteruské marang sedulur-sedulurku kang mbutuhaké sih-katresnané Gusti.* (Mother Teresa Come Be My light).

Sih-rahmat ing KBBI ngemu teges: welas-asih, kerahiman, peparing lan berkah. Henri Nouwen nandhesaken bilih: *Welas-asih mujudaken satunggaling kasagedan kanggé mapanaken dhiri ing pangraos, pikiran lan kawontenan èksistènsialipun tiyang sanès.* Déné kerahiman punika gambaran satunggaling kawontenan utawi ngayomipun sawetahing jiwa-jiwa, mliginipun tiyang-tiyang ingkang ngrumaosi dhiri dosa lan cilaka. Déné sih-rahamat lan berkah punika punapa ingkang dipun paringaken/dipun titipaken/

dipun pitadosaken déning Gusti dhateng kita, kita sukuri lan kita dumaken dhateng tityang sanès.

Ibu-bapak, sedhèrèk ingkang kinasih,

Kados pundi pepanggihan ing mangsa pandhemi? Rak kita dipun awisi mboten ngawontenaken pepanggihan kaiyan tiyang sanès kanggé kasaénan sesarengan. Menawi mekaten, punapa saged kawastanan bilih pepanggihan sampun dados bab ingkang mboten njamani/rélevan lan mboten penting malih? Sedayanipun wang sul dhateng kita, kados pundi kita negesi punapa ingkang sinebut pepanggihan. Temtunipun pamawas bab pepanggihan ing antawisipun Maryam lan Élisabèt punika béda kaliyan wawasan kita ing bab pepanggihan ing mangsa pandhemi wekdal punika. Setunggaling pepanggihan ing wekdal sapunika, mboten saged namung kaukur saking wontenipun pepanggihan secara fisik. Pepanggihan lantaran medhia sosial utawi fasilitas sanèsipun saged kagolongaken pepanggihan. Mila pepanggihan ing wekdal sapunika mboten namung ngemungaken pepanggihan fisik nanging kwalitasing pepanggihan punika. Maryam lan Élisabét ingkang kepanggih lajeng sami-déné ndongakaken lan mberkahi dados kakiyatan ingkang ageng ingkang nyagedaken nampi kanyatan ingkang kedah dipun adhepi. Kwalitasing pepanggihan punika wonten ing anggènipun sami-déné ndongakaken, sapa-aruh kanthi suka salam (tentrem rahayu).

Mangsa pandhemi punika sampun mulangaken dhateng kita kathah bab gegayutan kaliyan maknaning pepanggihan. Kegiatan ingkang katindakaken ing mangsa pandhemi nedahaken kalih modhèl: *online utawi onsite*. Kalih modhèl punika sajatosipun nélakaken bab ingkang sami ing bab wonten ing ngriku (*kehadiran*) senadyan kanthi cara ingkang béda. Senadyan taksih asring dados pro lan kontra, nanging kita kaajak nampi lan njumbuhaken dhiri kita kaliyan kanyatan punika. Kawontenan punika mulang kita kanggé ningali bilih wontenipun kita ing ngriku mesthinipun langkung dipun raosaken ing bab kwalitasing pepanggihan punika, inggih punika pepanggihan ingkang mberkahi.

Ibu-bapak/Sedhèrèk lan adhik-adhik ingkang kinasihan déning Gusti,

Pepanggihan wonten maknanipun ingkang ageng, nalikanipun kita saged ngaosi bilih saben pepanggihan kaliyan sinten kémawon kanthi cara punapa kémawon sarta ing kawontenan ingkang kados punapa kémawon dipun tingali minangka caranipun Gusti Allah maringaken sih-rahmatipun dhateng sesami lantaran kita. Pepanggihan ingkang sami-déné neguhkaken punika kaagem déning Gusti Allah amrih wontenipun tentrem rahayu. Pramila, sejatinipun mboten kaliyan sinten kita pinanggih utawi kados pundi pepanggihan punika kelampahan, nanging kwalitas lan makna punapa ingkang nembé kita dum lantaran pepanggihan punika. Mugimugi kita kasagedaken ngalami pepanggihan kanthi sihipun Sang Kristus ing lampahing gesang kita ijèn-ijèn supados saben pepanggihan ingkang kelampahan nglangkungi karapanuan. Gusti mberkahи. Amin.

[MM-WMS]

KHOTBAH Malem Natal

Jumat, 24 Dhésèmber 2021

Waoasan 1: Yésaya 9:2-7

Tanggapan: Masmur 96

Waosan 2: Titus 2:11-14

Injil: Lukas 2:1-20

Sang Nata ingkang Dados Meprel



KHOTBAH JANGKEP

“Sang Nata ingkang Dados Meprel”

Pasamuwan ingkang dipun tresnani lan ingkang nresani Gusti....

“Bigger is always better” punika ungelina quote saking salah setunggalin tokoh kawentar asal Amerika ingkang nama Adam Savage. Kadhang-kala inggih mekaten *mindset* kita minangka panitya natal ing gréja, kabukti *budget* kanggé pahargyan Natal saben taun langkung ageng katimbang minggu limrah. Damel pohon natal ingkang “paling ageng, paling unik, paling kerèn, lsp. Kadhang-kala malah dados bab ingkang paling dipun galih déning panitya Natal. Liripun damel pohon natal ingkang *instagramable!* Mal-mal mekaten ugi, balapan damel rerenggan natal paling saé nanging kanthi tokoh-tokoh animasi ingkang nembé *viral* ing masyarakat.

Cobi dipun setitèkaken punapa Gusti Yésus ingkang wonten ing pamakanan ugi wonten ing rerenggan ingkang kadamel ing gréja utawi ing mal? Gèk-gèk sinareng mlampahing wekdal Gusti Yésus mboten dados punjer malih ing pahargyan Natal kita. Kita ngageng-agengaken Natal nanging Gusti Allah ingkang Maha samukawisipun malah sangsaya alit dados manungsa ingkang meprel. Saged kawastanan inggih punika paradoks Natal ingkang asring kedadosan ing wekdal samangké.

Dados meprel

Manungsa pundi ta ingkang purun dados meprel? Kita tansah kepéngin dados kiyat, séhat, lan gadhah umur panjang. Kadhang kita malah pados kakiyatan “mistis” tambahan kanggé nambah kiyating dhiri. Manungsa panci condhong kepéngin gadah ingkang langkung lan kepéngin nglangkungi tiyang sanès, menawi saged malah langkug saking Gusti. Kados pundia caranipun pokokipun gèngsi kedah mindhak, punapa srana ngampil, *nyolong*, punapa ngapusi, *pokane* pas pulang kampung aku kasawang suksés dèning brayat lan warga!

Saèstu ironis awit Sang Nata ingkang kita riyayakaken miyosipun malah milih dados meprel. Gusti Allah manjalma manungsa. Miyo mboten ing kraton nanging ing kandhang kéwan lan kasèlèh ing pamakanan. Ingkang nglairaken ugi Ibu enèm ingkang namung “biasa-biasa”, mboten adharah biru lan inggil kalenggahanipun. Ingkang mangertos pawartos miyosipun lan dhateng ngriyayakaken miyosipun ugi para pangèn limrah ingkang asring nampi tindak dhiskriminasi sosial.

Dados meprel mboten lajeng mboten wonten tegesipun lan mboten wonten maknanipun. Kita prelu sadhar bilih dados meprel punika upadinipun Gusti Allah kanggé ngrengkuh kita manungsa ingkang kebak ing karapuhan. Saèstu semanten agenging sihipun Gusti Allah kanggé kita, temah kersa dados meprel sami kados kita.

Pandhemè punika ugi saleresipun mbuktèkaken bilih kita minangka manungsa punika makhluk ingkang meprel. Pandhemè ndadosaken mepreling sawernining babaganing ngagesang kita, saking keséhatan, ékonomi, sosial, pendkidkikan, lss. Pramila ing Malem Natal punika kita kaajak *mbokya kita ngrumangsani* karapuhan kita, ngeneralen manah kita dhumateng Gusti Yésus, lan rumaos ugi bilih anggènipun Gusti Yésus dados meprel punika kanggé nebus lan milujengaken manungsa.

Sang Nata

Gusti Yésus miyos nalika kaisar Rum ngawontenaken sènsus. Pramila Maryam lan Yusuf kedah mlampah 150 km tebihipun saking Nasarèt dhateng Bètléhèm. Sènsus kawontenaken kanthi sedya kanggé narik pajeg. Sènsus punika salah setunggalan wujuding *Pax Romana* (Roma ingkang tentrem). Kanggè mujudaken katentreman modhèl Rum punika kaginakaken kekerasan militer lan pameteging pajeg. Rak inggih mekaten lampahing krajan donya punika, srana panguwaos sedaya cara kaginakaken kanggé **netepi** hasrat dhiri. Katentreman asring namung dados sesanti/slogan lan janji palsu. Rakyat tetep dados golongan meprel lan tansah dipun éksplorasi.

Ing kawontenan mekaten punika miyosipun Gusti Yèsus dados penting sanget. Gusti Yésus ingkang rawuh kanthi misi mujudaken Kratoning Allah, malik tatanan kratoning jagad. Kados ingkang sampun kaweca déning Nabi Yésaya bilih badhé muncul “trubusan” énggal saking tunggakking Isai (Yés. 11). Sang Nata énggal punika inggih Sang Nataning katentreman ingkang badhé paring pangluwaran. Sang Nataning Katetreman ingkang miyos mboten ngluwari kanthi tangan wesi nanging kanthi meprel ing salebeting katresnan lan katentreman. Pramila miyosipun *powerless* sanget, tanpa daya/kekiyatán. Kekerasan kalawan kanthi sareh, sengit kalawan srana tresna, dhiskriminasi kalawan srana panampi. Sang Nata ingkang ngrengkuh para pangèn, juru-mupu-béya, para randha, para laré, tiyang sakit, malah tiyang kapir lan najis.

Rélevansi

Sasampunipun kita mangertos kadospundi Sang Nata punika dados meprel lan miyos ing satengahing jagad punika, mila punjering kawigatosan kita ingkang utami mboten malih wonten ing pernak-pernik Natal lan rerengganipun, nanging wonten ing Gusti Yésus ingkang miyos. Gusti Yésus ingkang mujudakan katentreman ing jagad punika. Mila tinimbang nelasaken wekdal lan tenaga kanggé damel pohon natal, langkung saé mujudaken katresnan lan katentreman ing

satengahing brayat. Saged ugi setaun ingkang sampun kelapamhan kathah tatu lan benthèt ing brayat. Karampungna. Sami ngempal kaliyat brayat, dhahar sareng, lan mbikak manah kanggé warganing brayat kita. Sami-déné ngakeni kalepatan, mratobat, lan miwiti lembaran ingkang énggal.

Seratipun rasul Paulus dhateng Titus mulang kita bilih pahargyan ingkang leres kedahipun kawujudaken ing salebetting patrap lan pandamel ingkang ugi leres. Manungsa panci meprel nanging sih-rahmatipun Gusti Allah ingkang milujengaken ndhidhik kita nilaraken kadurakan.

Panutup

(*PS saged muter video Youtube*) “Erste Christmas Ad 2018: What would Christmas be without love?” (<https://www.youtube.com/watch?v=Icx7hBWeULM>). Saking animasi pèndhèk punika kita sinau bilih Natal mboten namung kedah sarwa spèktakulèr lan ageng. Kadhang-kala ingkang kabetahaken punika bab ingkang alit nanging kanthi katresnan ingkang ageng. Sugeng Natal. Gusti mberkahi. Amin.

[WPA-WMS]

KHOTBAH**Natal***Sabtu, 25 Dhésèmber 2021*

Waosoan 1: Yésaya 62: 6-12

Tanggapan: Jabur Masmur 97

Waosoan 2: Titus 3: 4-7

Injil: Yohanes 1: 1-14

**Natalitas
ing salebetting
Karingkihan**

KHOTBAH JANGKEP**Natalitas ing salebetting Karingkihan**

Kasagedan nDhatengaken Kasaénan kanggé Tiyang Kathah ing salebeding Karingkihan

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani tuwin nresnani Gusti,

Taun 2020 dados wiwitaning taun ingkang cekap awrat kanggé bangsa Indonesia ngantos bangsa ing sajagad. Pageblug Covid-19 ingkang mrèmèn wiwit Maret 2020 ing Indonesia, ngantos wekdal punika ugi dèrèng ketinggal wontenipun tengertenger badhé kèndel. Ing salebetipun ngemunah pageblug punika, Indonesia ugi kedah ngadhepi sawernining bancana alam ingkang nambahi kasedhihaning manah. Wiwit saking bena, siti jugrug, érupsi utawi panjebluging redi latu, lindhu ngantos lésus. Dèrèng malih kedah pinanggih kaliyan indhaking kadurakan sadangunipun mangsa pageblug ingkang cekap nguwasosaken, wiwit saking nyenyolong, apus-apus, pangumpetan, panjiyat, paham keras, malah korupsi utawi nylewèngaken pawèwèh pitulungan.

Kasunyatanning gesang ingkang kelampahan, ndamel kita nangisi gesang ingkang sayektosipun nyedhihaken sanget. Kécalan pangajeng-ajeng, kasékèngan, kasedhihan, kasungkawan lan sanès-sanèsipun dados tetembungan ingkang asring kita

prangguli. Kasunyataning gesang punika ugi saya ngèngetaken kita dhateng anggèn kita raket ing karingkihan kita minangka titah. Ngantos mbetahaken pangajeng-ajeng saking Ingkang Nitahaken kita. Ngajeng-ajeng wontenipun winih-winih ingkang tuwuhaning salebetung kasungkawan ingkang kedah kita jagi tuwin kita rimat. Ngajeng-ajeng lumantar badan wadhag ingkang sami pejahan, sageda maringi tuwin dados rabuking gesang anyar. Pangajeng-ajeng ingkang kados makaten punika, ingkang kasebat natalitas ing salebeding karingkihan.

Kitab Suci nyathet, Gusti Allah tansah ngganjar *natalitas* awujud karawuhan-Ipun tuwin anggènipun nindakaken kasaénan-kasaénan ing kanyataning gesangipun manungsa. “Sang Sabda wus dadi manungsa, sarta dedalem ana ing antara kita,” (Yohanes 1: 14). ἐσκήνωσεν ἐν ἡμῖν (èskénosen èn hemin), “..... Sabda iku dedalem ana ing antara kita....”. Tembung kriya “dedalem” sacara harafiah (miturut aksarinipun) pasang kémah, ngedegaken tarub. Rumiyin, umat Israèl ngraosaken pengalaman karawuhanipun Gusti Allah wonten ing “Tarub Suci”. Ing salebeding tarub punika, kadunungan pethining prasetyanipun Sang Yéhuwah. Umat Israèl nyeksèni saiba nggegirisi pengalaman ngraosaken panganthinipun Gusti Allah punika. Nglangkungi pasamunan (segara wedhi), adhep-adhepan kaliyan warni-warni mengsaah tuwin reribed, umat Israèl saged ngrampungi, amargi saking rawuhipun Gusti Allah sesarengan kaliyan umat. Pengalaman rumpil, niba-tangi anggènipun umat Israèl ngraosaken sesarengan kaliyan Gusti Allah ingkang ngrawuhi. Anggènipun Gusti Allah rawuh ing tengah-tengahing umat, punika jebul mboten namung kèndel ing jaman pambuwangan. Ngantos sasampunipun umat Israèl dumugi ing tanah prasetyan, Gusti Allah mboten kèndel makarya, umat Israèl kadadosaken bangsa ingkang ageng: “bangsa kang suci”, “para tetebusané Pangéran Yéhuwah”, “kang digolèki”, lan “kutha kang ora ditinggal” (Yés. 62:12).

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

Sajakipun Gusti Allah mboten naté sayah nglampahi tumindak kréatif (tindak-tindak kang duwé daya cipta) ing salebetipun mbangun sesrawungan kaliyan manungsa. Samangké, Sang Sabda wus dadi ‘daging’. Sang Sabda punika mboten nebihi jagading manungsa, ananging mlebet dhateng gesangipun manungsa. Ing Gusti Yésus, Sabda ingkang sekawit sesarengan kaliyan Gusti Allah, sarta ingkang mujudaken tetunggalan wetah kaliyan Gusti Allah, punika samangké rawuh ing salebeting manungsa Yésus. Gusti Yésus minangka Sabdanipun Allah tuwin *shekinah* (rawuhipun) Gusti Allah, kamulyan tuwin sih kasetyanipun Gusti Allah dados katinggal lan kabikak ing jagad punika. Gusti Yésus minangka Sabdanipun Allah ingkang manjalma manungsa punika margi ingkang énggal sarta ingkang jangkep piyambak tumrap Gusti Allah kanggé nglairaken Sariranipun dhumateng manungsa.

Sabda punika mlebet nembus raos, nalar, basa, lan budayanipun manungsa. Sabda punika nyata sanget: kadeleng, kagrayang; amargi saking Pangandikanipun, punapa ingkang dipun ngandikakaken punika gesang wonten ing Sariranipun. Nalika Sang Sabda punika ngandika bab katresnan. Punika sanès téori, ananging sawetahing Sugengipun mamèraken katresnan. Nalika Panjenenganipun ngandika bab pangapunten, punika ugi sanès satunggaling dhogma (piwulang) ananging punapa ingkang dipunketingalaken lumantar Sugengipun; ngantos tiyang énggal mangertos punapa punika pangapunten. Nalika Sang Sabda punika ngandika bab pangajeng-ajeng, warni-warni tandha ingkang kaagem Panjenenganipun, rak mujudaken pérangean ingkang mboten saged kapisahaken kaliyan Sabda punika piyambak. Panjenenganipun mboten ngumbar panguwaos lan mukijijat-Ipun kanggé kapentinganipun piyambak. Panjenenganipun ngagem panguwaos lan mukijijat-Ipun kanggé anggènipun mihak dhateng tiyang-tiyang ingkang ringkikh, miskin, nistha lan sangsara.

Para sadhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti, Rawuhipun Gusti Yésus minangka Sabda ingkang dados daging punika wujud nyata Natalitas ing salebeting karingkihan. Gusti Yésus punika Allah ingkang Mahamulya, karsa rawuh ing jagad ingkang ringkikh. Panjenenganipun geguletan, nandhang sangsara, ngraosaken pait-getiring gesang margi saking dosa, sarta mbudi daya ngentasaken manungsa saking lendhuting dosa punika, supados manungsa wanuh gesang ingkang sayektosipun. Ing wekdal ingkang sami, Panjenenganipun ngersakaken, tiyang-tiyang ingkang sampun necep sih-rahmat-Ipun, saged nindakaken punapa ingkang sampun katindakaken Gusti Yésus. Gusti Allah mboten naté ngumbar panguwaos-Ipun namung kagem Kapentinganipun piyambak. Mila, kedahipun kita ngrumaosi: umatipun Gusti Allah utawi gréja mboten pareng ngegung-egungaken sarta ngagengaken dhiri kanggé akuning spiritualipun.

Natal pantes kita pahargya minangka wujud saking katresnanipun Gusti Allah ingkang karsa mlebet dhateng karingkihaning manungsa, supados manungsa mangertos basa katresnanipun Gusti Allah. Natal prelu kita pahargya mboten kanthi pista andra wina ing tengah-tengah kuceming *pandhemè* utawi pageblug wekdal samangké. Natal rak sanès cara kita nyuntak akuning karemenan kita ngonsumsi kanthi aji mumpung. Inggih, mumpung mangsanipun *diskon*, potongan regi pungkasaning taun. Natal punika wekdalipun pasarujukan kita kanggé gesang anyar punika terus ngalami kaénggalaken. Natal wekdalipun kita sami kadosdéné Gusti Allah ingkang bélaraos dhumateng sangsaraning umat manungsa dalah sadaya titah. Natal punika ngrengkuh sadaya titah, perduli sarta purun ngegaraken asta kanggé tiyang-tiyang ingkang kijénan. Wilujeng dhudhah daya cipta, nglairaken/ndhatengaken kasaénan kanggé sadaya titah. Amin.

[CGAP-DEN]



KHOTBAH**Minggu Sasampunipun Natal***Minggu, 26 Dhésèmber 2021*

Waosoan 1: I Samuèl 2:18-20, 26

Tanggapan: Jabur Masmur 148

Waosoan 2: Kolosé 3:12-17

Injil: Lukas 2:41-52

**Warisan ingkang
wonten Aosipun
ing Satengahing
Jagad ingkang
Ringkih
GOSO**

KHOTBAH JANGKEP

**“Warisan ingkang Wonten Aosipun ing Satengahing
Jagad ingkang Ringkih”**

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, Ibu, Bapak, para kanèman lan anak-anak sadaya. Pitakènan kanggé para tiyang sepuh: “Punapa putra-putranipun Bapak, Ibu kalebet anak-anak ingkang setya?” (Pirengna wangulanipun Bapak lan Ibu sarta bundhelana, menawi prelu kalajengna ngaturaken pitakénan-pitakénan sanèsipun kanggé sekedhik mbeblesaken pawarta). Pitakènan kanggé para kanèman: “Mas, mbak, apa sliramu taksih rumangsa diawasi wong tuwamu (bapak-ibumu)?” (Pirengna wangulanipun para kanèman sarta bundhelana, menawi prelu kalajengna ngaturaken pitakénan-pitakénan sanèsipun kanggé mbeblesaken pawarta). Lan pungkasnipun, pitakènan kanggé para laré: “Nak, apa sliramu naté mbrontak marang wong tuwamu (bapak-ibumu)?” (Pirengna wangulanipun para laré sarta bundhelana, menawi prelu kalajengna ngaturaken pitakénan-pitakénan sanèsipun kanggé mbeblesaken pawarta).

(Sadaya pawarta wigatos saged kacathet kanggé dipun tambahaken wonten ing pérangan panutup khotbah panjenengan punika)

Sayektosipun, punapa wigatosipun kula nyuwun pirsa dhumateng Ibu, Bapak, Para Sadhèrèk tuwin Anak-anak sadaya? Supados kita saged samidéné mirengaken, punapa sejatosipun ingkang kelampahan ing satengahing brayat kita wekdal samangké. Gesang saya angèl tuwin mbosenaken. Tiyang sepuh kangèlan anggènipun pados rejeki, para Ibu saya sisah kanggé “ngrigenaken ékomuning brayat”, arta jatah kanggé brayat saya kirang kanggé nyekapi kabetahaning brayat. Anak-anak ingkang taksih sekolah lan kuliyah saya kecencang déning *gawainipun* (pirantosipun) amargi sekolah kanthi cara *daring*, dèrèng saged pepanggihan tata lair kanthi wetah. Tiyang sepuh lan anak-anak sami répot déning pakèwetipun piyambak-piyambak, ngantos awis-awis kelampahan sesambutan ingkang saé. Ingkang wonten namung ukara dhawuh lan wangsluan: “mengkosék” – amargi saweg kesengsem kaliyan pirantosipun. Kanéman kajawi kesengsem kaliyan pirantos, kanggé nundhung kawontenan bosen kanthi cara nongkrong, *main bareng* alias “mabar” sesareangan kaliyan kanca sabarakan. Gantos para tiyang sepuh rumaos kuwatos amargi saweg mangsanipun Corona. Para tiyang sepuh dados saya crèwèt mituturi putra-putranipun, amargi raos kuwatosipun. Salajengipun kanéman rumaos mboten dipun pitados tuwin rumaos tansah dipun-awasi tiyang-sepuhipun. Mangka raos kuwatosipun tiyangsepuh wonten pawadanipun, amargi kajawi wontenipun sesakit corona, jagad ing sanjawining griya cetha ngulemi bebaya kathah, punapa malih ing wekdal sedayanipun sarwi ribet punika. Menawi makaten, punapa ingkang saged dipun paringaken déning para tiyang sepuh dhateng putra-putranipun supados putra-putranipun saged panggah ing satengahing jagad ingkang ringkih punika? Kadospundi kedahipun para kanéman lan para laré nanggapi prakawis punika? (Pérangan punika saged dipun-rowakaken jumbuh kaliyan kawontenaning pasamuwan ngriki, utawi kanthi nggayutaken kaliyan lelampahan-lelampahan wigatos ingkang nedahaken karingkihan, ingkang saweg mubyar ing wekdal samangké).

Sumangga kita gatosaken punapa ingkang dipun ngandikakaken déning Sabdanipun Gusti ing salebetipun

mangsuli geguletan (*pergumulan*) kita. Ingkang kapisan, punapa ingkang dipun alami déning Samuèl alit? Wiwit umuripun kirang langkung tigang taun, Samuèl alit kapeksa pisah kaliyan tiyang sepuhipun, mliginipun pisah kaliyan Ibu Hana, ibunipun ingkang dipun tresnani. Kénging punapa prakawis punika saged kelampahan? Sumangga sakeplasan kita pirsani mawingking.

Kawiwitan saking satunggaling nadar. Nadaripun Ibu Hana! Sadèrèngipun, ibu Hana dangu mboten gadhah anak, piyambakipun dipun-cap minangka pawèstri gabug, satunggaling setèmpel awon nalika semanten. Mangka Penina, garwa sanèsipun Èlkana sémahipun, sampun gadhah sawetawis anak. Kadosdéné pakulinan nalika semanten, satunggaling garwa ingkang mboten saged maringi anak, kaanggep mboten wonten ginanipun kanggé sémahipun, punika ingkang asring dipun ucapaken Penina dhateng Hana. Ing salebetipun panelangsaning manah, lumantar salah satunggaling pandonganipun nalika wonten ing Padalemanipun Gusti Allah, Ibu Hana nggadhahi nadar bilih menawi Hana kaparingan anak, mila anakipun punika badhé dipun pasrahaken dhumateng Gusti Allah kanggé tumindak ing damel kagem Gusti Allah sajegipun gesang. Punika ingkang wusannipun dipun-alami déning Samuèl. Sasampunipun dipun sapih saking anggènipun nyesep, Samuèl alit dipun-teraken dhateng imam Èli ingkang ngladosi Padalemanipun Allah ing Silo.

Punapa kawontenan Pdalemanipun Allah ing Silo saé kanggé perkembangan Samuèl? mBoten! Putra-putranipun Imam Èli ingkang dados kangmas angkatipun dados pelados ingkang awon. Hofni lan Pinehas nindakaken bab-bab ingkang damel sungkawaning Gusti Allah, lan mboten namung Imam Èli ingkang mirsa, Samuèl ugi nyipati. Punapa wewengkon ingkang awon punika badhé mangaribawani kapribadènipun Samuèl? mBoten! Tetéla dhumateng Samuèl dipun-sebataken: “*Nanging wong anom Samuèl sangsaya gedhé sangsaya wuwuh oléh sih iya ana ing ngarsané Sang Yéhuwah, lan ana ngareping manungsa.*” (I Samuel 2:26). Lajeng punapa ingkang njalari Samuèl saged dados pribadi ingkang saé ing satengahing

wewengkon ingkang kebak piawon punika, kawontenan ingkang ringkikh tumrap patrapipun mbangun pratingkahipun Samuèl?

Temtu panggulawenthahipun Imam Èli cekap mangaribawani wonten ing dhirinipun Samuèl. mBokbilih Imam Èli kagungan pangajeng-ajeng inggil dhateng Samuèl, amargi sampun temtu panjenenganipun kuciwa dhateng watak putra-putranipun piyambak. Ananging tanpa sengkuyunganipun tiyah sepuhipun, prakawis punika mboten badhé lumampah saé, amargi wewengkon ingkang dipun-enggèni mboten nyengkuyung. Sumber ageng piyambak ingkang mbereg Samuèl mboten kaprabawan déning wewengkon ingkang ringkikh inggih punika panyengkuyungipun Hana pun ibunipun. Sanadyan wekdalipun mboten dangu, pepanggihan setaun sepisan ingkang dipun alami sesarengan maringi kakiyatan ageng dhateng Samuèl kanggé mujudaken idham-idhaman lan pangajeng-ajenging ibunipun. Pandonga lan pangjeng-ajeng ingkang tansah dipun-pirengaken saking ibunipu, cariyos kalairanipun tuwin pawadanipun Samuèl kalairaken, ingkang tansah dipun émutaken déning biyungipun. Langkung-langkung angsal-angsal saben taun, jubah alit ingkang ngancani sadangunipun setaun punika maringi daya pangaribawa ageng kanggé imanipun Samuèl alit. Ibunipun Hana maringi warisan ingkang wonten aosisipun kanggé Samuèl, inggih punika pangertosan bab Gusti Allah ingkang saged ndamel Samuèl milih punapa ingkang kedahipun dipunlampahi, ingkang ndadosaken keparengipun Gusti Allah ing satengahing wewengkonipun ingkang ringkikh: padalemanipun Allah ananging kebak déning piawon ingkang malah katindakaken déning para imam, inggih punika putra-putranipun Iman Èli piyambak.

Kadospundi menggah Gusti Yésus nalika ném-nèman? Punika pérangan kaping kalih ingkang prelu kita sinaosni ugi. mBokmenawi anak-anak tuwin para kanéman ndadosaken sikapipun Gusti Yésus minangka pawadan kanggé ngleresaken sikapipun. “*Nah kuwi, Pak, Bu, Gusti Yésus waé nalika ném-nèman seneng mbantah. Gusti Yésus uga ora kersa diatur lan ora kersa diawasi apa baé kagiyanané. Minangka anak rak uga duwé urusan dhéwé-dhéwé*” Nah, pasamuwan kedah

mangertos, bilih punapa ingkang katindakaken lan dipun ngandikakaken déning Gusti Yèsus sanès satunggaling patrap bangkang anak dhateng tiyang sepuhipun. Pancèn patrap tuwin pitembunganipun punika mligi kanggé anak umur 12 taun. Saged dipun mangertosí lan dipun maklumi, ananging punika katindakaken déning Gusti Yésus mboten tanpa pawadan. Manga kita pirsani langkung tebih malih.

Minangka tiyang sepuh, mboten tanpa alesan menawi Yusuf lan Maria rumaos kuwatos awit icalipun Gusti Yésus. Yusuf lan Maria mboten asring tindakan dhateng Yérusalèm. Namung menawi wonten riyaya-riyaya kémawon. Wekdal punika, Gusti Yésus dipun-ajak dhateng Yérusalèm, amargi laré ingkang umur 12 taun makaten limrah kasebat minangka “anak Torèt”, dados ing yuswa 12 punika Gusti Yésus sampun wajib dipun-ajak ndhèrèk nindakaken tata cara ing upacara Paska (Taun-taun sadèrèngipun menawia Gusti Yésus ndhèrèk dhateng Yérusalèm, mboten wajib nindakaken tata cara upacara Paska). Sak menyanjan, anggènipun tindak saking Nasarèt dhateng Yérusalem mbetahaken wekdal sekawan dinten. Yusuf, Maria, Gusti Yésus mlampah sesareangan kaliyan rombongan sanèsipun, ngantos anggènipun tindakan tebih punika saged kelampahan mboten patos kraos.

Nalika sami kondur, sajatosipun Yusuf lan Maria sampun kraos kécalan Gusti Yésus, namung Yusuf lan Maria nginten menawi Gusti Yésus namung saweg awor kaliyan kanca-kanca sanèsipun ingkang ingkang tunggil rombongan. Ananging jebul nalika sami kèndel ngaso, Gusti Yésus mboten manggihi Yusuf lan Maria, mangka anggènipun mlampah sampun satunggal dinten, lan prakawis punika mboten kados padatan! Sasampunipun ngudi miterang dhateng sanak-sadhèrèk mboten wonten asilipun, Yusuf lan Maria kapeksa wangsl nlusur malih margi ingkang sampun dipun-langkungi sinambi terus miterang dhateng tiyang ingkang dipun panggihi ing margi. Kalih dinten salajengipun, tegesipun sampun tigang dinten Yusuf lan Maria kécalan Gusti Yésus, Gusti Yésus dipun panggihaken! Gusti Yésus dipun panggihaken, saweg kasengsem rembagan bab Torètipun Gusti Allah kaliyan para guru agami Yahudi ing

Padaleman Suci. Kedahipun menawi Yusuf lan Maria mangertos Gusti Yésus wonten ing Padaleman Suci, dinten kaping kalih Gusti Yésus ical, Yusuf lan Maria sampun saged pinanggih malih kaliyan putranipun ingkang dipun tresnani. Ananging amargi Yusuf lan Maria mboten mangertos, dinten kaping tiga Yusuf lan Maria saweg saged pinanggih. Kanthi glagad kuwatos (lan mbokmenawi radi jèngkèl) Keng Ibunipun ndangu pawadanipun (pasipun nyaruwé) Gusti Yésus, kéging punapa nindakaken prakawis punika dhateng tiyang sepuhipun. Ananging Gusti Yésus ngaturi wangsulan, ingkang kanggéniipun tiyang sepuh jaman samangké badhé ndamel talinganipun abrit: "*menapaa déné panjenengan madosi kula?* La inggih kedah dipun-padosi, la wong putranipun ical kok mboten dipun padosi. Kalih prakawis ingkang ndamel **tiyang sepuhipun Gusti Yésus ngraosaken ringkikh.** Kapisan, ajrih kécalan anak, kaping kalih panampikipun Gusti Yésus anggénipun dipun padosi.

Kosokwangslipun, wangsulanipun Gusti Yésus salajengipun maringi pawadan tumindakipun: "*Panjenengan menapa mboten pirsa, bilih kula kedah wonten ing dalemipun Rama kula?*" Sacara harafiah utawi manut tembung-tembungipun, Gusti Yésus nedahaken Padaleman Suci minangka dalemipun Rama-nipun Gusti Yésus, ingkang kedahipun mboten ndamel kagètipun para guru agami Yahudi ingkang mirengaken. Amargi pancèn Padaleman Suci punika dalem kagem "ramanipun" tiyang Israël (Pangandharina Toret 32:6, lsp.). Dados mboten anèh menawi Gusti Yésus wiwit nepangaken malih asma Rama. Dalemipun Sang Rama, mboten dados papan favorit (ingkang dipun remeni) malih kanggé ngempal tumrap tiyang Yahudi, mangka ing Dalemipun Sang Rama punika tiyang saged rembagan menggah ing Sabdanipun Gusti Allah kanthi langkung tumemen. Dalemipun Sang Rama namung kala-kala dipun-tuwèni menawi wonten ritual (upacara agami). Mangka Gusti Yésus, ingkang kita tepangi minangka *Sang Sabda ingkang sampun dados manungsa* kepéngin sanget nepangaken Sabdanipun Gusti Allah kanthi leres.

Ananging, menawi sadermi pinarak ing Dalemipun Sang Rama, punapa ginanipun? Menawi panjenengan asring tindak

gréja, punapa ginanipun? Mirengaken Sabdanipun Gusti? Punapa malih ing mangsa pandhemi punika? Mirengaken Sabdanipun Gusti saged saking nggriya, mboten prelu dhateng gréja. Salah satunggal pertalan mbiyantu kita kanggé mangsuli prakawis punika. Upaminipun kita panggihaken wonten ing Pertalan Lami ingkang ungelipun: “*Punapaa déné panjenengan madosi Kula? Panjenengan punapa mboten mirsa, bilih Kula kawajiban wonten ing pakaryanipun Rama-Kula?*” Kok saged bènten? Panjenengan mboten prelu bingung, amargi ing salebetting seratan aslinipun, ing tèks (cuplikan seratan) Yunani namung nyerat makaten: “*aku kudu dumunung ing [barang darbé kagungané/kang diurus] Rama-Ku.*” Nah, tembung punapa ingkang trep kanggé ngiket tembung Rama: barang darbé utawi kang diurus? Amargi Gusti Yésus saweg dumunung ing Padaleman Suci, mila pertalan ingkang limrah inggih punika (dalem) kagungané (Rama), Pertalanipun dados “*dalemipun Rama*”. Ananging tembung pangiket ingkang sami ugi saged dipun-tegesi “kang diurus”, mila pertalanipun dados “*pakaryanipun Rama*”. Lumantar pertal alternatif (milih ing antarané loro utawa luwih) punika, kita saged ngaturi makna, bilih Gusti Yésus mboten namung saderminipun pinarak wonten ing ngrika, ananging sayektosipun saweg netepaken tetenger tumrap dhirinipun Sang Kristus kaliyan Sang Rama lumantar pakaryan-pakaryanipun Sang Rama.

Pinarak ing ngrika lan geguneman (dhialog) kaliyan para guru agami Yahudi mboten namung maremaken dhirinipun sacara intelèktual (kelantikan) minangka satunggaling laré ingkang saweg mekar sacara psikologi (ngèlmu wewatakaning manungsa), ananging ugi minangka pangudi manggihaken jati dhirinipun. Prakawis punika selaras kaliyan mekar ingkan umur 12 taun (kasumanggakaken menawi badhé ngrembakakaken kanthi pawarta psikologi mekar ingkan umur 12 taun). Gusti Yésus nèm-nèman manggihaken jati-dhirin-Ipun minangka pribadi ingkang kedah wiwit siyaga tumandang wonten ing Pakaryan-pakaryanipun Sang Rama, antawisipun inggih punika sinau mangertosi punapa ingkang dipun-mangertosi umatipun Allah tumrap

Torètipun Pangéran Yéhuwah. Lan ing salebeting kasagedanipun minangka kanéman, Gusti Yésus ngaturaken pamanggihipun pribadi ingkang leres menggah Torètipun Pangéran Yéhuwah. Prakawis punika ingkang ndamel éram tumrap para tiyang ingkang sami mirengaken. Ing ngriki, Ing ngriki, **karingkihan kagem Gusti Yésus** inggih punika anggènipun umat mboten mangertos menggah ing Sabdanipun Gusti Allah, ngantos Panjenenganipun kedah wiwit nguningani. Kosokwangslipun, **karingkihan tumrap ing para guru agami Yahudi** inggih punika anggènipun umat mboten setya dhateng Torèt (ananging margi kanggè ngrampungi pakèwetipun ingkang dipun-tawèkaken malah nekak gulunipun umat). Gegunemanipun Gusti Yésus ingkang wiwitan kaliyan para guru agami Yahudi sayektosipun ngasilaken kasaénan, amargi para guru agami Yahudi nampi Gusti Yésus kalawan pangertosanipun ingkang ngédab-édabi menggah ing Torètipun Pangéran Yéhuwah. Kosokwangslipun, gegunemanipun para guru agami Yahudi kaliyan Gusti Yésus ingkang mboten kèndel-kèndel, tanpa nggatosaken rawuhipun Yusuf lan Maria, nuwuahaken kawontenan mboten jenjem kanggé tiyang sepuhipun.

Punapa Gusti Yésus brontak dhateng tiyang sepuhipun? mBoten! Gusti Yésus tetep ngidini Sariranipun wonten ing panggulawenthahing tiyang sepuh-Ipun. Gusti Yésus tumunten sinau sesareangan kaliyan tiyangsepuh-Ipun, ananging tiyangsepuh-Ipun ugi sayangrumaosi, bilih karawuhanipun Gusti Yésus sayektosipun kanggé nindakaken pakaryan-pakaryanipun Sang Rama.

Punapa wonten tandangipun tiyangsepuh ngantos Gusti Yésus saged dados pribadi ingkang kados makaten, malah saya mindhak dinten mindhak ageng lan saya mindhak kawicaksananipun, lan saya kinasihan déning Allah lan manungsa? Wangsulanipun kawrat ing ayat 49: "*Panjenengan menapa mboten pirsa,*" Pratélanipun Gusti Yésus punika ngetingalaken wontenipun pirembagan-pirembagan antawisipun Gusti Yésus kaliyan Ibunipun ing wekdal-wekdal ingkang kapengker. Sesambutan ingkang sami-sami maringi

“pangertosan” tumrap sinten Gusti Allah punika tumraping brayatipun Yusuf-Maria lan Gusti Yésus. Bab-bab ingkang wusananiipun dipun-mangertosi Gusti Yésus lumantar panggulawenthah sesarengan kaliyan tiyang-sepuh-Ipun kekalih. Wekdal punika Ibunipun sampun langkung rumiyin ngendikakaken cariyo menggah ing kaluhuranipun Allah Sang Rama ing salebeting gesangipun, ugi pitulunganipun Allah nalikanipun Gusti Yésus taksih alit. Gusti Yésus pikantuk kawruh bab “Ramanipun” lumantar bapa-biyung-Ipun, ngantos tuwuhan Pepénginanipun kanggé siyaga tumandang wonten ing pakaryan-pakaryanipun Sang Rama. Punika wohipun modhèl panggulawenthahing anak-anak Israël, ingkang ugi dipuntindakaken déning tiyang sepuhipun Gusti Yésus, lan kanthi mirungan lumantar Maria. Lelampahan ing Padaleman Suci kados ingkang waos namung salah-satunggaling woh, saking warisan ingkang wonten aosipun ing satengahing jagad ingkang ringkih wonten ing pamawasipun Yusuf lan Maria. Ing satengahing winatesipun pangertosan – ingkang namung dipun uningani Gusti Yésus – Yusuf-Maria ngrimati “Sang Sabda ingkang dados manungsa”.

Pasamuwan ingkang kinasih, jagad ingkang kita gesangi wekdal samangké, ugi jagad ingkang ringkih, mirunganipun ing satengahing kawontenan niha tangi kita tiyang sadonya ngadhepi pageblug covid-19 punika. Punapoa ingkang dados sangu kita salebetipun ngadhepi pakèwet punika? Wangsulanipun satunggal: Wanuhana Gusti Allah lan ngalamana Panjenenganipun, sarta darbènana gesang ing Panjenenganipun! Malah sadaya punika sampun namung dados gadhahan kita kémawon. Kita kedah tansah nggesangi malah marisaken sadaya punika dhateng anak putu kita. Ngantos nalika kawontenan ing sakiwa tengen bënten, karingkihan ingkang bënten, anak putu tetep saged gesang kanthi leres ing ngarsanipun Ingkang Akarya tuwin Ngrimati jagad raya. Kanthi wanuh Gusti Allah, mila sinaosa jagad kapenuhan kadurakan, sami kadosdéné Samuél ingkang mboten kedayan dados duraka, mila kita lan anak-anak kita ugi mboten dados duraka.

Tataran salajengipun nalika kita wanuh Gusti Allah, mila kita saged siyaga tumandang wonten ing pakaryan-pakaryanipun Gusti Allah, ngantos/éngga sinau saking Gusti Yésus ingkang mboten namung kèndel ing Padaleman Suci, ananging Panjenenganipun wiwit nindakaken pakaryan-pakaryanipun Gusti Allah Sang Rama saking ngrika. Lan bab punika lestantun katindakaken, ngantos wusananiipun jagad mangertos, bilih Gusti Yésus punika Gusti Allah: Sang Sabda ingkang sampun dados manungsa. Mila sami kadosdéné Gusti Yésus, sumangga kita ugi nindakaken pakaryan-pakaryanipun Gusti Allah ingkang dipun-tengeri kanthi katresnan tuwin pangapunten, kasaénan lan kaleresan. Punika sadaya kita tindakaken kanthi manah sokur awit kasaénanipun Gusti Yésus Kristus ingkang kita wujudaken wonten ing welas asih, kamirahaning manah, andhap-asoring manah, alusing bebudèn sarta kasabaran. Satunggaling prakawis ingkang saya angel kita tindakaken ing mangsa-mangsa pandhemi punika. (Kanggé maringi pandheseg, saged dipun-tambahi tuladha nyata (kongkrit) saking gesangipun pasamuwan ngriki, utawi lumantar prakawis (*kasus*) ingkang kelampahan ing skala nasional punapadéné global).

Kadospundi kita nindakaken prakawis punika? Tansah ngajaka warganing brayat kanggé ndedonga sesareangan. Ebèkana wekdal kanggé ngrembag pengalaman sadanganipun satunggal dinten, lan tandhesna kanthi Sabdanipun Gusti Allah. Langkung saé malih menawi tiyang sepuh ugi ndongèngaken cariyos-cariyos tokoh Kitab Suci lan lelabuhaning imanipun, sadérèngipun putra-putranipun tilem. Paringana tuladha kadosdéné ingkang dipun ngandikakaken Rasul Paulus tumrap pasamuwan Kolosé, kados ingkang saged kita waos ing waosan II (saged dipun rangkum). Tansaha kabereg anak-anak supados sregep Sekolah Minggu, ugi ndhèrèk pakempalan-pakempalan ingkang jumbuh kaliyan golonganing umuripun anak-anak, tuwin siyaga tumandang ing paladosan. Kajawi punika, tiyang sepuh prelu ugi mangertosi kaaénganipun saben anak kita selaras kaliyan wekdal mekaring kasagedanipun piyambak-piyambak. Kanggé punika, tansaha ngindhakaken sesambedan

ingkang saé kaliyan anak-anak kita. Sarta saé ugi menawi ing sawetawis wewengan gréja nyengkuyung kanthi ngawontenaken ibadah-badah ing antawisipun tiyang-tiyang ingkang bënten jaman (*ibadah intergenerasional*).

Wusananiipun, Sugeng Natal! Mugi Gusti Allah nyagedaken kula lan panjenengan kanggé nyaosi warisan ingkang wonten aosisipun, ngantos anak putu kita tansah kasagedaken ngadhepi gesangipun jagad ingkang ringkih. Ananging émuta, panjenengan mboten saged nyaosi warisan, menawi panjenengan mboten darbèni warisan punika. Wanuhana Gusti Allah, ebèkana Panjenenganipun lan tindakna pakaryan-pakaryan-Ipun sarta wusananiipun warisna punika sasampunipun panjenengan mraktèkaken. Amin!

[DCH-DEN]

Sumbering Pitedah

Andrew E. Hill, & Walton, John H. Survei Perjanjian Lama, Gandum Mas, cet.ke-2, 1998.

Kartono, Kartini, *Psikologi Anak (Psikologi Perkembangan)*, Mandar Maju, cet. Ke-4: 1990.

Marxsen, Wlli, Pengantar Perjanjian Baru: Pendekatan Kritis Terhadap Masalah-Masalahnya, BPK Gunung Mulia, cet ke-2, 1996.



**KHOTBAH
Dalu Wekasaning Taun**
Jum'at, 31 Dhésèmber 2021

Waosan 1: Wilangan 6: 22-27
 Tanggapan: Jabur Masmur 8
 Waosan 2: Galatia 4:4-7
 Injil: Lukas 2:15-21

**“Patrapipun
Ngraos-
raosaken
Gesang”**

ଓ৩ও

**KHOTBAH JANGKEP
“Patrapipun Ngraos-raosaken Gesang”**

Anak-anakku, ibu, bapak, sadaya umat ingkang dipun tresnani Gusti,

Sawetewis taun kapengker kita asring mireng utawi nembangaken lagu ingkang tembung-tembungipun makaten:

*hidup ini, adalah kesempatan,
hidup ini untuk melayani Tuhan,
jangan sia-siakan waktu yang Tuhan b'ri*

urip iki, minangka kalodhangan
 urip iki kudu ngabdi maring Gusti
 aja muspra waktu kang, diparingaké Gusti

sumangga kalajengaken malih. Temtu sadaya saged nembangaken lagu punika. Wonten satunggalin warga gréja ingkang nyariyosaken saben wekdal nembangaken lagu punika, mboten karaosaken luhipun nètès nelesi pangarasanipun amargi kémutan dhateng cariyos-cariyosing gesang ingkang dipun lampahi. Warga gréja punika ngraosaken kadospunapa Gusti Allah anggènipun nunggil gesangipun. Piyambakipun ngraosaken cawé-cawénipun Gusti Allah wonten ing marupi-rupi lelampahan ingkang gilir gumantos tumanduk ing gesangipun. “Gusti Allah makarya kanthi cara ingkang kalamangsa mboten kasat mrípat tuwin mboten dipun-

penggalihaken déning manungsa. Wonten marupi-rupi wewengan dipun paringaken Gusti, ananging kalamangsa kita mboten mangertosi makna saking wewengan punika”, makaten pangucap saking satunggaling warga gréja ingkang ngraosaken panganthinipun Gusti ing gesangipun.

Dinten punika, ing pungkasaning taun 2021, kita tinimbalan kanggé ngraosaken panganthinipun Gusti ing salebetung lelana gesang sadangunipun 365 dinten. Sumangga kita sekedhap nolèh mawingking, mboten punapa, sauger sampun kedangon, sabab menawi nolèh mawingking kedangon, saged ndamel sisah kanggé jumangkah mangajeng. Sekedhap nolèh mawingking dipun betahaken supados lumantar anggèn kita nolèh punika kita ngènget-ènget malih margi-margining gesang ingkang sampun dipun-langkungi. Ing salebetipun anggèn kita nolèh punika, sumangga sami taken punapa ingkang kita raosaken salebetipun kita mlampah ing taun 2021? Sinten kémawon ingkang ndhatengi lan nilaraken kita? Kadospundi kita nanggapi kadadosan-kadadosaning gesang? Punapa ingkang sampun kita tindakaken kanggé brayat, sesami lan jagad raya ini? Ah wonten kathah bab ingkang mboten saged kajawab. Nalika wonten kathah bab ingkang mboten saged kajawab, punapa ingkang kedah katindakaken?

Dinten punika kita sinau saking Maria. Nalika samanten, wonten sagolongan pangèn lan sawetawis tiyang dhatengi kanggé mirsani jabang-bayi Yésus ingkang sumèlèh ing pamakanan. Ing sangajenging tiyang-tiyang wau sarta tiyang-tiyang ingkang sami nyawang bayi Yésus, para pangèn nyariyosaken punapa ingkang kapireng saking para malaékat menggah Jabang-bayi punika. Kita saged nggamaraken saiba gumedereng cariyosipun para pangèn ing salebetipun nyariyosaken pengalamanipun. Prakawis punika ketingal saking rèspons (tanggapanipun) sadaya tiyang ingkang mirengaken. Sadaya rumaos gumun tumrap punapa ingkang kelampanhan. Gumun mujudaken *èksprèsi* utawi cara kanggé medharaken émosi (wedeling raos-pangraos) minangka rèspons (tanggapan) dhateng kawontenan tartamtu. Ing cariyos punika, sadaya tiyang ingkang mirengaken pangucaping cariyosipun para

pangèn nanggapi kanthi caranipun medharaken kaéraman lan katingal mecungul sacara sanalika ngantos caranipun medharaken punika dipun-candhak déning ingkang nyerat Injil kanggé dipun-aturaken dhateng para tiyang ingkang maos Injilipun.

Menawi sadaya tiyang ingkang mirengaken cariyosipun para pangèn punika katingal ngesokaken èksprési (caranipun medharaken) kaéramanipun, prakawis punika bënten kaliyan caranipun Maria medharaken pangraosipun. Maria nyimpen (nyathet) sadaya prakawis punika ing salebetung manahipun lan dipun raos-raosaken (ayat 19). Kénging punapa Maria mboten medharaken punapa ingkang dipun-pirengaken kanthi kaéraman (malah mbokmenawi caranipun medharaken kanthi ngéram-éramaken)? Wonten satunggaling juru tapsir Kitab Suci asesilih Bertold Anton Pareira, O.Carm. ingkang napsiraken makaten: Maria punika ibu ingkang kebak iman lan kawicaksanan. Kawicaksanan punika lair saking kathahing kèndel sarta mirengaken. Maria pitados dhateng pakaryanipun Gusti Allah ingkang sinamar, ingkang nglangkungi sadaya prakawis ingkang saged dipun-penggalih déning manungsa. Maria pitados dhateng Roh Suci sarta panguwaosipun Gusti Allah Ingkang Maha Luhur (kcn. Lukas 1:34-38). Ing ngriki kita ugi manggihaken kadospundi Maria dados wanita ingkang kaagem Gusti Allah kanggé ngrawuhaken Gusti Yésus. Sinaosa makaten, Maria mboten ngunggulaken dhiri ananging nyathet (nyimpen) sadaya prakawis punika ing salebeding manahipun Maria bilih mangajeng taksih wonten pepalang badhé dipun-adhepi. Ananging Maria pitados bilih Gusti Allah badhé nunggil gesangipun.

Tumindakipun Maria punika dados tuladha kanggé kita ing wekdal nyawang manékawarni lelampahaning gesang. Maria sareh ngadhepi sedayanipun. Kanthi nyimpen sadaya prakawis ing salebetung manahipun, Maria ngraos-raosaken. Anggénipun ngraos-raosaken gesang ingkang katindakaken adhedhasar saking pengalamanipun menggah ing Gusti Allah. Gusti Allah ingkang milujengaken rawuh ing gesangipun Maria lan Yusuf kanthi bukti nyata inggih punika Gusti Yésus. Asma

Yésus ateges Gusti ingkang milujengaken utawi Gusti ingkang mitulungi. Pengalamanipun Maria lan Yusuf punika ugi kita alami ngantos wekdal punika lan salami-laminipun. Dhumateng kita ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun, Panjenenganipun maringi wewenang kita dados putra-putranipun Gusti Allah. Kita dados manungsa anyar inggih punika tiyang ingkang ingkang “13 kang lairé ora saka ing getih, iya ora saka kareping daging utawa saka karepé wong lanang, nanging saka ing Allah.” (Yoh. 1:13) lan ing ngriki kita kaémutaken kados ingkang sinerat wonten ing Lukas 1:49 bilih Gusti Allah sampun nindakaken Pakaryan Agung dhateng kita.

Anak-anakku, ibu, bapak, sadaya umat ingkang dipun tresnani Gusti,

Anggèn kita nolèh sesarengan Maria mirsani prakawis ingkang sami, inggih punika Gusti Allah sampun nindakaken Pakaryan Ingkang Ageng dhumateng kita. Patrapipun ngraos-raosaken gesang punika mboten pareng kèndel namung wonten ing patrap ngraos-raosaken. Kita kedah ngéwahi wawasan. Saking anggèn kita nolèh dados panyawang mangajeng. Ing ngriki Sabdanipun Gusti nyantosakaken wawasan mangajeng amargi Panjenenganipun nélakaken berkah kadosdéné ing Wilangan 6:24-26, “24 Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé, lan ngayomana kowé; 25 Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé, lan maringana sihrahmat; 26 Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulake wadanané marang kowé, lan maringana tentrem rahayu.” Berkahipun Gusti punika nyantosakaken kita kanggé jumangkah nilaraken taun 2021 lan dados manungsa ingkang OKÉ. Manungsa OKÉ mujudaken *akronim* utawi cekakan awujud wandaning tembung saking:

- *Ojo KEwedèn*
- *Ojo KEwanèn*
- *Ojo KEmrungsung*.

Ojo KEwedèn tegesipun aja wedi lan aja andhok ing sajroning kewedèn. *Ojo KEwanèn* tegesipun aja keladuk anggoné wani

nganti tanpa pétungan. *Ojo KEmrungsung* tegesipun aja kesusu ing sajroning tumindak tanpa ana wektu kanggo nenimbang. Manungsa OKÉ inggih punika manungsa ingkang ènget kaliyan adegging dhirinipun. Sayektosipun anggèn kita ènget punika mujudaken woh saking kekendelanipun satunggaling tiyang nindakaken patrap ngraos-raosaken gesang kanthi jujur.

Anak-anakku, ibu, bapak, sadaya umat ingkang dipun tresnani Gusti,

Dinten punika, kita ngwengani dhiri kanggé ngraos-raosaken pengalamaning gesang sesareangan Gusti Allah sarta sesareangan sadaya titah, tuwin samekta njingglensi gesang ing mangsa ingkang badhé dhateng sesareangan Gusti Allah sarta sesareangan sadaya titah ugi.

Amin.

Sumbering Pitedah

Bertold Anton Pareira, O.Carm, *Homili Tahun C*, Malang, Dioma, 2012.

[YKF-DEN]



**KHOTBAH
Wiwitaning Taun
Sabtu, 1 Januari 2022**

Waosan I: Kohèlèt 3: 1-13
 Tanggapan: Jabur Masmur 8
 Waosan II: Wahyu 21: 1-6
 Waosan Injil: Matius 25: 31-46

**Lembaran
Énggal
308**

KHOTBAH JANGKEP

“Lembaran Énggal”

Ibu, bapak, anak-anakku ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Kita saèstu saos sokur dhumateng Gusti, amargi Panjenenganipun sampun mitulungi tuwin marengaken kita nglangkungi tuwin mengkeraken taun 2021. Sarta kanthi ganjaranipun Gusti, kita kepareng mlebet taun 2022, taun ingkang kebak pangajeng-ajeng. Kathah prakawis ingkang sampun kita lampahi ing taun 2021. Kita piyambak-piyambak temtu ngraosaken *dinamika* utawi kamempenganing gesang ingkang mboten limrah. Sampun temtu kathah sanget pepéling ingkang sampun ngisèni gesang kita, saé, awon, séhat, sakit, kaleksanan, wurung, pakèwet tumanduk gilir gumantos, mrebawani dinten-dintening gesang kita. Makaten ugi pageblug (pandhemèti) covid-19 naté ndamel kita kuwatos lan ajrih. Nalika kita kedah mengkeraken taun 2021, mbokmenawi taksih tirah raos kuciwa lan kuwatos ing salebetung manah, amargi mbokmenawi sadaya pangajeng-ajeng lan pepinginan kita dèrèng maujud, pandonga-pandonga kita ngantos wekdal sapuniha ugi dèrèng kaparingan wangsulan. Dinten punika, ing dinten kapisan taun 2022, kita piyambak-piyambak temtu ngajeng-ajeng taun 2022 punika dados taun ingkang kebak

kabingahan. Sadaya pangajeng-ajeng lan impèning gesang kita ing taun 2021 ingkang dèrèng maujud, mugi-mugi saged maujud ing taun 2022 punika.

Kita piyambak-piyambak temtu kagungan pangajeng-ajeng. Pitakènipun, kadospundi pangajeng-ajeng punika dipundhesekaken ing satengahing kawontenaning gesang ingkang kebak karingkihan? Saking Wahyu 21:1-6, waosan kaping kalih ing pangibadah punika, kita saged sinau. Wonten ing tetingalanipun Rasul Yohanes, katingal langit lan bumi ingkang énggal, kitha Yérusalém énggal. Gegambaran bab langit lan bumi énggal punika Yérusalém énggal ing pundi sakathahing luh sampun mboten wonten malih. Ing ngrika kasedhihan lan pasambat punapadéné kasisahan, sampun mboten wonten malih. Samukawis ingkang lami sampun kapengker. Wonten ing wahyunipun punika, Rasul Yohanes mireng suwanten, "Delengen, samubarang kabèh sundadèkaké anyar!" Ing satengahing kasangsaraning panganiaya ingkang dipun-alami Rasul Yohanes, ing ngrika wonten pangajeng-ajeng. Pawartos ing Kitab Wahyu punika dados pawartos ingkang ngiyataken tuwin nuwuhaken pangajeng-ajeng kanggé kita ing satengahing karingkihaning gesang.

Ibu, bapak, anak-anakku ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Sampun temtu jinising geguletan tuwin kawontenan ingkang kita alami bènten kaliyan ingkang dipun-alami Rasul Yohanes. Ananging pinanggih wontenipun piweling ingkang sami. Nalika dipun-ngandikakaken ing Kitab Wahyu 21:5b-6

'....."Sira nulisa, awit pangandika iki kena diprecaya lan bener." 6 Sarta aku dipangandikani manèh, mangkéné, "Samubarang kabèh wis kelakon. Ingsun iki Alfa lan Oméga, Kang Wiwitlan lan Kang Pungkasan. Wong kang ngelak bakal Sunparangi ngombé kanthi lalahanan saka tuking banyu kauripan."

Saking ngriki wonten piweling bilih Gusti Allah ngersakaken supados kita saya rumaket kalayan Panjenenganipun. Anggènipun rumaket kaliyan Gusti Allah

ndadosaken saben tiyang pikantuk pangatag-atag kadosta tiyang-tiyang ingkang ngelak kaparingan toya ingkang nyegeraken ngelakipun. Kasegeran saking Gusti Allah punika langgeng kawontenanipun, amargi kaparingaken déning Gusti Allah ingkang langgeng.

Ibu, bapak, anak-anakku ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Dinten punika kita dumunung ing dinten énggal sarta badhé lumebet ing dinten-dinten candhakipun. Bénjing énjing mboten kita mangertosi. Pitakènipun: Menawi kita mboten mangertos punapa ingkang badhé kelampahan bénjang énjang, déné ing sisih sanès wonten prajanji pangajeng-ajeng saking Gusti Allah ingkang saged kapesthèkaken, punika rak *paradoks*, pamanggih ingkang ketingalipun cengkah? Ing sasisih mboten saged kapesthèkaken, ing sisih sanès saged kapesthèkaken. Lajeng kadospundi gesang punika badhé dipun-lampahi?

Waosoan Injil Matius 25:31-46 dados tetales kanggé kita nglampahi gesang wonten ing pangajeng-ajengipun Gusti Allah. Waosoan punika nggamaraken kadospundi kawontenan pungkasaning jaman. Nalika Putraning Manungsa rawuh malih wonten ing kaluhurani-Ipun. Panjenenganipun kadosdéné pangèn ingkang misah-misahaken antawisipun ménda gèmbèl kaliyan ménda bérok. Ménda gèmbèl nggamaraken tiyang-tiyang ingkang binerkahan tuwin kapapanaken ing sisih tengen. Déné ing sisih kiwanipun inggih punika tiyang-tiyang ingkang ngibarataken minangka ménda bérok.

Kénging punapa ménda gèmbèl dipun-gambaraken ing sisih tengen, lan kadospundi ménda gèmbèl punika wonten ngrika? Tiyang-tiyang ingkang kagamaraken minangka ménda gèmbèl dumunung ing sisih tengen, amargi tiyang-tiyang punika gesang kanthi becik. Ing ngrika kita manggihaken kados punapa kabecikan punika dipun-tindakaken, kadosdéné ingkang dipun tapsiraken déning Willam Barclay. Willam Barclay napsiraken kabecikan punika migunakaken gesang ingkang nélakaken pitulungan kanggé sesami. Wondéné wujuding pitulungan ingkang kasebat kabecikan inggih punika:

1. Pitulungan dhateng sesami lumantar prakawis-prakawis prasaja

Pitulungan prasaja katindakaken kanthi: nyaosi dhahar dhateng ingkang kerapan, nyukani ngunjuk dhateng ingkang kasatan, nyaosi palereban dhateng tiyang neneka, nyaosi ageman dhateng tiyang ingkang kelukaran, nyaosi panglipur kanggé ingkang gerah tuwin ingkang kinunjara.

2. Pitulungan mboten pareng ngétang *untung* (bebathèn) lan *rugi* (tuna)

Wonten ing pasemon punika, Gusti Yésus nedahaken tiyang-tiyang ingkang kasebat minangka tiyang ingkang binerkahan déning Allah Sang Rama inggih punika tiyang-tiyang ingkang wiwit gesang ing jagad punika nyukani pitulungan tanpa ngétang bathi lan tuna. Tanpa ngajeng-ajeng ganjaran ing swarga kanggé pitulungan-pitulungan ingkang dipuntindakaken kanggé tiyang-tiyang ingkang mbetahaken. Ing salebeting nyukani pitulungan, tiyang-tiyang punika nggadhahi manah ingkang nresnani. Wonten ing waosan Injil, kita mirsani modhèl ingkang pundi tiyang ingkang nyukani pitulungan kanthi ngétang bebatheñ lan tuna. Kanthi tembung sanès tiyang punika matur: "Gusti, saupami kawula mangertos bilih tiyang punika Panjenengan, mila kawula badhé mitulungi Panjenengan, ananging éman sanget, kawula nginten tiyang punika sanès Pajenengan, awit saking punika kawula mboten ngaturi pitulungan. Punika gambaranipun tiyang-tiyang ingkang ngétang-étang bebatheñ lan tuna, tiyang-tiyang ingkang mboten dados keparengipun Gusti.

3. Pitulungan kanggé ingkang ringkih lan kapencil punika pitulungan kagem Gusti Yésus

Pitulungan ingkang mboten ngétang bebatheñ lan tuna, déning Gusti Yésus dipun-ibarataken minangka wujud ngaturi pitulungan dhateng Panjenenganipun. Bilih sadaya prakawis ingkang kita tindakaken ing gesang kita punika mboten uwal saking kawigatosanipun Gusti, sadaya ingkang dipun-tindakaken badhé dipun aturaken dhumateng Gusti Allah.

Pasemon ingkang dipun ngandikakaken Gusti Yésus punika, déning gréja dipun-mangertosi minangka timbalanipun gréja kanggé olah karesnan ing satengahing masyarakat. Timbalan punika ateges timbalan kanggé wantun nisihaken dhiri pribadi, nyungkur saking greget ingkang asipat individualis. Lumantar gesang ingkang samidéné mbiyantu, mitulungi, manungsa wonten kanggé sesaminipun kanthi welas-asihipun Sang Kristus. Welas-asih punika ndamel sesamining manungsa samidéné ngiyataken ing salebetung karingkihanipun piyambak-piyambak. Kanthi nindakaken gesang becik, gesangipun dipun-lampahi kanthi nggadhahi makna. Kawontenan nggadhahi makna punika gesang ingkang kebak pangajeng-ajeng amargi ing salebeding kawontenan nggadhahi makna, saben tiyang dados nggadhahi pangajeng-ajeng, nggadhahi pamikiran positif, nglampahi sadaya tumindak tanpa kamélikan ingkang njebag tiyang nglampahi sadaya prakawis kanthi ancas pados kauntungan kanggé dhiri pribadi. Tiyang-tiyang ingkang ancasing gesang pados kauntungan kanggé dhiri pribadi kados makaten punika badhé gampil kuciwa, gampil ngalami kasepèn tuwin kécalan kabingahan. Prakawis punika kelampahan amargi gesangipun dipun-underaken dhateng dhiri pribadi. Margining pangajeng-ajeng kados ingkang kawulangaken Gusti Yésus punika margining kabecikan kanthi nélakaken welas-asih utawi pitulungan kanggé sesami.

Ibu, bapak, anak-anakku ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Ing tanggal 1 wulan Januari taun 2022 punika, sumangga kita yakin bilih gesang kita badhé éwah tuwin awoh. Kita badhé dados tiyang ingkang langkung tanggeljawab dhateng gesang kita piyambak, brayat, sesami tuwin Gusti. Awit saking punika ampun ngantos ngèndelaken wewengan tuwin wekdal ingkang dipun-paringaken Gusti kanthi muspra. Kadadasna gesang kita langkung wonten maknanipun tuwin dados berkah kanggé sesami. Sumangga, kawiwitana lembaran énggal kanthi wetahing kayakinan/pangandel tuwin pangajeng-ajeng ingkang

ageng, katindakna sadaya prakawis lumantar sumarah sawetahipun dhumateng Gusti, katindakna bab-bab ingkang saé saking bab-bab ingkang prasaja, lumampaña tanpa mélik (pamrih) tuwin émuta bilih sadaya ingkang kita tindakaken kanggé kasaénan, sayektosipun mujudaken tumindak-tumindak kita kagem Gusti Allah. Sugeng lumebet ing lembaran énggal ing taun 2022, Gusti nunggil kita. Amin.

[EW-DEN]



KHOTBAH
Minggu Épifani
Minggu, 2 Januari 2022

- | | |
|------------|---------------------------|
| Waosan 1: | Yésaya 60:1-6 |
| Tanggapan: | Jabur Masmur 72:1-7,10-14 |
| Waosan 2: | Éfesus 3:1-13 |
| Injil: | Matius 2:1-12 |

**Pangéjawantahing
Kasaénanipun
Allah dhumateng
Sadaya Bangsa**

◎◎◎

KHOTBAH JANGKEP

**“Pangéjawantahing Kasaénanipun Allah dhumateng
Sadaya Bangsa”**

Ibu, bapak, anak-anakku ingkang dipun tresnani saha nresnani Gusti.

Wekdal punika, kita ngraos-raosaken Minggu Épifani, inggih punika mangsa ing pundi Gréja ngraos-raosaken wiyosanipun Gusti Yésus Kristus minangka Wahyunipun Allah ingkang manjalma manungsa ing jagad, salajengipun para pandhita saking Wétan rawuh sami sujud nyembah dhateng Sang Timur. Pancadan saking makna Épifani lan waosan-waosan Sabdanipun Gusti wekdal punika, kita badhé ngraosaken punapa saha kadospundi pangéjawantahing kasaénanipun Allah dhateng sadaya bangsa ing satengahing karingkihanipun manungsa ingkang wonten.

Pangéjawantahing kasaénanipun Allah punika reruntutaning tumindak ngetinggalaken pakaryan-pakaryanipun Gusti Allah ingkang kanthi nyata ndhatengaken kasaénan ing gesangipun umat manungsa. Pangéjawantahing kasaénanipun Allah mboten namung kaeneraken dhateng bangsa Israël/Yahudi minangka umat pilihanipun Gusti Allah, ananging ugi dhateng sadaya bangsa.

Kadospundi Gusti Allah nélakaken kasaénan-Ipun dhumateng sadaya bangsa adhedhasar paseksining waosan-

waosan Kitab Suci saha cak-cakaning Sabdanipun Gusti wekdal samangké?

Kapisan, Saking Njawi Dhateng Nglebet

Gusti Allah nélakaken kasaénan-Ipun **saking njawi dhateng nglebet**. Punapa tegesipun? Wonten ing kalanganing Kitab Suci, Gusti Allah nélakaken pangéjawantahing kasaénan-Ipun lumantar bangsa-bangsa sanès dhateng bangsa Israèl/Yahudi. Prakawis punika kita panggihaken wonten ing waosan Injil Matius 2:1-12 ingkang ingkang ngandharaken bilih Gusti Allah nggigah krenteg tuwin nuntun para pandhita saking Wétan, ngginakaken lintang ingkang sumunar, ingkang nuntun jangkahing para pandhita ngantos dumugi Yérusalém kanggé nyukani mangertos dhateng tiyang-tiyang ingkang dedunung ing Yérusalem (kalebet pangareping imam, para ahli Torèt tuwin raja Hérodès ingkang mengku panguwaos nalika samanten) bilih sampun miyos Rajanipun tiyang Yahudi, lan malah para pandhita punika sujud nyembah saha nyaosi pisungsung dhumateng Sang Timur/Mésias kasebat. Pangéjawantahing kasaénan-Ipun Gusti Allah punika dipuntélakaken dhumateng bangsa Yahudi ing satengahing karingkihanipun, inggih punika mboten mangertosipun bangsa Yahudi punika menggah miyosipun Gusti Yésus Kristus lan anggènipun mboten gadhah daya ing sangandhaping panguwaosipun raja Hérodès.

Makaten ugi waosan Kitab Yésaya 60:1-6 nerangaken bilih kasaénaning Allah dipun-wujudaken lumantar 2 (kalih) cara, inggih punika:

- a. Raja Korèsy ngluwari bangsa Israèl wangsul dhateng Yérusalém kanggé mbangun gesang énggal ing ngrika.
- b. Tiyang-tiyang Midian lan Éfa ingkang dipun osikaken déning Gusti Allah badhé dumugi saking Syéba dhateng Yérusalém momot emas lan menyan minangka ganjaran kanggé mbiyantu damel pulihipun Yérusalem tuwin anggènipun mbangun Padaleman Suci.

Pangéjawantahing kasaénan-Ipun Gusti Allah punika dipun-wujudaken dhateng bangsa Israèl ing satengahing

karingkihanipun, inggih punika anggènipun bangsa Israël mboten gadhah daya uwal saking Babèl lan saking panandhanging gesangipun wonten ing jugruganing Yérusalèm.

Makaten ugi wonten ing gesang kita minangka bangsa Indonesia sarta tiyang Kristen ing *zaman now* punika. Kalamangsa Gusti Allah ngagem bangsa-bangsa/péhak “njawi” kanggé nélakaken pangéjawantahing kasaénan-Ipun Gusti Allah dhumateng kita, ing satengahing karingkihaning gesang wekdal samangké. Minangka conto:

a. Gusti Allah ngagem bangsa-bangsa sanès saged ngasilaken sawetawis jinising vaksin covid 19, nyambut damel sesarengan kaliyan bangsa Indonesia, lan mbiyantu vaksin covid 19 dhateng bangsa Indonesia. Ancasipun supados pamarintah/bangsa Indonesia saged nindakaken *Herd Immunity* (*kekebalan kelompok*, kawontenan kedhotipun golongan) salebetipun nanggulangi anggènipun covid-19 nular.

Makaten ugi Gusti Allah ngagem bangsa-bangsa sanès kanggé mbiyantu pamarintah Indonesia ing salebetipun nanggulangi marupi-rupi pakèwet ingkang kelampahan ing salebeting negari. Pambiyantu lan panyambutdamel sesarengan punika taksih lumampah terus ngantos wekdal samangké.

b. Gusti Allah ngagem bangsa-bangsa sanès mbiyantu pamarintah Indonesia ing salebeting anggènipun ngupakara kacilakan ingkang mboten ngremenaken (upaminipun: dhawahipun montor mabur, kèremipun kapal ingkang saged nyilem, lspp.) lan bancana alam (siti jugrug, bena ageng, tsunami, lsp.).

c. Gusti Allah ngagem tiyang-tiyang sanès Kristen dados panyumbang rah *plasma konvalesen* ingkang dipun-betahaken kanggé tiyang-tiyang Kristen ingkang klebetan covid 19. Gusti Allah ugi ngagem tiyang-tiyang sanès Kristen dados tiyang ingkang kajibah dados Gugus Tugas, Tim Medis saha jejibahan-jejibahan sanèsipun kanggé mitulungi tiyang-tiyang Kristen ingkang klebetan covid 19.

d. Lan salajengipun.

Kaping Kalih, Saking Nglebet Dhateng Njawi

Gusti Allah nélakaken kasaénan-Ipun **saking nglebet dhateng njawi.** Punapa tegesipun? Wonten ing kalanganing Kitab Suci, Gusti Allah nélakaken pangéjawantahing kasaénan-Ipun Gusti Allah lumantar bangsa Israèl/Yahudi dhumateng bangsa-bangsa sanès. Prakawis punika kita panggihaken wonten ing waosan tanggapan Mazmur 72:1-7, 10-14 ingkang nerangaken nilih Gusti Allah ngagem pandonganipun Sang Prabu Dawud sarta pandonganipun umat Israèl kanggé nyembadani raja Israèl saged njejegaken wewaton/hukumipun Gusti Allah lan ndhatengaken kaadilan tuwin tentrem rahayu, kawiwitan saking bangsa Israèl ngantos dumugi bangsa-bangsa sanès. Pangéjawantahing kasaénan-Ipun Gusti Allah punika dipun-télakaken dhumateng bangsa-bangsa sanès Israèl ing satengahing karingkihanipun, inggih punika anggènipop mboten mangertos lan anggènipop raja-rajanipun bangsa sanès mboten gadhah kasagedan salebetipun njejegaken wewatonipun Gusti Allah tuwin ndhatengaken kaadilan lan tentrem rahayu saking Gusti Allah.

Makaten ugi waosan Éfesus 3:1-13 nerangaken bilih kasaénaning Allah dipun-télakaken lumantar utusan-Ipun, kadosta rasul Paulus kanggé martosaken Injiling Sang Kristus dhumateng pasamuwan ing Éfesus ingkang kadadosan saking tiyang-tiyang sanès Yahudi, bilih tiyang-tiyang sanès Yahudi punika ugi tumut dados ahli waris lan gezelitaning sariran-Ipun Sang Kristus, ingkang pinaringan kawilujengan saking Gusti Allah. Pangéjawantahing kasaénan-Ipun Gusti Allah punika dipun-ketingalaken dhateng pasamuwan ing Éfesus ing satengahing karingkihanipun, inggih punika anggènipop mboten cumawisipun lan anggènipop mboten mangertosipun pasamuwan ing Éfesus menggah Pawartos Injilipun Sang Kristus sarta pangertosan dhumateng Gusti Allah.

Makaten ugi wonten ing gesang kita minangka bangsa Indonesia sarta tiyang Kristen ing *zaman now* punika. Gusti Allah asring ngagem bangsa Indonesia tuwin kita kanggé nélakaken pangéjawantahing kasaénan-Ipun Gusti Allah

dahteng bangsa-bangsa/péhak “njawi”, ing satengaing karingkihanipun wekdal samangké. Minangka conto:

- a. Gusti Allah ngagem pamarintah/bangsa Indonesia ndedonga sesarengan ing nglebet negari, sarta nyuwanten supados PBB utawi bebadan antawisipun bangsa sanèsipun saged mbiyantu bangsa-bangsa ingkang sami perang sageda mungkasi peperanganipun sarta bedhami (tuladhanipun: prakawis perang antawisipun golongan Hamas Palestina kaliyan Israèl, sarta peperangan ing antawisipun bangsa-bangsa sanèsipun). Gusti Allah ugi ngagem pamarintah/bangsa Indonesia nyuwanten lan tumut siyaga nindakaken ayahan wigatos ing PBB salebetipun nanggulangi pasulayan Laut China Selatan.
- b. Gusti Allah ngagem pamarintah/bangsa Indonesia mbiyantu pamarintah/bangsa India, kanthi ngintunaken bebantu *oxygen cylinders* lan *oxygen concentrators* kanggé mbiyantu tiyang-tiyang ing India nanggulangi kawontenan cumawising *oksigen* ingkang karaosaken cupet jalaran tsunami covid 19 ingkang inggil sanget ing ngrika.
- c. Salajengipun, Gusti Allah ngagem tiyang-tiyang Kristen dados panyumbang rah *plasma convalesen* ingkang dipun-betahaken kanggé tiyang-tiyang sanès Kristen ingkang klebetan covid 19. Gusti Allah ugi ngagem tiyang-tiyang Kristen dados *petugas Gugus Tugas*, *petugas Tim Medis* lan *petugas* sanèsipun mitulungi tiyang-tiyang sanès Kristen ingkang klebetan covid 19.
- d. Lan salajengipun.

Saking anggèn kita ngraos-raosaken Sabdanipun Gusti punika kita saged mangertosi bilih Gusti Allah tansah kagungan cara makarya tuwin wekdal ingkang pas, éndah, saha mboten winates, kadospundi kasaénaning Allah saèstu dipun-babar wonten ing gesangipun sadaya bangsa. Sumangga kita masrahaken dhiri sawetahipun supados kaagem déning Gusti Allah dados pirantos-Ipun ndhèrèk ndumugèkaken kasaénan-

kasaénanipun Gusti Allah kanthi nyata saha lestantun lumampah ing satengahing gesangipun bangsa Indonesia sarta dhateng bangsa-bangsa sanès. Sugeng ngraos-raosaken Minggu Épifani. Gusti Yésus Kristus tansah ngayomi tuwin mberkahi kita. Amin.

[AAP-DEN]



KHOTBAH
Minggu Baptisipun Gusti Yésus
Minggu, 9 Januari 2022

Waosan 1: Yésaya 43: 1-7
 Tanggapan: Jabur Masmur 29
 Waosan 2: Lelakoné Para Rasul 8:
 14-17
 Injil: Lukas 3:15-17, 21-22

**Sumadya
 Ngrengkuh
 Kagagalán**



KHOTBAH JANGKEP

“Sumadya Ngrengkuh Kagagalán”

Bapak, Ibu lan anak-anakku ingkang dipun tresnani Gusti,

Pocapan “Selamat lan Suksès” temtu naté kita pireng utawi asring kita waos, dadosa wonten ing poster utawi plakat punapa déné ing reroncèning sekar. Pocapan kasebat padatan kaaturaken dhateng tiyang-tiyang ingkang kasil/sembada anggènipun ngrampungaken pasinaonipun, minggah pangkat utawi nalika ngabsahaken satunggaling *persahaan* (bebadaning pakaryan). Sayektosipun, kanggé nggayuh kasembadan kasebat, satunggaling tiyang temtu naté ngalami punapa ingkang kawastanan kagagalán. Lumantar kagagalán ingkang naté katindakaken, satunggaling tiyang badhé sinau satunggaling prakawis ingkang énggal, langkung menebaken patrapipun ngrancang, tuwin langkung tumemen anggènipun mbudidaya. Awit saking punika, kasembadan lan kagagalán sejatosipun kalih prakawis ingkang samidéné wonten gegayutanipun, ananging asring kita kanthi mboten kraos malah ndadosaken kalih prakawis punika lelawanan.

Kanggé tiyang-tiyang ingkang naté ngalami gagal, dipun-anggep mboten pecus lan kirang nggadhahi kasagedan. mBoten nggumunaken menawi ciri mboten saé kasebat salajengipun rumaket wonten ing tiyang-tiyang ingkang nindakaken kalepatan lan salajengipun gagal. Prakawis punika

lajeng mecungulaken panganggep menawi kagagalan sampaun samesthinipun dipun-énggati, dipun bucal ingkang tebih, sampaun ngantos ngalami prakawis punika.

Panganggep bilih kagagalan mboten saged dipun-dandosi ugi naté mecungul wonten ing pikiranipun Yakub tuwin tiyang-tiyang Israèl. Tiyang-tiyang Israèl gagal (damel dosa) amargi mboten maèlu dhateng margi ingkang dipun-tedahaken déning Gusti Allah. Israèl lajeng menggalih menawi Gusti Allah badhé nilar tuwin nyirnakaken gesangipun. Ketingalipun, Israèl sampaun menggalih kanthi cara klèntu, amargi Gusti Allah tetep setya dhumateng janjin-Ipun, minangka panebus ingkang mboten wonten sanèsipun. Gusti Allah salajengipun nélakaken dhumateng Israèl, kanthi ngandika: “*Sira aja wedi, awit Ingsun wus nebus sira, Ingsun wus nimbal sira kanthi nyebut jenengira, sira iki kagunganingSun.*” (Yésaya 43:1). Gusti Allah ugi maringi prajanji menawi Panjenenganipun badhé rawuh sesarengan kaliyan umat Israèl, ngantos karépotan tuwin bebaya mboten badhé ngancam umat Israèl (ayat 2), amargi Israèl makaten ajinipun wonten ing paningalipun Gusti Allah, sanadyan sapérangan ageng saking umat Israèl mboten mbangun turut sarta mboten saged dipun dandosi, ananging Gusti Allah tansah maringaken katresnan tuwin kapredulèn-Ipun dhumateng umat-Ipun.

Bapak, Ibu lan anak-anakku ingkang dipun kasihi Gusti,

Nalika satunggaling tiyang sampaun nindakaken panerak utawi kalepatan, mila limrah menawi tiyang-tiyang wau ngraosaken ajrih dhateng angsal-angsalaning pandamel ingkang badhé dipun tanggel. Kadosdéné Juru Masmur nalika nggambarkeraken kaluhuran tuwin panguwaosipun Allah ingkang nggegirisi sanget kados gludhug, lalu mulad-mulad, bena ageng. Minangka umatipun Gusti, sampaun sapantesipun kita ngaturaken pamuji saha kamulyan dhumateng Panjenenganipun. Lamun amargi kawontenan kita minangka manungsa dosa, mila kita mboten saged nggayuh kaluhuranipun Gusti Allah, ngantos kita ngraosaken ajrih nalika kasaénanipun Allah ngaruh-aruhi kita. Minangka Gusti ingkang

kuwaos, Panjenenganipun ngaruh-aruhi jagad raya, manungsa, kitha, seganten, tuwin nélakaken berkah tentrem rahayu kanggé umat-Ipun Allah saking sadaya suku bangsa.

Kasaénanipun Gusti Allah salebetipun ngaruh-aruhi lan nélakaken kasaénanipun tuwin kamulyan-Ipun dhumateng sadaya suku bangsa ugi dipun-tedahaken déning Lukas ing Kitab Lelakoné Para Rasul 8. Ing wingkinging panganiaya ingkang kelampahan ing kitha Yérusalém, Roh Suci dipun-wujudaken dhateng tiyang-tiyang Samaria lumantar pekabaran Injil ingkang katindakaken déning Filipus, sasampunipun dipun-tundhung saking Yérusalém. Filipus piyambak punika sanès tiyang Yahudi ingkang sadèrèngipun kaangkat dados dhiaken kanggé ngladosi tiyang-tiyang miskin (Lelakoné Para Rasul 6:5). Filipus tumunten késah dhateng satunggaling kitha ing tlatah Samaria lan martosaken Injil tuwin ngawontenaken ptatandha-pratandha kaélokan ing ngrika. Asilipun, kathah tiyang Samaria dados pitados lan kabaptis (Lelakoné Para Rasul 8: 12).

Para Rasul ing Yérusalém tumunten mireng menawi tiyang-tiyang ingkang manggèn ing Samaria sampun nampèni sabdanipun Allah, mila Para Rasul ngutus Pétrus lan Yohanes. Ancasipun Para Rasul ngutus Pétrus lan Yohanes kanggé nélakaken absahipun tiyang-tiyang Samaria minangka pandhèrèkipun Gusti Yésus Kristus. Rasul kekalih kasebat tumunten ndedonga, lan Roh Suci karsa tumedhak dhateng tiyang-tiyang Samaria, ngantos tiyang-tiyang Samaria katampi ing salebetung patunggilanipun umat para pandhèrèkipun Gusti Yésus Kristus. Témbok antawisipun tiyang Yahudi lan tiyang Samaria dipun-icali, sadaya dipun-tunggilaken ing salebetipun Gusti Yésus Kristus, ngantos pawartos Injil saged dipun-gayuh déning gesangipun umat ingkang langkung wiyar.

Bapak, Ibu lan anak-anakku ingkang dipun tresnani Gusti,

mBoten sadaya tiyang Yahudi kagungan pamanggih ingkang tanpa winadi kados para Rasul. Nalika Yohanes Pembaptis taksih gesang, tiyang-tiyang Yahudi nyakini sanget menawi tiyang-tiyang punika bangsa ingkang dipuntresnani

Gusti Allah. Tiyang-tiyang Yahudi nggadhahi panganggep menawi Gusti Allah namung badhé ngakimi bangsa-bangsa sanès, déné tiyang-tiyang Yahudi badhé dipun wilujengaken saking paukuman, amargi tiyang-tiyang Yahudi punika nggadhahi hak ingkang utami. Salajengipun Yohanes maringi mangertos menawi anggènipun Gusti Allah ngakimi tumanduk kanggé tiyang Yahudi punapadéné sanès Yahudi.

Piwulang gesang nggadhahi kasusilan ingkang dipun paringaken Yohanes Pembaptis pancèn mbekta pangaribawa ageng kanggé masyarakat nalika samanten, kathah tiyang mratobat, mengker saking dosa wangsal malih dhumateng Gusti. Minangka tandhaning pamratobat, panelangsa tuwin margi pasucèning dosa, mila tiyang-tiyang ingkang mratobat kedah kabaptis (kaslulupaken) ing lèpèn Yordan. Sasampunipun mbaptisi tiyang kathah, Yohanes salajengipun ngajak tiyang-tiyang ingkang sampun kabaptis wau supados mraktèkaken kaadilan lan katresnan dhumateng sesamining manungsa (Luk. 3: 10-14). Prakawis punika ingkang njalari tiyang kathah sami takèn-takèn menggah Yohanes sarta ngajeng-ajeng menawi Yohanes punika Mésias. Yohanes salajengipun ngandika bilih piyambakipun mbaptisi mawi toya, ananging Panjenenganipun badhé mbaptisi tiyang mawi Roh Suci lan latu.

Ing ayat 16, Yohanes salajengipun nandhesaken adegitipun Gusti Yésus minangka Mésias, kanthi ngandika menawi dhirinipun (Yohanes) mboten langkung inggil saking satunggalan abdi, ingkang kulina nguculi tangsuling trumpahipun. Yohanes nggamaraken menawi dhirinipun babar pindhah mboten wonten punapa-punapanipun menawi kabandhingaken kaliyan Mésias, malah piyambakipun ngrumaosi mboten pantes nguculi tangsuling trumpah-Ipun.

Sasampunipun ngucapaken makaten, Lukas ing ayat 21 nglajengaken pocapanipun: "*Nalika wong akèh iku wus padha kabaptis lan nalika Yésus uga kabaptis*" (Lukas 3: 21) Gusti Yésus kados-kados madoni pangucapipun Yohanes, menawi sekawit Yohanes ngucap bilih piyambakipun mboten pantes nguculi tangsuling trumpah-Ipun Gusti Yésus, samangké

malah Gusti Yésus piyambak ingkang nyelaki Yohanes lan ndhèrèk kabaptis sesarengan tiyang kathah, déné anggènipun kabaptis wonten ing urutan kantun piyambak. Ancasipun Gusti Yésus nindakaken makaten, amargi Panjenenganipun karsa nélakaken anggènipun nyawiji, *solider* utawi rumaos sanasib sesarengan kaliyan tiyang-tiyang dosa. Baptisanipun Gusti Yésus mboten ateges Panjenenganipun dosa sami kadosdéné tiyang kathah ing ngriku, amargi Panjenenganipun piyambak punika Sang Suci ingkang gesang tanpa dosa. Baptisanipun Gusti Yésus punika patrap anggènipun Gusti Yésus ngasoraken dhiri ingkang nyamékaken Sariranipun kaliyan umat manungsa dosa ingkang saweg ngungsi dhumateng Gusti Allah kanggé nggayuh kawilujengan saking paukumanipun Allah. Gusti Yésus ingkang sayektosipun Sang Putranipun Allah, karsa ngrengkuh kadosanipun manungsa, tuwin karsa dados panebusipun (dados sesulihipun) manungsa dosa.

Nalika Gusti Yésus kabaptis lan saweg ndedonga, langit tumunten piyak lajeng katedhakan Roh Suci arupi peksi dara, sarta kapireng suwanten saking langit: "*Sira iku Putraningsun kang kinasih, kang ndadèkaké keparengingsun.*" Lelampahan ingkang dipun cariyosaken déning Lukas inggih punika lelampahan ingkang èstu-èstu kaleksanan, sanès namung pengalamaning batos ingkang namung dipun alami déning Gusti Yésus, ananging dipun-seksèni lan dipun pirsani déning tiyang sanès, ngantos saged nyukani paseksi. Lelampahan punika dipun antebaken sanget déning ingkang nyerat Injil Lukas amargi kepéngin nedahaken menawi Gusti Yésus punika èstu-èstu Putranipun Allah. Tumindakipun Gusti Yésus ingkang ndamel Gusti Allah karenan dhumateng Panjenenganipun, sesambedian kaliyan kasangsaran ingkang badhé dipun alami minangka panebus/sesulihipun umat manungsa. Pandamel ingkang katindakaken déning Gusti Yésus punika katindakaken kanthi ènget sawetahipun, tegesipun Panjenenganipun pirsa menawi badhé nandhang sangsara. Gusti Yésus kanthi ènget ngraketi, malah ngrengkuh manungsa dosa.

Bapak, Ibu lan anak-anakku ingkang dipun tresnani Gusti,

Keparengipun Gusti Yésus ngrengkuh kadosanipun manungsa dados tuladha kanggé kita supados sumadya ngrengkuh kagagalanan-kagagalanan ingkang naté kita alami. Tembung ngrengkuh piyambak nggadhahi makna mempeng nyelak, nggayuh, utawi ndadosaken prakawis punika (kagagalanan) minangka péranganing gesang kita. Sepisan malih, prakawis punika badhé angel kita mangertosi, amargi kacondhongan kita punika nggadhahi pikajeng kasembadan, sanès kagagalanan.

Kalepatan utawi kagagalanan ingkang naté kita alami lan kita lampahi ing gesang punika, sanès pungkasan saking sedayanipun. Gusti Yésus nedahaken menawi mboten wonten masalah tumrap kagagalanan. Makaten ugi menggah Yohanes Pembaptis, ingkang nedahaken dhirinipun mboten langkung inggil saking satunggaling abdi. Sampun temtu kita mboten namung kèndel dumugi babakan punika. Dadosa Yohanes Pembaptis punapadéné Gusti Yésus salajengipun pinaringan pangajeng-ajeng tuwin pakurmatan amargi sumadya ngrengkuh kagagalanan kasebat. Nalikanipun Gusti Yésus ngrengkuh kagagalanan kanthi sumadya kabaptis, Gusti Allah nélakaken menawi Gusti Yésus punika Putran-Ipun ingkang dipun tresnani, lan Gusti Allah kepareng dhateng punapa ingkang katindakaken Gusti Yésus.

Kesagahan kanggé ngrengkuh kagagalanan punika cara kita minangka manungsa ing salebetung ngriyayakaken karingkihan kita, amargi mboten wonten tiyang satunggal-satunggala ingkang mboten naté gagal. Awit saking punika, kanthi ngakeni adegging gesang kita, mila kita badhé saya nggatosaken saben pérangan ing gesang punika, tuwin nggadhahi pangajeng-ajeng ing wekdal ingkang badhé dhateng.

Bapak, Ibu lan anak-anakku ingkang dipun tresnani Gusti,

It's oke to fail, gagal mboten punapa-punapa, amargi nalika kita rengkuh kagagalanan punika, mila kita badhé sinau

satunggaling prakawis ingkang énggal, jumangkah langkung prayogi, saya ngrumangsani, tuwin saya ngudi suméndhé dhumateng Gusti, bilih kita punika manungsa ingkang ringkiah lan mboten kukuh.

Amin.

[IW.K-DEN]



BAHAN LITURGI

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

BAHAN LITURGI**Minggu Advèn 1***Mingu, 28 Novèmber 2021*

Katrangan:

PS: Palados Sabda

PL: Palados Liturgi

P: Pradata

U: Umat

L: Lèktor

**“Ngrimat
Gesang srana
Pandonga”**

**PACAWISAN**

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta umat ngraosaken pangibadah ingkang badhè kaayahán
- Umat nyipta wekdal ening minangka pacawisan pribadi
- Pawartos Pasamuwan kawaosaken.
- Bèl/Lonèeng kaungelaken .

*Pasamuwan Jumeneng***TIMBALAN KANGGÉ NGIBADAH**

PL: (*Njuméd Lilin Advèn-1 lan maos Panuntun kairingan instrumèntal: **KJ 81***)

Para sedhèrèk ingkang kinasih lan ngasihi Gusti. Wekdal punika kita lumebet ing Minggu Advèn kapisan. Lilin kapisan nélakaken simboling gesang ingkang kapenuhan pangajeng-ajeng. Pangajeng-ajeng wontenipun pulihing sesambutan kita kaliyan Gusti, kaliyan sesami lan kaliyan sedaya titahipun Gusti. Kados-déné paseksinipun rasul Paulus: “*Marga saka iku kowé kudu padha mantep ing pracaya, tetep santosa ora kéguh, lan aja nganti nylèwèng saka ing pangarep-areping Injil kang wus padha kokrungu, lan wus kagelaraké ana ing salumahing bumi sakurebing langit, lan aku iki Paulus kang wus dadi peladosé.*” (Kolose 1:23)

Kidung Pambuka

U: (KPJ 222:1-3, RAWUHA SANG IMANUÈL)

KPJ 242 Rawuha Sang Imanuèl

- 1) Rawuha Sang Imanuèl ngluwari umat Israèl.
dènnya nandhang kasisahan, ngantu-antu pitulungan.
Gya suraka! Hé, Israèl. Pethukna Sang Imanuèl.
- 2) Rawuha trubus Isai ngesorken dosa lan pati.
Umat kang nanhdhang sangsara luwara saking cintraka.
Gya suraka! Hé, Israèl. Pethukna Sang Imanuèl.

VOTUM

PS: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti
ingkang nitahaken langit lan bumi.

U: Ngidungaken Amin, Amin, Amin.

SALAM

PS: Sih-rahmatipun Gusti lan tentrem rahayu nunggil ing
panjenengan sedaya!

U: LAN NUNGGIL PANJENENGAN UGI

Pasamuwan Lenggah

PAMBUKA

P2: Para sedhèrèk, raos ajrih lan mboten pitados ingkang
kakanthènan rancangan-rancanganing manungsa ingkang
kaanggep paling logis mujudaken kanyataning gesangipun
tiyang pitados ing sedaya mangsa. Kosok-wangsulipun,
wani nganti-anti lan pitados punika patraping pitados
ingkang mboten gampil nanging éndah. Inggih punika
patraping pitados ingkang kakersakaken déning Gusti
Allah lan ingkang kaparingaken déning rasul lan nabi.
Patraping pitados punika kawulangaken saking génerasi

dhateng génerasi awit Gusti Allah sampun njangkepi sabdanipun wonten ing Gusti Yésus Kristus.

U: (Ngidungaken KPJ 231:1-3)

“KADOS PUNDI, DHUH GUSTI”

- 1) Kados pundi dhuh Gusti nggèn kula sung urmat methukken klayan puji mring Ratuning jagad?
Mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
- 2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra jalma,
tumut nandhang sangsara ngrembat kasusahan
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.
- 3) Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya.
Paduka rawuh mriki karsa nandhang papa?
Inggih piwlas Paduka saha palimirma,
lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

PANGAKENING DOSA

PL: Dhuh Gusti, kanthi jujur kawula kepéngin matur bilih kameprelen nèmpèl sanget ing dhiri kawula. Kawula mboten rumaos andhap asor lan mawas dhiri kawula. Kawula malah asring nengenaken kaangkuhan lan kaégoisan kawula. Inggih bab punika ingkang ugi ndadosaken kawula sami nglirwakaken pentingipun mbangun rélasi ingkang saé kaliyan Paduka. Gusti, mugi ngapunteni kawula...

U: (*Ngidungaken KPJ 45:1*)

**Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti**

PL: Dhuh Gusti, kanthi jujur kawula kepéngin matur bilih karapuhan raket sanget ing dhiri kawula. Srana mekaten, kawula langkung remen ngrimati ngendhem sentig lan

pandugi awon dhateng para sedhèrèk kawula. Kawula sampun kulina nyaman nglangkungi dinten-dinten kawula mboten srana nampi lan ngaosi para sedhèrèk nalika wonten ing satengah kawula, nanging srana mèri lan drengki kawula nglampahi dinten-dinten kawula. Dhuh Gusti, mugi ngapunteni kawula...

U: **(Ngidungaken KPJ 45::2)**

Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.

Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Dhuh Gusti, kanthi jujur kawula kepéngin matur bilih karapanhan nyata sanget ing dhiri kawula. Pramila kawula mawas bilih dhiri kawula punika titahipun Gusti ingkang paling mulya. Karemenan kawula inggih punika ngeruk telas-telasan alam ingkang Paduka titahaken lan ndadosaken titah Paduka namung kanggé maremaken hawa nepsu kawula ingkang mboten winates punika. Dhuh Gusti, mugi ngapunteni kawula...

U: **(Ngidung KPJ 45:3)**

Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkikh lan semplah.

Reribet lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti

Pasamuwan Jumeneng

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Awit karana sih-kawelasnipun Gusti ingkang tanpa winates, Panjenenganipun karsa nampi aturing saben tiyang ingkang keduwung lan pamratobat ingkang kaaturaken kanthi tulus. Pramila ingkang Mahaasih paring pangapunten lantaran pakaryanipun lan nuntun tiyang ingkang sampun kaapunten mlebet ing gesang énggal minangka pamaturnuwunipun. Pawartos sih-rahmat kapethik saking (**2 Tesalonika 2:16**): **“Anadéné Panjenengané, Gusti kita Yésus Kristus, lan Gusti Allah, Rama kita, kang**

*sajroning sih-rahmaté wus ngasihi kita sarta
kang wus ngganjar panglipur kang langgeng
tuwin pangarep-arep becik marang kita,”*

“Mekaten sih-rahnat saking Gusti.”

U: Sokur dhumateng Gusti!

(*procantor ngidungaken “Rapuh”* – Pdt. Prof. Joas Adiprasetya –
Loganta Tarigan -<https://www.youtube.com/watch?v=dLbEKTk9Lkk>)

Lewat bening matamu yang basah oleh air mata
kulihat wajah rapuhku dengan raga digerus luka
dan sukma mendamba cinta.

(lewat bening matakku yang basah oleh air mata
kaulihat wajah rapuhmu
dengan raga digerus luka
dan sukma mendamba cinta)

Tak usah merasa digdaya sebab kita mulia
tanpa harus menikam sesame sebab kita mulia
dalam kerapuhan sejati.

Kita semua insan tak berdayamari rawat kehidupan
melangkah perlahan ke depan asal tetap bersama
dan kasih suci menuntun.

(*sasampunipun procantor ngidungaken kidung “Rapuh”,
pasamuwan ngidungaken kidung “Rapuh”*)

Pasamuwan Lenggah

PELADOS SABDA

Pandonga Épiklése (lenggah)

PS: (*Ndedonga nyuwun pananutuning Roh Suci*)

Waosan Kapisan

L: Maos Yérémia 33:14-16, (*kapungkasan srana, “Mekaten Sabdanipun Gusti.”*)

U: SOKUR DHUMATENG GUSTI ALLAH

Waosan Masmur

L: Mos Masmur 25:1-10, (kawaos kanthi sesautan kaliyan pasamuwan)

Waosan Kaping kalih

L: Maos 1 Tesalonika 3:9-13, (*kapungkasan srana, “Mekaten Sabdanipun Gusti.”*)

U: SOUKUR DHUMATENG GUSTI ALLAH

Waosan Injil

PS: Maos Lukas 21:25-26, (*kapungkasan srana, “Mekaten Injiling Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu punika kita ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan nindakaken ing gesang padintenan kita. Maranata!”*)

U: (*Ngidungaken*) “MARANATA! 3X”

Khotbah

Wekdal Ening

Pasamuwan Jumeneng

Pangaken Pitados

Pt 3: Sesareangan kaliyan pasamuwanipun Gusti ing sauruting abad lan papan, mangga kita sami ngucapaken pangaken pitados miturut Pangaken Pitados Rasuli, ingkang mekaten...

U: KULA PITADOS... (lsl).

Pasamuwan Lenggah

Pandonga Safaat

- PS: Ngunjukaken pandonga safaat, kapungkasan kanthi tembung “*Mugi Gusti njurungi pandonga kawula; awit namung dhumateng Paduka kawula ngajeng-ajeng. Wontwn ing asmanipun Gusti Yésus Putra Paduka kawula nyuwun berkah. Panjenenganipun ugi ingkang mulang kawula ndedonga: ...*”
- U: (*Ngidungaken “Doa Bapa Kami” Cip. Pdt. David Christianto*)

DOA BAPA KAMI

D=d0, 4/4

Syair : Matius 6:9b-13
Lagu & Arr: David Christianto

Intro:

D G/D Gm/D D
 5 3 3 2 2 1 1 / 6 4 4 2 2 1 1 / 5 4 4 2 2 1 5 5 / 6 . . . //

D A/D C/D Am DM7 GM7

5 3 3 2 2 1 .5 | 5 . . . | 5 3 3 2 2 1 .5 | 5 . . . 5 | 6 3 .. 3 2 3 |

Bapa kami yg di sor - ga, di kuduskanlah na ma - Mu Da tanglah ke ra ja-

F#m7 Em7 Em7/A A Dsus D

2 1 . . . 1 | 3 2 2 1 3 2 . 1 | 3 2 0 1 1 7 6 .7 1 | 1 . . . 1 0 0 0 1 |
 An-Mu, Ja di lah kehendak-Mu di Bu mi seper ti di Sur - ga Be-

G A/G F#m Bm Em A Am D Gm CM7

6 6 6 4 2 1 7 6 | 6 3 1 .1 | 4 3 2 1 7 1 2 6 | 6 . . . 1 | 8 8 8 2 2 2 8 |
 rikanlahka mi pada ha ri i ni ma kanan kani yg secukupnya dan ampuni lah kami a kan

Fm7 Bb Gm7 A Dm Em E Asus-A

5 5 5 2 1 1 0 1 | 4 2 2 1 7 1 2 4 | 4 2 .1 | 4 2 2 1 4 2 2 1 | 5 5 .1 |
 ke sa lahan kami seper ti kami juga mengampuni orang yg bersa lah ke pada kami

D /F# G /F# Em A D /C# Bm

3 3 3 3 5 | 5 4 3 4 . | 2 2 5 . 4 | 4 3 3 . 2 | 1 1 1 1 3 |
 dan janganlah mem ba wa kami ke dalam pen co ba an, te ta pi le paskan-

Emi Asus A D G A/G F#m Bni
 3 2 3 4 . | 2 2 2 2 1 7 | 1... | 6 5 6 1 7 . 6 | 5 4 5 7 6 5 6' 3 |
 lah ka mi dari pada yg ja hat [Kar'na Engkaulah yg Empunya ke ra ja an dan

 Emi A Am D Bni/G# A/G F#m Bni Emi A Dsus-D
 4 4 4. 2 5.6| 6 6.. | 6 5 6 1 7 1 2 7 | 5 7 1 1. | 4 3 4 6 5 7 | 2.1 ||
 Kua sa dan Kemu lia an sampai se la ma-la manya A - min, A - min

PISUNGSUNG

P: Mangga kita nélakaken sokur dhumateng Gusti srana ngaturaken pisungsung adhedhasar piwulangipun Kitab Suci ing *Rum 12:1*,
“Kang iku para sedulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sejati”

U: (***Ngidungaken KPJ 160:1-2***)

KPJ 160:1-2 Gusti, Kawula Ngaturken Badan-nyawa

- 1) Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula,
Sumangga Paduka agem kawula kagunganta.
Ref.: Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
Dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah paduka.
- 2) Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan
Kagema dados lantaran babaring kabingahan.
Reff.:

Pasamuwan Jumeneng

U

M: (*pandonga pisungsung lan panutup*)

PANGUTUSAN

PS : Kanthi kebak ing pangajeng-ajeng mangga kita nglajengaken pangibadah kita wekdal punika ing gesang kita padintenan. Mangga kita sami nindakaken punapa ingkang kita dongakaken lan ndongakaken punapa ingkang kita tindakaken. Dinten ing ngajeng kita mboten kita mangertosi sawetahipun, ingkang cetha kita nangertos bilih Gusti nunggil kaliyan kita ing gesang kita.

U: (*Ngidungaken PKJ 241 : 1 & 3*)

AKU TAN NATÈ MANGERTI

- 1) Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka
mung tansah pasrah mring Gusti, yéku Pamarta setya
Mantep pracaya ing ati manut rèh lan sabdanya.
Tinuntun dumugèng janji mring kasampurnan swarga.
- 3) Uripku ing pangrèhé Gusti, tan ana pangrèh liya.
Kasarasan wah rejeki, wuwuhing sih-nugraha
Rancangan tinata tliti, pratandhaning sutresna.
Aku tan kwatir, tan wedi, mung begja kang pinanggya.

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti lan mirsana jagad!

Ps: KAWULA NGENERAKEN MANAH DHUMATENG GUSTI LAN NYAWANG JAGAD.

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus!

U: KAWULA SUMADYA DADOS SEKSINIPUN.

PS: Pinujia Gusti,

U: SAMANGKÉ LAN SALAMAIMIPUN!

Berkah

PS: Nampènana berkahipun Gusti!

“GUSTI mberkahi panjenengeyun lan ngayomi panjenengan; GUSTI nyunaraken wedanannipun dhateng pannjenengan lan maringi sih-rahmat; GUSTI nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu.”

PS & U: MARANATA, AMIN !

Kidung Panutup

U: Ngidungaken (KJ 346 : 1)

LAMUN KULA MLAMPAH

- 1) Lamun kula mlampah ing margining Allah,
kula sèstu ngraosken bingah
Kula yakin èstu, Gusti nuntun temtu
mring tyang kang pitados satuhu.
Ref.: Mung swiji kabegjan sejati,
nggih pitados mring Gusti
wah manut lan bekti

[AYA-WMS]

BAHAN LITURGI**Minggu Advèn 2***5 Dhésèmber 2021*

Keterangan:

PS.:	Palados Sabda
P:	Pradatas
L1:	Warga Adiyuswa
L2:	Keluarga Muda
L3:	Larè
U:	Umat

Senadyan**Meprel,****Punapa****Panjenengan****Kersa****Kautus?****GWG****PACAWISAN**

- Liturgi punika karacik kanggè pangibadah intergenerasional. Pamila, para paraga ing pangibadah punika sageda ugi kaayahan dèning sedaya génerasi.
- Pirantos musik ingkang kaginakaken saged mawarni-warni (gitar akustik, kajon, lss.)
- Ing sawetawis lagu pepujèn, guru sekolah minggu/petugas ingkang sampun kacawisaken saged nuntun solah-bawa (*gerakan*) ingkang katindakaken dèning umat.

*Pasamuwan jumeneng***TIMBALAN KANGGÉ NGIBADAH**

P1: Pasamuwan ingkang dipun kasihi dèning Gusti Yésus Kristus, éyang kakung, éyang putri, bapak, ibu lan para laré sedaya, saèstu kita pantes caos sokur awit senadyan pandhemi Covid-19 dèrèng kèndel, kita taksih tetep nggadhahi semangat kanggé ngibadah dhumateng Gusti. Ing mangsa pangantu-antu punika kita kaajak ngènget-ènget sarta ngucap sokur awit sih-katrsnanipun Gusti. Mangga sesarengan kita memuji Gusti kanth “**SELAMAT PAGI TUHAN**” (*kakidungaken 2x*)

S'lamat pagi Tuhan, tak lupa t'rima kasih
Tuhan t'lah p'lihara, kami tiap hari
Matahari bersinar, burung-burung bernyanyi
Bertambah tambah tambah indahnya

(contoh lagu dapat dilihat melalui
<https://www.youtube.com/watch?v=rSec3JSSHkg>)

VOTUM

- PS: Mangga kita miwiti pangibadah punika kanthi pangaken bilih pitulungan kita pinangkanipun saking Gusti ingkang nitahaken langit, bumi lan sedaya isinipun, lan ingkang mboten naté nilar pakaryaning astanipun.
- U: **(ngidung Amin, Amin, Amin)**

SALAM

- PF: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Sang Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggil kaliyan panjenengan sedaya.
- U: **Nunggil kaliyan pnjenengan ugi**

Pasanuwan Lenggha

PAMBUKA

- P1: Jagad punika gelanggang tumrap manungsa kanggé makarya, mboten namung kangé dhiri pribadi nanging kanggé sedaya umat manungsa lan makhluk titahipun Gusti sanèsipun. Pramila kita sedaya, saé ingkang taksih laré punapa-déné adiyuswa, kaajak preduli dhateng sakiwa tengen kita ingkang mbetakhaken. Kita ginakaken mangsa advèn punika kanggé tumindak lan makarya.
- U: **(Ngidungaken KPJ 16:1+32)**

KPJ 16 Langit tansah nyariyosaken

- 1) Langit tansah nyariyosaken kamulyané Hyang Agung,

wah akasa mratélakken yasanig astanipun.
Rinten dalu tan kendhat, wartanya ngèbeki rat.

- 3) Pangéran murbèng jagat-rat kang ngrimati pra titah.
Surya kang mlampah ten kendhat, nggih krana rèhing Allah.
Saliring kang dumadi nélakken sihing Gusti.

PANGAKENING DOSA

- L1: (Maos Matéus :37-40, mboten gampil nindakaken angger-angger punika. Kaégoisan kita ingkang asring muncul temah ngasihi tiyang-sepuh, anak, utawi tiyang ingkang celak sanget kaliyan kita kémawon angèl, punapa malih ngasihi alam, sedaya titahipun Gusti, lan Gusti)
U: **(Ngidungaken KPK BMGJ 156:1+4)**

KPK BMGJ 156:1,3 “TIMBALAN DADYA DUTA SEMBADA”

- 1) Kathah tyang samya nandhang, tilingna
mbetahken pitulungan, tilingna
Refr.: Gusti nimbal sira dadya duta sembada
mbabarken sih rahmatnya, tilingna
- 4) Kathah tyang dadya kurban, tilingna
mbetahken pangluwaran, tilingna
Refr.:

Pasamuwan jumeneng

PAWARTOS SIH-RAHMAT

- PF: Senadyan kita punika manungsa ingkang meprel lan gampil sanget dhawah ing juranging dosa, Panjenenganipun punika Gusti ingkang tansah paring pangapunten. Sabdanipun ing Masmur 103:8-12 ngèngeataken kita, “Pangéran Yehuwah iku ambek welasan lan ambek asih, gedhé sabaré lan lubèr sih-

susetyané, ora tansah ndedukani, anggoné duka ora ing salawasé. Kang katandukaké marang kita ora timbang karo dosa kita, anggoné paring piwales marang kita ora ing saboboté kaluputan kita, nanging sepira dhuwuré langit ngungkuli bumi, iya semono gedhéné sih-kadarmané tumrap para kang ngabekti marang Panjenengané; sapira dohé wétan saka ing kulon, iya semono anggoné nebihaké panerak kita saka ing kita.”

U: **(Ngidungaken PKJ 92:1,4)**

KPJ 92 Sèstu agung sihé Gusti

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa mrih manggih raha-raja.
- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya,
sèstu punika ganjaran dahat agungira.

Pasamuwan Lenggah

PALADOSAN SABDA

PF: (Pandonga Épiklése)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Maléakhi 3:1-4**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Sokur dhumateng Gusti Allah**

Tanggapan

L2: Mangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti srana maos
Lukas 1:68-79.

Waosan Kaping kalih

P3: Waosan kaping kalih saking **Filipi 1:3-11**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Sokur dhumateng Gusti Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Lukas 3:1-6**

Mekaten Injiling Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu punika ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan ingkang nindakaken Sabda punika. MARANATA.

U: (**ngidungaken MARANATA**)

Khotbah

Wekdal Ening

(*PS ngajak pasamuwan ngidung lagu Firman Tuhan Kudengarkan*,
<https://www.youtube.com/watch?v=CpB4MxPLXfU>)

Firman Tuhan ku dengar
 Ku tanam di hatiku
 Ku ingin bertumbuh subur
 berbuah lebat
 Yesus tolong padaku

Pasamuwan Jumeneng

Pangaken Pitadoss

P: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sauruting jaman, mangga kita ucapaken lan kita teguhaken malih punaapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (**Ssesrengan ngucapkan Pangaken Pitados Rasuli**)

Pandonga Safaat

(Pasahmuan Lengga)

1. *L1: ndongakaken putra, wayah, lan warganing pasamuwan ingkang sami gerah*
2. *L2: ndongakaken para kasepuhan lan gréja*
3. *L3: ndongakaken bangsa lan negari Indonésia sarta pandhemi covid-19*
4. PS: mungkasi pandonga safaat

PISUNGSUNG

P3: Ucap sokur ingkang kita pratélakaken ing pangibadah srana pisungsung wekdal punika, kita landhesi sabdanipun Gusti kados ingkang dipun paringaken déning Rasul Paulus abdinipun, ingkang kaserat ing Serat Rum 11:36, “Awitdéné anané samubarang kabèh iku saka ing Panjenengané, sarta lumadi marang Panjenengané. kamulyan kagema ing Panjenengané salawas-lawasé!”

U: **(Ngidungaken KPJ 159:1+4)
KPJ 162:1+3 Katur Ngarsa Paduka, Gusti**

- 1) Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kawula.
Jiwa lan raga kula mugi aso nèng asta Paduka.
Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Mahakwasa
- 2) Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus.
Tresna miwah suka-pirena Paduka srahken mring kula.
Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari*
lari* = dicari (Ind)

Pandonga Pisungsung

(Pasamuwan Jumeneng)


M3: (Mimpin pandonga pisungsung lan kapungkasan “Doa Bapa Kami” Cip. Pdt. David Christianto)

DOA BAPA KAMI

D=d0, 4/4

Syair : Matius 6:9b-13
Lagu&Arr: David Christianto

Intro:

D G/D Gm/D D


D A/D C/D Am DM7 GM7

 Bapa kami yg di sor - ga, di kuduskanlah na ma - Mu Da tanglah ke ra-

F#m7 Em7 Em7/A A Dsus D
 2 1 ... 1|3 2 2 1 3 2 . 1|3 2 0 1 1 7 6 . 7 |1...|1 0 0 0 1|
 An-Mu, Ja di lah kehendak-Mu di Bu mi seper ti di Sur - ga Be-

G A/G F#m Bm Em A Am D Gm CM7
 6 6 6 4 2 1 7 6|6 3 1 . 1|4 3 2 1 7 1 2 6|5...1|8 8 8 2 2 2 8 8|
 rikanlahka mi pada ha ri i ni ma kanan kami yg secukupnya dan ampuni lah kami a kan

Fm7 Bb Gm7 A Dm Em E Asus-A
 6 6 5 2 1 1 0 1|4 2 2 1 7 1 2 4|4 z . 1|4 2 2 1 4 2 2 1|5 5 . 1|
 ke sa lahan kami seper ti kami juga mengampuni orang yg bersa lah ke pada kami

D /F# G /F# Em A D /C# Bm
 3 3 3 3 5 | 5 4 3 4 . | 2 2 5 . 4 | 4 3 3 . 2 | 1 1 1 1 3 |
 dan janganlah mem ba wa kami ke dalam pen co ba an, te ta pi le paskan-

Em Asus A D G A/G F#m Bm
 3 2 3 4 . | 2 2 2 2 1 7 |1...|6 5 6 1 7 . 6 | 5 4 5 7 6 5 6 3 |
 lah ka mi dari pada yg ja hat [Kar'na Engkaulah yg Empunya ke ra ja an dan

Em A Am D Bm/G# A/G F#m Bm Em A Dsus-D
 4 4 4 . 2 5 6 | 6 5 . | 6 8 6 1 7 1 2 7 | 5 7 | 1 . | 4 3 4 6 5 7 | 2 1 ,||
 Kua sa dan Kemu lia an sampai se la ma-la manya A - min], A - min

Kidung Pangutusan

U: (Ngidungaken KPJ 431:1,2)

KPJ 431:1+2 Gusti adhawuh

- 1) Gusti adhawuh yèn kita sami
kinèn kadya lilin kang amadhangi,
supaya saben wng padhang ing ati,
wah angluhuraké Hyang Masuci.
- 2) Saka suwaga Gusti mirsani
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati,
Gusti ya mirsa apa kita iki
urip kadya lilin kang madhangi.

PANGUTUSAN

PF: Pangibadah punika sampun rampung, ananging tugas kita kanggé nindakaken Sabdanipun Gusti ingkang sampun kita pirengaken nuli kawiwitan. Mangga mangsa Adèn punika kita dadosaken kalodhangan nampi pangutusanipun Gusti.

BERKAH

PF: Gusti mberkahi panjenengan lan ngayomi panenengan. Gusti nyunari panjenengan srana wedananipun lan maringi panjenengan sih-rahmat. Gusti nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi panjenengan tentrem-rahayu. Amin.

U: (Ngidungaken PKJ 182:1,2)

KPJ 431:3 Gusti adhawuh

3) Ing jagad kéné peteng wurahan,
kebak ing dosa miyah kasusahan.
Mula payo padha nyunarké cahya
Injil peparingé Gusti kula.

[COW-WMS]

BAHAN LITURGI**Minggu Advèn 3***Minggu, 12 Dhésèmber 2021*

Keterangan:

PS.: Palados Sabda

P: Pradata

U: Umat

L: Lektor

**“Punapa ta
Tuking
Kabingahan
Panjenengan
punika?”**

**PACAWISAN**

- Organis/pianis ngungelaken organ/piano ingkang mbekta umat ngraosaken pangibadah ingkang badhè kaayahan
- Umat nyipta wekdal ening minangka pacawisan pribadi
- Pawartos Pasamuwan kawaosaken.

*Pasamuwan Jumeneng***TIMBALAN KANGGÉ NGIBADAH**

P1: Pasamuwan ingkang kinasihan déning Gusti Yésus, minggu punika kita lumebet ing Advèn kaping-3, minggu pangantu-antu ing salebetung kabigahan. Ing minggu punika kawartosaken dhateng kita, pawartos bab prasetyaning kawilujengan, pemulihan, pangluwaran saking paukuman lan bedhami saking Gusti Allah temahan kita saged nyebut asmanipun lan ngibadah dhumateng Panjenenganipun. Inggih ing prasetyanipun punika kita sedaya kaajak ngriyayakaken ing salebetung kabigahan.

“Hé Putri Sion, padha guyak-giyaka! Hé Israël, padha surak-suraka! Hé putri ing Yerusalèm, padha bungaha lan guyak-giyaka kalawan gumolonging ati!” (Zef. 3:14).

Mangga kita tanggapi prasetyanipun Gusti Allah srana ngidungaken KPJ 238 Para jalmi giranga

KPJ 238 Para jalmi giranga

- 1) Para jalmi, giranga, mujia pramudita*
Ratunira wus prapta, jumeneng Ratu salam.
Para jalmi giranga, mujia pramudi ta.
- 2) Kaluhurna kang Ptra, kekasihing Sang Rama.
mbangun karatonira, jumeneng Ratu Mulya.
Para jalmi giranga, mujia pramudi ta.
- 3) Kamulyakna Pamarta Kang rawuh ing pra umat
Pambirating duraka, jumeneng Juru Slamet.
Para jalmi giranga, mujia pramudi ta.

VOTUM

- S: Pangibadah Minggu Advèn keping-3 punika kita sucèkaken srana pangaken: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti ingkang nitahaken langit, bumi saisinipun, lan ingkang setya netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun kapratélakan.
- U: **(Ngidungaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

- PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggil kaliyan para sedhèrèk sedaya.
- U: **Lan nunggil kaliyan panjenengan ugi**

Pasamuwan Lenggah

PAMBUKA

- P2: Advèn tansah nyimpen kalih sisih mistéri gesangging manungsa ingkang sami-dènè tali-temali, inggih punika

pangéngan wekdal ingkang sampun kita pengkeraken lan pangajeng-ajeng ing wekdal ingkang badhé kelampahan. Ing mangsa advèn punika, kita ngèngeti lan kateguhaken malih déning kedadosan miyosipun Gusti Yésus ing malem natal ing Bètléhèm - nalika Gusti ngasoraken sarira dados manungsa awujud Sang Bayi ing pamakanan. Ing wekdal ingkang sami, kita wekdal punika ugi ngantu-antu, ngajeng-ajeng lan cecawis nyawisaken rawuhipun Gusti ingkang kaping kalih.

Panjenenganipun ingkang rawuh minangka Juru Wilujenging jagad, ingkang nitahaken langit lan buni (*Sang Maharaja semesta*), ngantu-antu kita nampi Panjenenganipun minangka Juru Bedhami ingkang suci. Mangga kita nyawisaken dhiri, nyumed diyan lan mbikak manah kita mangayubagya rawuhipun!

U: **(*Ngidungaken Kidung Sekolah Minggu 48: 1-3*)**

Kidung Sekolah Minggu 48:1-3 “SATU LILIN KITA NYALAKAN”

1. Satu lilin kita nyalakan:
Hari Natal sudah dekat.
Lilin ini tanda harapan;
janji Tuhan akan genap!

2. Dua lilin kita nyalakan:
Menyinari hati sedih.
Di tengah-tengah kegelapan
Nur iman tetap berseri!

3. Tiga lilin kita nyalakan:
Kar’na kita pun mendengar:
Jurus’lamat segera datang
Dan membawa damai besar!

PANGAKENING DOSA

PS: (maos Matéus 22:37-40)

Ing salebeting nglampahi gesang punika, kita asring gagal mujudaken sihipun Gusti Allah dhateng sesami. Pramila, mangga kanthi kebak ing andhap asoring manah, kita nélakaken panalangsa lan pamratobat ing ngarsanipun Gusti lan sesami, lantaran pandonga (*PS ndendonga*).

Pasamuwan Jumeneng

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Lan samangké nampènana pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah:

“Gusti Allah iku sanyata dadi karaharjanku; aku kumadel ora klawan gumeter, amarga Sang Yehuwah Allah iku kakuwatanku lan masmurku, Panjenenganè wus dadi karaharjanku” (Yés. 12:2).

U: **(Ngidungaken KPJ 247 Sugeng rawuh, Gusti**

KPJ 247 Sugeng rawuh, Gusti

- 1) Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga
tumedhak nèng donya krana kula.
“Sugeng rawuh, Gusti, saking dalemé Rama,
rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma.
Salam! Salam!
- 2) Gusti ingkang dadya tuking sih-rahmat;
adreng panyuwun kula klayan umat.
Kang ibu Maryam tansah manggya widada,
kang sampun dadya srana miyos Paduka.
Salam! Salam!

Pasamuwan lenggah

PALADOSAN SABDA

Pandonga Épiklése déning PS

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Zéfanya 3: 14-20**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: Sokur dhumateng Gusti Allah

Waosan Tanggapan

L2:Waosan tanggapan saking **Yésaya 12:2-6**

Waosan Kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih sakingi **Filipi 4: 4-7**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: Sokur dhumateng Gusti Allah

Waosan Injil

PS Maos Injil, saking **Lukas 3: 7-18**

Mekaten Injiling Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu punika ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan ingkang ngrimati Sabda punika. MARANATA.

U: (*ngidungaken MARANATA versi NKB 222*)

Khotbah

Wekdal Ening

Pasamuwan jumeneng

PANGAKENING PITADOS

P3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sauruting jaman, mangga kita ucapaken lan kita teguhaken milih punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangakening Pitados Rasuli.

U: (Sesaengan ngucapaken Pangakuan Pitados Rasuli)

Pasamuwan lenggah

PANDONGA SAFAAT

PF: (Ngunjukaken pandonga safaat)

PISUNGSUNG

utawa

P4: Samangké mangga kita mratélakaken sokur ingkang badhé kita wujudaken ing pisungsung, ingkang linandhesan Sabdanipun Gusti ing *2 Korinta 9:7* “Saben wong pawèwèhé dikaya kang dadi rilaning atiné, aja kanthi sedhih utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawèwèhé kanthi suka-rena.”

U: (ngidungaken Kidung Ceria 356:1-3)

Kidung Ceria 356:1-3 “KUB’RI PERSEMBAHAN”

- 1) Ku b’ri persembahan pada Tuhanku
Sambil puji Yesus, Jurus’lamatku
- 2) Dengan sukaria kub’ri pada-Mu
Dan merasa kaya dalam Tuhanku.
- 3) Mari kawan-kawan, rela hatilah
Bawa persembahan; datanglah seg’ra.

Pasamuwan Jumeneng

Pandonga Pisungsung

P4: (*Mimpin pandonga pisungsung, ingkang kapungkasan srana ngidungaken Donga Rama Kawula sesareangan kaliyan pasamuwan*)

Kidung Pangutusan

U: (*Ngidungaken KPJ 439 Ing jagad kang peteng*)

KPJ 439 Ing jagad kang peteng

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa kathah tyang kang ngresula.
Karana panandhang, samya ngresah miwah semplah ing manah.
Ref.: Sumangga Gusti, ngagem kawula,mrih ngèngetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha, dadosa berkah tumrap tyang kathah.
- 2) Angundhangna sih-rahmaté Gusti kanthi setya
nglampahi
margining luwar saking sangsara, temah samya raharja.
Ref.:

PANGUTUSAN

PS: Mangga kita lumebet ing gesang kanthi suka-rena lan tetep nindakaken kasaénan minangka pangucap sokur awit sih-rahmatipun Gusti. Allah ingkang gesang lan Mahaasih tansah rawuh lan ngasta éwah-éwahan ingkang ngénggalaken gesang kita. Mangga kanthi suka-rena kita mangayubagya Panjenenganipun.

U: **Manah kawula kawula cawisaken mangayubagya Paduka!**

PS: Ing salebeting pangajeng-ajeng rawuhipin malih, mangga kita nyawisaken dhiri ing pamratobat lan paladosan katresnan. Mangga samia mbikak manah lan kanthi suka-rena mangayubagya rawuhipun.

U: **Manah kawula tinarbuka nampi rawuh Paduka!**

BERKAH

PS: Gusti mberkahi panjenengeyan lan ngayomi panjenengan;
Gusti nyunaraken wedananipun dhateng pannjenengan
lan maringi sih-rahmat; Gusti nungkulaken wedananipun
dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu.“ Amin.
U: (ngidungaken **Maranata! Amin!** versi NKB 225)

[DM-WMS]



BAHAN LITURGI**Minggu Advèn 4***Minggu, 19 Dhésèmber 2021*

Katrangan:

PS: Palados Sabda

PL: Pemimpin Liturgi

P: Pradata

**“Pepanggihan
Nglangkungi
Karapuhan”****GO&O****PACAWISIAN**

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta umat ngraosaken pangibadah ingkang badhè kaayahan
- Umat nyipta wekdal ening minangka pacawisan pribadi
- Pawartos Pasamuwan kawaosaken

Cathettan:

- Rerenggan miigunakaken budaya ingkang manéka-warni, minangka tandha wontenipun pepanggihan ingkang kelampahan ing gréja inggih punika lantaran guyubipun warganing pasauwan saking manéka-warni latar belakang*
- Lagu-lagu ingkang sampun kacawisaken, saged kaéwahan ing basa dhaerah menawi wonten.*

*Pasamuwan lenggha***TIMBALAN KANGGÉ NGIBADAH**

PL: Paduka ingkang ngrawuhi kawula ing kawontenan kawula ingkang winates, lan Paduka ingkang nyagedaken karapuhan kawula dados pribadi ingkang langkung aji. Rawuh Paduka sampun ngrangkul kawula tangi malih saking anggèn kawula dhawah lan wani lumampah sesarengan kaliyan katresnan ingkang Paduka paringaken.

Mangga sami nyawisaken manah, sesarengan kita
kidungaken “**Arti Kehadiran-Mu”**

<https://www.youtube.com/watch?v=-N4FbzZpako>

Jalan-Mu tak terselami

Oleh setiap hati kami

Namun satu hal yang 'ku percaya

Ada rencana yang indah

Tiada terduga kasih-Mu

Heran dan besar bagiku

Arti kehadiran-Mu s'lalu

Nyata di dalam hidupku

Reff

Penyertaan-Mu sempurna

Rancangan-Mu pun dalam

Aman dan sejahtera

Walau ditengah badai

Inginku s'lalu bersama

Rasakan keindahan

Arti kehadiran-Mu Tuhan

PASAMUWAN KAATURAN LUMEBET ING WEKDAL ENING

Pasamuwan jumeneng

PL: "Mangga, kawula punika abdinipun Pangèran, kadhatengana kados-dènè ingkang Paduka ngendikakaken "(Luk 1:8). Jejer pangibadah dinten punika: "**Pepanggihan Nglangkungi Karapuhan**". Pangibadah badhè kaladosan dèning: ...

PL: Iing karapuhanipun, cik bén manusia sangsaya sumendhè dhumateng Gusti ingkang kagungan gesang punika. Lan ing wekdal punika kita sowan ing gesaging kamanungsan

kita. Srana jumeneng kita memuji saking KPJ 222
Dumeling kapyarsa

- 1) Dumeling kapyarsa sabawa sung warti,
supados sami sadhiya rawuhnya Njeng Gusti.
Ref.: Gusti paringa manah kang suci
kénging kanggé ngurmati rawuhnya Njeng Gusti.
- 2) Kabingahan amba saèstu nglangkungi,
jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiki
Ref.:
- 3) Kasucèning manah, karesikaning tyas,
dépé saking labet amba, kejawi mung sihnya
Ref.:

(Paladoa Sabda lan Pradata mlebet ruwang ibadah)

Pasamuwan Lenggah

PANGIBADAH

PS : Pangibadah punika kelampahan wonten asmanipun Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci. Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Sang Rama kita lan sakimng Gusti kita Yésus Kristus nunggil kaliyan panjenengan sedaya!

1=C

U:5 6 5 6 5 4 . 3
A min A min A min

KPJ 460 Tentrem raharja

Tentrem raharja sing Guati kita. tumrah mring kita
Tentrem raharja sing Guati kita. tumrah mring kita

PAMBUKA

PL: Kawontenan lan tantangan, kadhangkala ndadosaken kita ajrih lan was-was ngadhepi gesang punika, kita kepéngin ndhelik lan mlajeng. Kita ngucap sokur awit Gusti ngutus sesami supados sami-déné anggènipun ngukuhaken. Wonten ing katusnan, kita kasagedaken gesang ing salebetung pepanggihan ingkang nglangkungi karapuhan.

KPJ 9 Hé, sarupaning pra umat

- 1) Hé, sarupaning pra umat, padha mujia mring Allah
Hé, sakèhing para bangsa asmané padha luhurna.
- 2) Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita,
langgeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

PENGAKEN LAN PENGAPUNTING DOSA

Pandonga Pengakening Dosa (saged kaladoasaken déning PS utawi PL)

Pasanuwan ngidugaken KPJ287 Roh Suci Roh Sejati

KPJ287 Roh Suci Roh Sejati

- 1) Roh Suci Roh Sejati, mugi rawuh ing ati
Ngénggalna manah kula, mrih ing lampah prayogi.
Setya bekti mring Gusti, wah asih mring sesami.
Wit panuntun Paduka, gesang kula sembada,
- 2) Dhuh Roh Suci, Roh Allah, anyantosakna manah.
Lamun karoban sisah, tatag, tanggon, tan semplah.
Manggul salibing Gusti, martosken Injil suci.
Wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.

- 3) Dhuh Roh Suci, Roh Kristus, nuwuhna manah tulus;
 andum berkah kabegjan, tan mawang mring salir tyang,
 temah tentrem raharja, sumrambah mring sesama.
 Wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.

Pasamuwan Jumeneng

PAWARTOS SIH-RAHNAT

PL: Inggih namung awit sih-rahmatipun Gusti ingkang ndadosaken kita sembada. Pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah kapethik saking **Mikha 7:18-19**, ingkang mekaten pangandikanipun, “Allah ingkang pundi ingkang nyamèni Paduka, ingkang ngapunten dosa, saha ingkang ngapunten panerakipun kekantunaning bangsa kagunganipun piyambak: ingkang mboten saged tahan dhateng bebebdunipun ing salajengipun, nanging ingkang rena dhateng sih-palimirma? Panjenengané bakal paring kawelasan manèh marang kita, lan nglebur kaluputan-kaluputan kita, sarta mbucal sakèhing dosa kita, menyang ing telenging sagara.”

PL: **Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.**

U: **SOKUR DHUMATENG GUTI ALLAH**

PL: Mangga kita sami ngucapaken salam tentrem rahayu sranakaliyan para sedhèrèk kita sinambi ngidungaken **kubawa damai bagimu - hevenu shalom Aleichem**

Kubawa damai bagimu, kubawa damai bagimu

Kubawa damai bagimu

Kubawa damai... damai... damai bagimu

hevenu shalom aleichem, hevenu shalom aleichem

hevenu shalom aleichem

hevenu shalom.... shalom....shalomaleichem (2x)

PL: Gusti Allah maringaken sih-rahmatipun dhateng kitasupados saged sami-déné ngukuhaken. Kita tampi sih-rahmat punika ing gesang padintenan kita. Kanthi kebak ing kabingahan kita memuji saking KPJ 96 Tyas Kita Dimèn Slamanya Bungah

KPJ 96 Tyas Kita Dimèn Slamanya Bungah

- 1) Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,
Déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.
Ref.: Mara tansah abebungah saben dina antuk trang.
Dalaning urip apadhang mara tansah dèn girang.
- 2) Hyang Agung kang njangkung kita angreksa ing panggodha.
Sih-rahmatnya kang anglipur paring kuwat-santosa.
Ref.:

Pasamuwan Lenggah

PANDONGA SAFAAT – (PS)

PALADOAN SABDA

- **Pujian: “Firman Jadi Manusia”**
<https://www.youtube.com/watch?v=kJ107oe6DUU>
(pujian pacawisn kanggé mlebet ing paladoan sabda, musik saged kadamel langkung santai namung srana iringan piano utawi pethikan gitar)
 Firman jadi manusia diam diantara kita
 Ada hidup terang bagi manusia
 Engkau datang bagi kepunyaan-Mu

 Yesus Kaulah juruselamatku
 Kuakui Kau Tuhan bagiku
 Kau terang bagi saat gelapku
 Kau pintu bagi setiap jalan

- **Pandongaa panampining Sabda – déning PS**

- **Pamaosing Kitab Suci**

Waosoan Kapisan

PL : (Maos **Mikha 5:1-4b**)

Mekaten sabdanipun Gusti

U : Sokur dhumateng Gusti Allah

Tanggapan

PL : Maos **Luk 1:46b-55** (saged secara litani)

- **Pamaosing Injil**

PS: Waosoan Injil dinten punika kapethik saking **Luk 1:39-45 (56-55)**

Mekaten sabdanipun Gusti. Rahayu saben tiyang
ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan ingkang
nindakaken sabda wau. Maranata!

U: (Ngidungaken) **Maranata Amin4x**

- **Khotbah**

- **Wekdal ening**

- **Pandonga** – PS – kapungkasan srana lagu “**Rama Kawula**”

DOA BAPPA KAMI

D=d0, 4/4

Syair : Matius 6:9b-13
Lagu&Arr: David Christianto*Intro:*

D G/D Gm/D D
5 3 3 2 2 1 1 / 6 4 4 2 2 1 1 / 5 4 4 2 2 1 5 5 / 5 . . . //

D A/D C/D Am DM7 GM7
5 3 3 2 2 1 . 5 | 5 . . . | 5 3 3 2 2 1 . 5 | 5 . . . 5 | 6 3 . 3 2 3 |

Bapa kami yg di sor - ga, di kuduskanlah na ma - Mu Da tanglah ke ra ja -

F#m7 Em7 Em7/A A Dsus D
2 1 . . . 1 | 3 2 2 1 3 2 . 1 | 3 2 0 1 1 7 8 . 7 1 | 1 . . . 1 | 0 0 0 1 |

An-Mu, Ja di lah kehendak-Mu di Bu mi seper ti di Sur - ga Be-

G A/G F#m Bm Em A Am D Gm CM7
6 6 6 4 2 1 7 6 | 5 3 1 . 1 | 4 3 2 1 7 1 2 6 | 5 . . . 1 | 5 5 5 2 2 5 5 |

rikanlahka mi pada ha ri i ni ma kanan kami yg secukupnya dan ampuni lah kami a kan

Fm7 Bb Gm7 A Dm Em E Asus-A
5 5 5 2 1 1 0 1 | 4 2 2 1 7 1 2 4 | 4 2 . . 1 | 4 2 2 1 4 2 2 1 | 5 5 . . |

ke sa lahan kami seper ti kami juga mengampuni orang yg bersa lah ke pada kami

D /F# G /F# Em A D /C# Bm
3 3 3 3 5 | 5 4 3 4 . | 2 2 5 . 4 | 4 3 3 . 2 | 1 1 1 1 3 |

dan janganlah mem ba wa kami ke dalam pen co ba an, te ta pi le paskan -

Em Asus A D G A/G F#m Bm
3 2 3 4 . | 2 2 2 2 1 7 | 1 . . | 6 5 6 1 7 . 6 | 5 4 5 7 6 5 6 3 |

lah ka mi dari pada yg ja hat [Kar'na Engkaulah yg Empunya ke ra ja an dan

Em A Am D Bm/G# A/G F#m Bm Em A Dsus-D
4 4 4 . 2 5 6 | 6 5 . | 6 8 6 1 7 1 2 7 | 5 7 1 . | 4 3 4 6 5 7 | 2 1 , //

Kua sa dan Kemu lia an sampai se la ma-la manya A - min], A - min

*Pasamuwan Jumeneng***PANGAKEN PITADOS**

M: Pasamuwan kaaturan jumeneng.

Sesarengan kaliyan pasauwanipun Gusti ing sauruting jaman lan wekdal, mangga kita ngénggalaken kapitadosan kita srana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

Pasamuwan Lenggah

PALADOSAN PISUNGSUNG

M: Mangga kita nélakaken sokur srana ngaturaken pisungsung dhumateng Gusti. Dhasaring pisungsung kapethik saking **1 Tawarikh 16:29** ingkang mekaten:

Padha nyaosna kamulyaning asmané marang Pangéran Yehuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsané. Padha sujuda lan nyembaha marang Pangéran Yehuwah kalawan ngrasuk kasucèn.

Kanthi sukarena lan kebak sokur kita ngidungaken

KPJ 159:1+4 Gesang kawula

- 1) Gesang kawula Gusti, lumados mring Paduka,
Sabèn kula makarti, Paduka kang makarya.
- 4) Bandha lan kasagedan katur minangka korban
cihnaning pangabekti sinaosken mring Gusti.

Pasamuwan Jumeneng

Pandonga Pisungsung déning Pradataning Pasamuwan

PANGUTUSAN

PL: Gusti Allah milih kita kanggé nglajengaken kabar kabingahan punika dhateng saben tyang ingkang kita panggihi. Dadosa seksinipun ingkang mbekta katentreman ing saben kawontenan ingkang damel kencenging manah lan kebak déning raos nglokro. Inggih awit saking punika Panjenenganipun rawuh dhateng

jagad punika. Kanthi kebak ing kabingahan kita tampi perutusan punika sinambi memuji saking:

KPJ 451 1-2 “Sumangga Pra Kadang”

- 1) Sumangga pra kadang, misungsungken gesang,
ngayahi timbalan karyaning Pangéran.
Martosken Injilnya, pangluwar saking dosa
mring saliring bangsa, mrih samya wilujenga
- 2) Tyang papa kesrakat, nyadhonga sih-rahmat.
Tyang kang kinunjara, mrih luwara sigra.
tentrem kang sejati binabarna sabumi.
Sagung tyang manembah, tansah rinoban berkah..

BERKAH

PS: Gusti mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan;
Gusti nyunaraken wedananipun dhateng panjenengan lan
maringi sih-rahmat; Gusti nungkulaken wedananipun
dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu.

*Umat nanggapi srana ngidungaken Maranata (5x) **Amin(3x)***

IBADAH RAMPUNG

PAMUJI: KPJ 438 Gusti, Paduka ngirid lampah kula

- 1) Gusti, paduka ngirid lampah kula.
Kula ndhèrèk Paduka salaminya.
Kawula datan saged milih margi.
Mugi sapurug kula Gusti nganthi.

[MM-WMS]

BAHAN LITURGI Malam Natal

Jemuwah, 24 DhèséMBER 2021

Keterangan:

PS: Palados Sabda
PL: Pemimpin Liturgi
P: Pradata

“Sang Nata ingkang Dados Meprel”

PACAWISAN

- Loncèng kaungelaken, wekdal ening kagem pasamuwan.
- *Pasamuwan lenggah*

UMAT NGLEMPAK

- | | |
|-------|--|
| P | Tiyang-tiyang imgkang lumampah ing pepeteng sampun sumerep padhang ingkang ageng. |
| Umat | PADHANG SAMPUN DHATENG TUMRAP TIYANG-TIYANG INGKANG MANGGÈN ING SALEBETING WEWAYANGANING PATI., |
| P | Gusti Yésus Kristus punika gesang kita lan Pepadhang kita. Ing asamanipun Sang Kristus, Sugeng rawuh! |
| Umat | WONTEN ING SIH-RAHMATIPUN SANG KRISTUS, MANGGA KITA NYEMBAH GUSTI. |
| P | Kados punapaa kawontean kita punika, mangga kita késah, ningali punapa ingkang sampun kedadosan. Mangga kita késah sesarengan kaliyan para pangèn. |
| Priya | MANGGA KITA KÈSAH MANGGIHI PANJENENGANIPUN INGKANG SAMPUN KAKIDUNGAKEN DÈNING PARA MALAÉKAT. |
| P | Mangga kita késah sesarengan kaliyan pra tiyang ingkang miskin secara rohani lan secara ragawi. |

- Mangga kita késah sesarengan kaliyan para tiyang ingkang gesangipun katindhes.
- Wanita MANGGA KITA PAPAG SANG NATA INGKANG DADOS MEPREL, MIYOS ING KANDHANG KÉWAN, LAN KASAREKAKEN ING PAMAKANAN.
- P Mangga késah kaliyan mitra lan brayat kita.
Mangga késah kaliyan tetanggi lan tiyang-tiyang manca.
- Umat Mangga késah kliyan sedaya putranipun Gusti Allah
MANGGA KITA KÉSAH LAN MANGGIHI PANJENENGANIPUN INGKANG SAMPUN NUNTUN KITA MLEBET KRATONING ALLAH
- P Mangga samia dhateng, mangga kita késah dhumateng Sang Bayi Bètléhèm. Mangga samia dhateng, nyembah Panjenenganipun!
- Umat **SANG KRISTUS GUSTI KITA!**

▪ *Pasamuwan Jumeneng*

LAGU PROSÈSI (*menyanyikan*) NKB 59:1

DIMALAM G'LAP SUNYI SENYAP

Wanita Dimalam g'lap, sunyi senyap
nyanyian malak menggegap
Mewartakan hal lahirnya
Sang Juru s'lamat dunia
Refrain:
Noel, noel, noel
Lahirlah Raja Israel

Pria Beritanyat'lah diberi
oleh malaikat sorgawi
Kepadamu kaum yang tak lelah
menjaga domba-dombanya
Refrain:
Noel, noel, noel, noel

Lahirlah Raja Israel

(prosesi Pelados Sabda lan Pinisepuh mlebet papan pangibadah)

Umat Merekapun bersujudlah,
menghormat Bayi yang lemah
Emas dan mur serta menyan t'lah
diserahkan pada-Nya

Refrein:

Noel, noel, noel, noel
Lahirlah Raja Israel

VOTUM

PS Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti
ingkang nitahaken langit lan bumi, ingkang sih-
susetyanipun ngantos salami-lamnipun”.

Umat (*ngidungaken*) AMIN (3x)

SALAM

PS Salam sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti
Allah, Rama kita lan saking Gusti Yèsus Kristus
nunggil para sedhèrèk sedaya.

Umat LAN NUNGGIL KALIYAN PANJENENGAN UGI!

- *Pasamuan Lnggah*

PAMBUKA

PS Kita sowan kanthi kebak ing kabingahan kados pangèn
ingkang nuju dhateng kandhang sarta pinanggih
kaliyan Mésias, ingkang sampun kaantu-antu. Dalu
punika kita ngriyayakaken Gusti Allah ingkang dados
meprel ing salebeting katresnan. Miyosipun manjalma
manungsia, ing pamakanan ingkang reged lan

kariyayakaken sesarengan kaliyan para pangèn, mbekta kita dhateng kanyataning jagad ingkang meprel. Nanging sihipun Gusti Yésus Sang Nataning katentreman ngrengkuh lan mulihkan. Mangga katampia!

Umat KAWULA CAOS SOKUR DHUMATENG
PADUKA DHUH GUSTI.

PS Sawijinineg laré sampun miyos kanggé kita, satunggaling awal ingkang énggal sampun kaparingaken kanggé kita. Punika wujuding sih lan kamirahan Paduka.

Umat KAWULA CAOS SOKUR DHUMATENG PADUKA
DHUH GUSTI.

PS Inggih Paduka ingkang nitahaken kawula, Paduka dedalem ing satengah kawula, Paduka maringaken katentreman Paduka awit sih lan kamirahan Paduka.

Umat KAWULA CAOS SOKUR DHUMATENG PADUKA
DHUH GUSTI.

PANGIDUNGING UMAT (*menyanyikan*) KPJ 228:1-4

KPJ 228:1-4 Ing Bètléhèm kang tan aji

- 1) Ing Bètléhèm kang tan aji wus miyos Sang Bayi.
Kang kadya wus kaweca anèng Kitab Suci.
Ref.: Suraka, ya suraka! Kanthi sukarena.
“Sang Pamarta wus manjalma nunggil klayan kita
- 2) Bayi papa kang kaweca agung pangwasanya,
mbirat salir sangsara wah pangrèhing dosa,
Ref.:

- 3) Bayi suci kang ginusti tumedhak sing swarga,
ambabar asih-tresna, yogya tinuladha.
Ref.:
- 4) Bayi adya wah sampurna tumedhak mring jagad,
nedya sung karaharjan wit gunging sih-rahmat.

TIMBALAN NINDAKAKEN BEDHAMÍ:

- PS Kita miwiti kanthi pangajeng-ajeng ingkang ageng, lan impèn ingkang ageng. Kita badhé dados langkung saé, tumindak kanthi langkung adil dhateng sesami, ngasihi Gusti langkung lebet. Nanging sapunika kita sowan sepisan malih dhateng pamakanan. Kita ngèngeti kegagalan, lan karapuhan kita. Mangga kita ngaken dhumateng Panjenenganipun ingkang sampun rawuh ingkang yasa gesang kita saged kaénggalaken.
- Umat DHUH GUSTI INGKANG SAMPUN RAWUH
KANGGÉ KAWULA, MUGI NGAPUNTENI KAWULA,
.NALIKANIPUN GESANG KAWULA INGKANG
KAPENUHAN DÉNING WEWAYANGANNING
PETENG NDADOSAKEN PADHANG PADUKA ING
GESANG KAWULA DADOS BUREM LAN PUCET.
MUGI PADUKA NDADOSAKEN MANAH KAWULA
PAMAKANAN KAGEM KANG PUTRA, GUSTI LAN
JURU WILUJENG KAWULA, GUSTI YÉSUS
KRISTUS.

KIDUNG UMAT (*nidungaken*) KPJ 222: 1-3 Dumeling kapyarsa

KPJ 222 Dumeling kapyarsa

- 4) Dumeling kapyarsa sabawa sung warti,
supados sami sadhiya rawuhnya Njeng Gusti.

Ref.: Gusti paringa manah kang suci
kénging kanggé ngurmati rawuhnya Njeng Gusti.

- 5) Kabingahan amba saèstu nglangkungi,
jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiki
ref.:
- 6) Kasucèning manah, karesikaning tyas,
dédé saking labet amba, kejawi mung sihnya
Ref.:

- *Pasamuwan Jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHNAT

PS “Aja padha wedi, lan kowé padha dakwartani kabungahan gedhé, kang bakal tumrah marang sabangsa kabèh: Ing dina iki wis miyos Juruslametmu, yaiku Sang Kristus kang jumeneng Gusti, ana ing kuthané Dawud. Déné kang minangka tengeran marang kowé, mengkéné: Kowé bakal mrangguli bayi kagedhong sumèlèh ing pamakanan.”
(Lukas 2:10-12)

Mekaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

Umat SOKUR DHUMATENG GUSTI ALLAH!

PS Mangga kita sami-déné nampi, sami-déné ngasihi lan sami-déné ngapunteni saha nélakaken salam tentrem rahayu

KIDUNG PASAMUWAN (*ngidungaken*) KPJ 214:1-3

KPJ 214 Anèng Pamaknan

- 1) Anèng Pamaknan iku dunungnya,
ginedhong ing kain, sèstu prasaja

Lelintang ing langit padhang nelahi,
dé Yésus Gustiku saré kepati.

- 2) Raja-kaya* nywara, kang néndra wungu,
nadyan piniyarsa ning tan ngreridu.
Samangkya atiku sèstu rahayu,
wit Gusti mitraku nentremken kalbu.
- 3) Dhuh Yésus, Sang Putra, mugi Paduka,
lestantun ing kula kanthi sih-tresna.
Para umat samya binerkahana,
tinuntun nggènira lumebèng swarga.

Raja-kaya* = ternak (domba, lembu, keledai)

▪ *Pasamuwan Lenggah*

PALADOSAN SABDA

PANDONGA ÉPIKLÉSIS

PAMAOSING KITAB SUCI

Wosaan Kapisan (*saged kakidungaken*)

Lèktor	Waosoan kapisan kapethik saking Yésaya 9: 1-6 (<i>sasampunipun rampung maos/ngidung péríkop kasebut</i>) Mekaten sabdanipun Gusti
Umat	SOKUR DHUMATENG GUSTI ALLAH

Masmur Tanggapan (*saged kakidungaken*)

Juru-masmur Mangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti wau
srana **Masmur 96**

Waosan Kaping kalih (saged kakidungaken)

Lèktor Waosan kaping kalih kapethik saking **Titus 2: 11-14**
(*sasampunipun maos utawi ngidungakrn périkop kasebut*) Mekaten sabdanipun Gusti
Jemaat SOKUR DHUMATENG GUSTI ALLAH

Waosan Injil

PS Sabdanipun Gusti kapethik saking Injil **Lukas 2: 1-20**
Mekaten Injiling Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu punika ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti Allah lan ingkang ngrimati sabda punika. Maranata.
Umat (*ngidungaken*) MARANATA (3X)

KHOTBAH “Sang Nata ingkang Dados Meprel”

WEKDAL ENING

- *Pasamuw Jumeneng*

PANGAKEN PITADOS RASULI

PANDONGA SAFAAT

PS (*mimpin pandonga safaat katutup srana ngidungaken sesareangan* “Dongaa Rama Kawula” *sesareangan*).
▪ *Pasamuwan Lenggah*

PALADOSAN PISUNGSUNG

NAS PISUNGSUNG

P Nanging kawula kumandel dhumateng sih-kadarman Paduka, manah kawula abingah-bingah margi saking pitulungan Paduka. Aku arep kekidungan kagem Sang Yehuwah, amarga wus paring kasaénan marang aku (Masmur 13: 6).

KIDUNG PISUNGSUNG (*menyanyikan*) KPJ 235: 1-3

KPJ 235:1-3 Lintang Wétan

- 1) Lintang wétan samangkya andadari,
cahyanya gumebyar anyunari.
Wijil Paduka lir asung pawarti,
nèng cakrawala panglipur ati.
- 2) Wonten pundi wiyosipun Gusti?
Punapa wonten panggènan adi?
Sunaréné napa dèn aji-aji?
Napa èstu niku Jurubasuki?
- 3) Lah swawi sujud dhateng Gusti,
asumungkem asaos pamuji.
Amba tan darbé kang minangka bukti,
namung amba sumujud mring Gusti.

- *Pasamuwan Jumeneng*

PANDONGA PISUNGSUNG

- *Pasamuwan Lenggah*

PANYUMEDING LILIN NATAL

PS Jagad kita sangsaya rowak-rawèk awit mawarni-warni dosa, kadurakan, lelamisan, lan kekerasan. Samangké gesangng umat manungsa wonten ing kawontenan multi krisis. Kita sedaya wonten ing pepeteng lan mbetahake padhanging Sang Kristus ingkang maringi panglipur lan kabingahann ingkang sejatos. Punapa sapunika kita purun mbikak manah srama nampi pakaryaning kawilujenganing Gusti Allah wonten ing anggènipun manjalma wonten ing Sang Kristus, temah

kabingahan ingkang sejatos saking Gusti Yésus Kristus
ingkang maringi warna ing sabem jangkah jiarahing
iman kita?

(*Paraga nyumed lilin kairingan Pisungsung pepujèn déning
PNJ “Seribu Lilin Nyalakan”*)

SERIBU LILIN NYALAKAN

Seribu lilin nyalakan di tengah dunia
Biar sinarnya menyatakan kemuliaan surga

Wartakan pada dunia kabar sukacita
T'lah lahir Yesus penebus jurus'lamat kita

Hai bintang indah betlehem kiranya sinarmu
Bawa harapan dan damai bahagia di kalbu

Kehangatan-mu kirimkan di hati yang beku
Kehangatan kasih Tuhan di Natal yang syahdu

- *Jumeneng Pasamuwan*

PANGUTUSAN

KDUNG PANGUTUSAN (*menyanyikan*) KPJ 218 Dalu Suci

- 1) Dalu Suci tidhem sami, Njeng* Gusti Pamarta
tedhak manjalma krana kita,
miyos wonten kandhang Bètléhèm.
Gustining dumadi, Gustining dumadi.
- 2) Bayi suci, Kang Ginusti, nebusi tyang dosa,
nilar kamuljané ing swarga,
sumèlèh ing rumput kang nistha,
nladhani mring kita, nladhani mring kita,

- 3) Dalu Suci tidhem sami, Njeng Gusti angasta,
katentremané jagad raya,
kados prasetyané Kang Rama.
Mila linuhurna, mila linuhurna

- 4) Dalu Suci tidhem sami, Njeng Gusti angasta,
pirukuning tyang dosa sami,
cinadhang prasetyan kang baka.
Amin, linuhurna! Amin, linuhurna!

Njeng*= kanjeng, sebutan penghormatan

PANGUTUSAN

PS	Dhuh padhanging Gusti Allah
Umat	MUGI NUNTUN MARGI KAWULA
PS	Kabingan saking Gusti Allah
Umat	MUGI NGEBAKI MANAH KAWULA
PS	Katentreman saking Gusti Allah
Umat	MUGI GESANG KAWULA KAÈWAHAN.

BERKAH

PS	Nampènana berkahing Gusti (<i>PS ngucapaken berkah</i>)
Umat	(<i>Ngidungaken</i>) MARANATA (5X) AMIN (3X)

WEKDAL ENING

PANGIBADAH RAMPUNG

[WPA-WMS]

BAHAN LITURGI**Natal***Sabtu, 25 Dhésèmber 2021*

Katrangan:

PS: Pelados Sabda
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken
 U: Umat
 L: Lèktor
 Pny: Panyariyos (*Narator*)

**Natalitas
ing salebetung
Karingkihan**
**PACAWISAN**

- Musikan (*organis/pianis*) ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah ingkang ening.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan lumebet ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

--- *umat jumeneng* ---

TIMBALAN NGIBADAH

Pny: Ing kawitanipun Katresnan,

Katresnanipun Allah ingkang ngrajut kang sarwa tumitah.

Katresnan kang mangun orkèsing katentreman ing jagad punika.

Sadaya tumitah karana Katresnan Paduka,
 sadaya rinimat ing salebeding Katresnan Paduka,
 sadaya lumampah ing larikan kang dados marginya.
 Sadaya gesang ing angeting pangrengkuh Paduka.

Katresnan rawuh ing sunaring Sang Surya,
 lumantar tètèsing ebun kang lon-lonan anggènipun
 nguwbab.

Lumantar thethukulan kang tuwuh mekar ing
pucuking sekar
Lumantar ocèhing peksi ing salebetung luluh-ajèring
ombak.
Ugi lumantar wiyo san Dalem Putraning Manungsa,
minangka pratandha Sihipun Gusti dhateng kita.

Samesthinipun kita ulukaken swanten kang memuji
Asmyana,
awit pakaryaning Sih-Nya tumrap saindenging buwana
tampènana lan sujuda
sowana kanthi asukarena!

U: (*ngidungaken KPJ 233:1-3 “Kanca Agiyaka”*)

KPJ 233. KANCA AGIYAKA

Do=G 4/4

- 1) Kanca agiyaka! Ing kandhang Bèthléhèm
karawuhan Rohing Pangéran.
Sang Bayi miyos pinaringken kita.
Reff. : Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud
ngabekti maring Gusti, Pamarta
- 2) Pamartaning jagad, Putra kang tumurun
sumèlèh anèng pamakanan.
Yéku wujudnya prasetyaning Allah.
Reff. : Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud
ngabekti maring Gusti, Pamarta
- 3) Sang Ratuning Jagad dahat kinurmatan,
rawuhé mbabar sih-kawelasan
marang manungsa kang samnya pracaya.
Reff. : Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud
ngabekti maring Gusti, Pamarta

VOTUM

- PS: Kita lumebet ing pangibadah punika kanthi pangaken:
 Juru Pitulung kita punika Gusti piyambak, ingkang sampun nitahaken langit lan bumi dalah saisinipun, saha ingkang ngrengkuh karingkihaning titah ing salebeding katresnan-Ipun.
- U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

- PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saha saking Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

--- *umat lenggaah* ---
 sèkèng, pepes, risak lan ringkiah,

PAMBUKA

- Pny: Ing lelampahaning gesang punika, pepes, sirna, risak, badhé ndayani saben jangkah kang dèn pondhut, ananging wonten pangajeng-ajeng ing saben karingkihan ingkang pinanggih. Ingkang tanpa gina badhé dados maédahi, ingkang pepes badhé nukulaken trubusan énggal, tuwin ingkang sirna badhé kagantos déning gesang énggal. Kita ringkiah, ananging katresnanipun Allah kang tanpa wangenan, ngrengkuh ing salebeting wiyosanipun Sang Kristus!

U: (*ngidungaken KPJ 220:1, 2 “Dinten Natal Dinten Adi”*)
 KPJ 220. DINTEN NATAL DINTEN ADI

Do=G 3/4

- 1) Dinten Natal dinten adi, dinten kabingahan yekti.
 Nglipur tiyang nandhang sisah, ngiyataken tiyang semplah. Ingkang kesaput pepeteng tinuntun mring padhang langgeng.
- 2) Dinten Natal dinten mulya, dinten kang mbingahaken driya, ngèngeti tiyang siniya, nulungi tiyang kang papa, ngrukunken kang sami dredah, ngraosken berkahing Allah.

PANGAKEN DOSA

Pny: Ing salebeting kasalarasan ingkang éndah Sang Akarya jagat, kang sarwa tumitah kadhedher ing katresnan nyata.

Ngantos wusananiipun kadosan ndhawahaken kita, saking Sihipun Gusti. Namung wonten karingkihan lan kasedhihan, sadaya katresnan karaosaken sirna.

Kuciwa anyelaki, bebaya tan awis-awis dipun prangguli, sakiting manah tan kuwawi dipun énggati, ngantos wusananiipun tatuning manah tansah setya angancani.

Gesang kraos kapenuhan ing kuciwa lan kumérèn. Kaobat-abitaken déning gebaganing dosa, geter ngadhep dhateng raos ajrih.

Tanpa ngrumaosi, tatuning dhiri nglairaken tatu kanggé tiyang sanès, krenteging manah dados pandom salebeting ngucap lan ngandika, Dhuh Gusti, kawula Paduka apunteni!

U: (*ngidungaken KPJ 54:1 “Kula Saèstu Nglenggana”*)
KPJ 54. KULA SAESTU NGLENGGANA

Do=D 4/4

- 1) Kula saèstu nglenggana
anyisahaken sesami.
Mila getun manah kula,
nalangsa ing ngarsaning Gusti

Pny: Ilat kawula kadya pedhang tumrap sesami, lan endhem-endheman asring nasabi manah lan pikiran kawula, ngantos kawula nampik tiyang kathah, mboten nandukaken katresnan kanggé tiyang-tiyang wau, dhuh Gusti Paduka apunteni.

U: (*ngidungaken KPJ 54:2 “Kula Saèstu Nglenggana”*)

KPJ 54. KULA SAESTU NGLENGGANA

Do=D 4/4

2) Ilat kula nyenyidrani,
 gurung* kadya kubur menga
 lambé kebak wisa mandi,
 ngrerantam saliring piala.

Pny: Lan sapunika kawula sowan ing ngarsa Paduka, Sang Maha Asih. Ngakeni saben kasèkèngan lan karingkihan ingkang wonten, saben kuciwa lan raos ajrih, sumarah pasrah dhateng apuraning katresnan Paduka, kanggé nélakaken pamulihan tumrap manah kawula ingkang rempu. Dhuh Gusti Paduka apunteni!

U: (*ngidungaken KPJ 54:3 “Kula Saèstu Nglenggana”*)
 KPJ 54. KULA SAESTU NGLENGGANA

Do=D 4/4

3) Kula nyuwun katentreman,
 cinelakna mring kraharjan,
 nebih saking karisakan,
 wit Gusti paring pangayoman.

--- *umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

Pny: Kawula sèkèng tanpa daya, ananging taksih kémawon puguh,
 kawula ringkih, ananging ngraosaken wetahing pangrengkuh,
 manah kawula pepes, ananging tan kécalan kang ginayuh,
 ing salebeting kawontenan lebur, kawula ngraosaken anggèn Paduka paring pikukuh.

Kanggé saben kita ingkang sèkèng, pepes, risak lan ringkih, kacawisan Sih-rahmat wonten ing Serat Roma 5: 4-5

“4 lan tataging ati iku njalari tanggon, tanggon nukulaké pangarep-arep. 5 Déné pangarep-arep iku mesti ora bakal nguciwani, awit sihé Allah wis kaesokaké ing ati kita déning Roh Suci, kang wis pinaringaké marang kita.”

Katresnanipun Allah dados pangajeng-ajeng kita, ingkang tumemen lan tansah sumarah.

Ing Sang Kristus, kita ndarbèni pangajeng-ajeng!

U: (*ngidungaken KPJ 227:1, 2 “Iba Éndah Cahyèng Ratri”*)

KPJ 227. IBA ÉNDAH CAHYÈNG RATRI

Do=Bes 9/8

- 1) Iba éndah cahyèng ratri kang nyunari jagad rat;
duk praduta swarga prapti ngundhangaken sih rahmat.
Raharja, prajalma kang sinungan kawaluyan,
lantaran Sang Pamarta, lantaran Sang Pamarta.
- 2) Puji konjuk Hyang Maluhur kang melasi mring jalma;
nglepataken saking ukum, mitulungi raharja.
Pra jalma sayoga ndherek muji Hyang Masuci,
langgeng ing salaminya, langgeng ing salaminya.

--- *umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

PS: (*nDedonga nyuwun panuntuning Roh Suci*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yesaya 62: 6-12**
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Masmur Tanggapan

L2: (*Maos Masmur Tanggapan saking **Jabur Masmur 97**. Saged kawaos gentosan kalayan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Titus 3: 4-7**

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil saking **Yohanes 1: 1-14**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken
Sabdanipun Gusti lan ugi dipun èstokaken ing gesang
padintenanipun. Haléluya.

U: *(ngidungaken)* **Haléluya.**

Khotbah**Wekdal Ening**

--- *umat jumeneng* ---

Pangaken Pitados

P/D1: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken lan kita antebaken malih punapa ingkang kita pitados, kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: *(sesarengan ngucapaken* **Pangaken Pitados Rasuli**)

--- *umat lenggah* ---

Pandonga Syafaat

PS: *(ngonjukaken pandonga syafaat)*

PISUNGSUNG

P/D2: “Ana kang ngawut-awut bandhané, nanging saya sugih,
lan ana kang kumet banget, éwasamono tansah
kekurangan. Sing sapa kerep andum berkah, bakal

nampani kalubéran, sing sapa awèh ngombé, bakal diwènèhi ngombé.“ (Wulang Bebasan 11: 2-25)

“..... padha nyaosaké pisungsung marang Panjenengané arupa mas, menyan lan blendok mur.”
(Matius 2: 11)

U: Karsanipun kaadilan gumlindhinga kados lèpèn, ingkang ngilèkaken gesang sarta ngilèni kasangsaraning jiwa; ingkang mbekta gesang dhateng hakékating anggènipun nitahaken, tuwin ngagem sadaya berkah kagem kaluhuranipun Allah.

(ngidungaken KPJ 216:1, 3 “Bètléhèm Ing Éfrata”)
KPJ 216.BÈTLÉHÈM ING ÉFRATA

Do=F 6/8

- 1) Bètléhèm ing Éfrata, sanyata prasaja,
kang cilik ing Yéhuda nging pinilih Gusti.
Ya anèng kandhang kewannya, miyos ing Sang Pamarta.
Allah sung waluya, tan mawang manungsa.

- 3) Pra pujangga king wétan asung pakurmatan,
wit tinuntun lintangé, Gustining pra Gusti.
Mula payo para kanca padha sujud ngabekti;
nulad pra pujangga kang sowan mring Gusti.

--- *umat jumeneng* ---

Pandonga Pisungsung

P/D2: (*nuntun pandonga caos pisungsung tuwin Donga Rama Kawula*)

Kidung Pangutusan

U: (ngidungaken KPJ 229:1-3 “Kabingahan Kang Sejati”)

KPJ 229. KABINGAHAN KANG SEJATI

Do=F 6/4

Warga Adiyuswa

- 1) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki
pasamuwan regeng yekti sesarengan angabekti

Sadaya

memuja, misungsung, ngaken dosa, lan nyenyuwun,
bingah-bingah trus ing manah. Sung kabegjan dhateng liyan
numrahna! Raharja wit wus prapta Sang Pamarta.

Warga Diwasa

- 2) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki
brayat sami tetunggilan wah ngabekti sesarengan

Sadaya

ngundhangna Injilnya mrih salir tyang gesang nyata.
Ngluwarana tyang sangsara wah mbélaní tyang prihatin,
mrih samya rahayu, wit Sang Kristus sampun rawuh.

Warga Kanéman lan Anak-anak

- 3) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki,
pepanggihan lan pra mitra sesarengan anèng gréja

Sadaya

memuji mring Gusti wah leladi mring sesami,
angrukunna tyang congrahan wah nyirnakna kamitégan,
ngegungna sih-tresna. Kristus Gusti sampun prapti.

PANGUTUSAN LAN BERKAH

- PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti tuwin dhateng jagad, amargi Sang Kristus sampun rawuh ing jagad punika.
- U: **Kawula ngeneraken manah dhateng jagad.**
- PS: Kaundhangna dhateng saindenging jagad, pawarta wiyosan-Ipun Gusti Yésus Kristus.
- U: **Kawula badhé ngundhangaken pawarta, bilih Sang Sabda punika sampun dados daging.**
- PS: Pinujia Gusti Allah Sang Rama lan Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci!

U: **Ingkang mboten naté misahaken kawula saking katresnan-Ipun Gusti, samangké dumugi ing salami-laminipun.**

PS: Sang Rama nitahaken langit kalayan bumi, Sang Putra ingkang dados daging ing Gusti Yésus Kristus, Roh Suci Sang Panuntun, badhé tansah nunggil lampahing gesang kita, kanggé martosaken Tentrem Rahayu ing jagad punika, ngantos dumugi kaleksananing pangajeng-ajeng kita ingkang kebak kabingahan, sarta kababaring kamulyanipun Allah ingkang Maha Agung. Amin.

U: (*ngidungaken KPJ 230:1, 3 “Kabingahan Kang Sejati”*)

KPJ 230. KABINGAHAN KANG SEJATI

Do=C 2/4

1) Kabingahan kang sejati sumrambah sa bumi.

Ratu Adil sampun prapta, sinung gesang mulya,
sinung gesang mulya, sinung, sinung gesang mulya

3) Karaharjan kang snyata pinaringken jalma.

Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,
tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang pinanggya.

[CGAP-DEN]



BAHAN LITURGI**Minggu Sasampunipun Natal***Minggu, 26 Dhésèmber 2021*

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

U: Umat

UP: Umat Priya

UW: Umat Wanita

L: Lèktor

A: Anak-anak

K: Kantoria (Juru Ngidung)

**Warisan ingkang
wonten Aosipun
ing Satengahing
Jagad ingkang
Ringkih**

**PACAWISAN**

- Musikan (*organis/pianis*) ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah ingkang ening.
- Umat sami tidhem, ngingenaken manah minangka pacawisan lumebet ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

TIMBALAN NGIBADAH*(umat jumeneng)**(sesautan maos Jabur Masmur 148)*

P/D1: Haléluya! Padha saosa puji marang Pangéran Yéhuwah kang ana ing swarga! Padha saosa puji marang Panjenengané kang ana ing ngaluhur!

UP: Hé sakèhé malaékaté, padha saosa puji marang Panjenengané! Hé wadya-balané, padha saosa puji marang Panjenengané!

UW: Hé srengéngé lan rembulan, padha saosa puji marang Panjenengané! Hé sakèhing lintang kang gumebyar, padha saosa puji marang Panjenengané!

- A: Hé langit kang ngungkuli sakehé langit, padha saosa puji marang Panjenengané! hé, banyu kang ana ing sandhuwuring langit!
- U: Sakabèhé iku padha memujia marang asmaning Yéhuwah, amarga Pangéran ngandika, samubarang kabèh banjur padha dumadi.
- P/D1: Pangéran ngadegaké sakabèhé iku kanggo sabanjuré lan ing salawasé, sarta netepaké paugeran kang ora kena katerak.
- UP: Padha saosa puji marang Pangéran Yéhuwah ana ing bumi, hé ula-ula naga lan saindenging samodra agung;
- UW: hé geni lan udan ès, salju lan pedhut, angin prahara kang nindakaké sabdané;
- A: hé gunung-gunung lan sakèhing tetengger, sakèhé karang-kitri lan sakèhing wit èrès;
- U: hé para kéwan alasan lan sakèhing kéwan, kéwan kang gumremet lan manuk-manuk kang mawa swiwi.
- UP: Hé para raja ing bumi lan sakèhing bangsa, para panggedhé lan sakèhé pepréntahan ing jagad,
- UW: hé para jaka lan para prawan, para wong tuwa lan wong anom!
- A: Kabèh iku karebèn padha memuji marang asmaning Yéhuwah, awit mung asmané kang luhur, kamulyané ngungkuli bumi lan langit.
- U: Sunguné umaté wus kaluhuraké, dadi kidung pepujian tumrap sakèhing wong kang dikasihi, tumrap wong Israél, umat kang rumaket marang Panjenengané. Haléuya!
- P/D1: Jagad saged mboten tentrem, ananging umatipun Gusti dipun-sagedaken kanggé mboten kendhat saos sokur ing saben kawontenan. Ing satengahing swasana pandhemi, sumangga kita lumebet ing pangibadah Minggu sasampunipun Natal punika kanthi bingah awit saking katresnanipun Allah ingkang Agung, kanthi ngidungaken KPJ 99:2, 4.

Do=D 3/4

2) Aku duwé Pamarta, satuhu ing kasetyan.

Yèn aku nyangga panandhang, pinaringan karosan.

Reff. : Satuhu Gustiku,

Yésus Kristus Pamartaku,

dak puji trus ing kalbu

4) Aku duwé Pamarta, nyata murwat pangrèhnya

Lamun pepeteng nglimputi, Gustiku kang ngiuwari

Reff. : Satuhu Gustiku,

Yésus Kristus Pamartaku,

dak puji trus ing kalbu

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu sasampunipun Natal punika, kelampahanipun wonten ing sih-rahmatipun Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, ingkang awit saking kasetyan-Ipun dhateng kita, rawuh ing salebeding kaasoranipun supados prajanjining kawilujengan dipun tetepi laras kaliyan ingkang sampun kaprasetyakaken déning Allah.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, tuwin saking Gusti kita Yésus Kristus, nyartani panjenengan (kita) sadaya.

U: **Mugi nyartani panjenengan ugi.**

PAMBUKA

(*umat lenggah*)

P/D2: Kalih taun punika, 2020-2021, kita gesang ing jagad ingkang ringkik, ing pundi pandhemi covid-19 mboten namung nggrogoti keséhatan, ananging ugi ubeng-ingering tata ékonomi, bebrayanipun manungsa, malah lagéyaning gesangipun manungsa ing salumahing bumi. Taun 2022 badhé énggal kita lebeti sasampunipun pahargyan-pahargyan Natal punika purna. Punapa kita

saged kasil nglangkungi mangsa pandhemi kanthi tentrem? Kadospundi menggah ing anak-anak tuwin para kanéman kita? Kadospundi mangkénipun anak-anak lan para kanéman badhé gesang ing satengahing jagad ingkang saya rikat éwah-éwahanipun? Punapa imanipun anak-anak lan para kanéman saged mangaribawani kauletaning gesang salebetipun srawung kaliyan Gusti lan sesami? Punapa kapracayanipun anak-anak lan para kanéman tetep bakuh mboten gonjing, utawi malah gonjing lan tumut saya ringkih, malah sirna katempuh ing karingkihaning jagad?

Kita badhé sinau saking kalih brayat, ingkang kalih-kalihipun dipun lampahaken déning para wanita ingkang setya dhumateng Gusti, sampun temtu dipunsengkuyung déning pasanganing gesangipun. Brayat punika brayatipun Èlkana lan brayatipun Yusuf, ingkang wonten ing jamanipun mulangaken pitepangan kagem Gusti minangka satunggaling “Warisan ingkang wonten Aosipun ing Satengahing Jagad ingkang Ringkih”. Warisan punika ndamel anak-anakipun Èlkana lan Yusuf dados saya ageng, saya wewah pinaringan sih ing ngarsanipun Gusti punapadéné ing sangajenging manungsa.

U: (*ngidungaken KPJ 87:1, 2 “Nèng Kasa Ngumandhang Asma”*)

KPJ 87. NÈNG KASA NGUMANDHANG ASMA

Do=D 4/4

- 1) Nèng kasa ngumandhang asma sajuga
Kang anepangaken jagad lan swarga
datan wonten asma kados punika
kang kwasa nyirnakken pangrèhing dosa
napa sami dèrèng wanuh
Gusti Yésus Kristus yéku asmané?

2) Wus pantes asmané lan pakaryané,
 Rawuhé ing donya wit gunging sihé,
 nebus tiyang dosa, sinalib séda,
 gya wungu nyawisken papan ing swarga,
 Napa sami dèrèng wanuh,
 Gusti Yésus Kristus yéku asmané?

PANGAKENING DOSA

PS: Jagad pancèn saweg mboten saé-saé kémawon, prakawis punika njalari kathah tiyang dados ringkiih nalika dipun aben-ajengaken kalayan marupi-rupi geguletan ingkang damel seseg. Kedahipun karingkihan ndamel kita saya celak kaliyan Gusti, ananging ugi kathah ingkang malah kuciwa lan wusananipun nilaraken Gusti. mBoten namung nilaraken Gusti, malah ugi nilaraken mitra, sedhèrèk malah ugi brayat. Kanggé punika, sumangga kita ngasoraken dhiri ing ngarsanipun Gusti sinambi nyuwun pangapunten.
(PS ngonjukaken pandonga pangaken dosa tuwin nyuwun dosanipun kaapunten)

U: (*ngidungaken KPJ 44:1, 3 “Aku Wong Kang Dosa”*)

KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

Do=D 3/4

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
 temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.
 Reff. : Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.
 Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

- 3) Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan
 dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.
 Reff. : Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.
 Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

PAWARTOS SIH-RAHMAT (umat jumeneng)

PS: Awit saking katresnanipun Gusti Allah ingkang tanpa wangenan, Panjenenganipun karsa nampèni panelangsa tuwin pamratobat ingkang dipun-télakaken kanthi tulus déning saben tiyang. Tampènana pawartos sih-rahmat saking Gusti:

“Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas: Mulané padha ngluhurna Allah srana badanmu!” (1 Kor. 6:20).

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

SALAM KATENTREMAN

PS: Tentrem-rahayu saking Sang Kristus wontena ing panjenengan (*sinambi ngaturaken salam namasté kanthi nutupaken épèk-épèk ing sangajenging jaja*)

U: (*Sinambi ngucapaken: “Tentrem-rahayu saking Sang Kristus wontena ing panjenengan” sinambi ngaturaken salam namasté dhateng sesamining warga pasamuwan*)

U: (*ngidungaken KPJ 161:1, 3 “Jiwa Raga Kawula”*
KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA

Do=D 4/4

1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,
mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran,
kamulyaning Pangéran.

3) Dala kedaling ilat nggih ngundhangken sih rahmat,
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
datan kendhat pinuji

PALADOSAN SABDA (umat lenggah)

PS: (*Ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Sang Roh Suci*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **I Samuèl 2:18-20, 26**

U: Makaten Sabdanipun Gusti Allah.
Puji sokur konjuk Gusti Allah.

Waosan Kaping Kalih
L2: Waosan kaping kalih saking **Kolosé 3:12-17**
Makaten Sabdanipun Gusti Allah.
U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Injil
PS: Pamaosing Injil saking Injil **Lukas 2:41-52**
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken
Sabdanipun Gusti sarta ngèstokaken. Haléluya.
U: (*ngidungaken KPJ 468*) **Haléluya, haléluya,**
haléluya.

Khotbah

Wekdal Ening

Pangakening Pitados *(umat jumeneng)*
P/D3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting
wekdal, sumangga kita ikraraken sarta kita antebaken
malih punapa ingkang kita pitados, kanthi sesarengan
ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.
U: (*sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados*
Rasuli)

Pandonga Syafaat *(umat lenggah)*
PS: (*Ngonjukaken pandonga syafaat, dipun pungkasi*
kanthi Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG *(umat lenggah)*
P/D4: Sumangga kitaunjukaken sokur kita lumantar
pisungsung. Pisungsung punika kita talesi Sabdanipun
Gusti kadosdéné ingkang dipun ngandikakaken Rasul

Paulus abdin-Ipun Gusti, ingkang kaserat ing Kitab Roma 12:1 makaten:

“Kang iku para Sadulur, marga saka sih-kamirahané Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip, kang suci lan kang dadi keparengé Allah: Iya kang mangkono iku pangibadahmu kang sejati.”

U: (*ngidungaken KPJ 215:1-3 “Anèng Salumahing Bumi”*)

KPJ 215. ANÈNG SALUMAHING BUMI

Do=F 4/4

- 1) Anèng salumahing bumi srungumandhang pamuji.
Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bala swargi,
Reff. : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !
- 2) Pra pangon ing ara-ara, memuji manembrama,
kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang suka-rena
Reff. : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !
- 3) Wus miyos Juru-basuki, yéku isining puji,
panggunggung kalayan urmat, mring Gusti Ratu jagad,
Reff. : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !

Pandonga Pisungsung (*umat jumeneng*)
P/D4: (*ngonjukaken pandonga caos pisungsung*)

Kidung Pangutusan (*umat jumeneng*)
U: (*ngidungaken KPJ 78:1, 2 “Iba Begjaku”*)
KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.
Reffein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,
 klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.
 Reffein: Aku memuji klayan rena,
 nggunggung asmané salamanya
 Aku memuji klayan rena,

PANGUTUSAN

PS: Mengkera kanthi kabingahaning Natal. Panjenengan tindakaken Sabdanipun Gusti ing gesang padintenan, sesarengan klayan brayat panjenengan. Kadadosna pengalamaning pitepangan panjenengan dhumateng Gusti, minangka warisan ingkang tansah dipungesangi, supados gesang panjenengan lan brayat panjenengan, lestantun ing salebetung tentrem rahayunipun Gusti.

BERKAH

PS : Tampènana berkahipun Gusti:

Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang (kita) kowé, lan ngayomana (kita) kowé;
 Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang (kita) kowé, lan maringana sihrahmat;
 Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang (kita) kowé, lan maringana tentrem rahayu.

U: (*ngidungaken KPJ 464 “Amin”*) **Amin, Amin, Amin.**

[DCH-DEN]



BAHAN LITURGI
Dalu Wekasaning Taun
Jum'at, 31 Dhésèmber 2021

Katrangan:

PS: Pelados Sabda
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken
 U: Umat
 L: Lèktor
 PL: Pelados Liturgi

**“Patrapipun
 Ngraos-
 raosaken
 Gesang”**



PACAWISAN

- Musikan (*organis/pianis*) ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah ingkang ening.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan lumebet ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

--- *umat jumeneng* ---

TIMBALAN NGIBADAH

PL: Sesarengan kalyan sadaya titah, kita pirsani malih tapak-tapak langkah ing taun 2021. Wonten punapa ing ngrika? (*Saged dipun tedahaken slide utawi potrèt-potrèt pengalaman ingkang kelampahan ing taun paladosan 2021 – minangka tetales anggèn kita sami ngraos-raosaken*)

Pinanggih kathah cariyo. Bingah, sisah, kelampahan, wurung, sakit, pulih, lan mawarni-warni cariyo sanèsipun dados pengalaman kita. Sekedhap kita nolèh mawingking sarta maspadakaken Gusti Allah ingkang makarya. Ebenhaèzer, dumugi ngriki Gusti Allah mitulungi kita!

U: (*ngidungaken KPJ 395:1, 2 "Sawatara Aku Nolèh"*)
KPJ 395. SAWATARA AKU NOLÈH

Do=E 3/4

- 1) Sawatara aku noleh marang dalan kang dakliwati,
sihe Gusti kang dak tampa kanthi eraming ati.
Sanadyan akeh alangan wah kandhang lelimengen,
nanging Gusti karsa nuntun.
Mulane aku ngungun, wit asta ning Allah ngreksa,
temah rumangsa bega
- 2) Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya;
ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.
Aku tansah kaeraman, wit tansah binerkahan.
Kadiparan nggonku nampa sih tresnane Kang Kwasa ?
Daklakoni, dakedumken marang umat sadoya.

VOTUM

PS: Sumangga nolèh mawingking sekedhap tuwin
ngraosaken malih bilih sayektosipun juru pitulung kita
punika Gusti piyambak, ingkang nitahaken langit,
bumi dalah sadaya isinipun, sarta ingkang ngrengkuh
karingkihaning titah ing salebeting katresnan-Ipun.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita,
lan saking Gusti Yésus Kristus, nunggila ing
panjenengan (kita) sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

--- *umat lenggah* ---

PANGAKENING DOSA Pangakening Dosa

- PL: “Ingsun lenggah ing papan kang dhuwur lan suci nanging uga nunggil karo wong kang rempu lan andhap-asor” (Yes. 57:15)
- U: **Dhuh Gusti, kersaa ngapunten, amargi kawula mboten sumerep, bilih Paduka nyarengi kawula, amargi kawula gumunggung.**
- PL: “Astaning Yehuwah iku sanyata ora cupet kagem paring karahayon, lan pamirenge ora kurang landhep kagem miyarsakake; 2 nanging kang dadi sesinggetan ing antarane kowe lan Gusti Allahmu iku sakehing pialamu” (Yésaya 59:1-2)
- U: **Dhuh Yéhuwah, kawula mugi sami Paduka welasi, sabab kawula nebih saking ingkang saged kagayuh déning asta Paduka ingkang nGRENGKUH kawula.**
- PL: “Sabab tanganmu iku najis marga kuthah getih sarta drijimu marga saka piala; cangkemmu ngucapaké cidra, ilatmu ngandhakaké kaculikan.” (Yésaya 59:3)
- U: **Dosa panerak kawula sadaya punika saèstu kathah wonten ing ngarsa Paduka, tuwin dosa kawula punika dados seksi ingkang nglawan dhateng kawula, dhuh Yéhuwah. Apuntenana kawula.**
- U: (*ngidungaken KPJ 61:1 “Saèstu Keduwung”*)
KPJ 61. SAÈSTU KEDUWUNG

Do=D 6/8

- 1) Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.
 Kadhwuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami, nging tan ana bukti. Adhuh Gusti, nyuwun suci
- 3) Saèstu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa.
 Nadyan rinoban sih-rahmat, nging datan énggal mratobat, mangkotaken ati. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

--- *umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PL: Amargi sih-rahmat-Ipun, Gusti Allah rawuh ing jagat minangka pepadhang kanggé milujengaken manungsa sadaya ingkang dumunung ing pepeteng. Pratélan punika cetha kaserat ing Injil Yohanes 12:46 ingkang makaten:

“Aku wus teka ing jagat dadi pepadhang, supaya saben wong kang pracaya marang Aku, aja tetep ana ing pepeteng.”

U: (*ngidungaken KPJ 101:1, 4 “Allah Kang Dados Pepadhang”*)

KPJ 101 ALLAH KANG DADOS PEPADHANG

Do=F 3/4

- 1) Allah kang dados padhang nuntun dhateng kraharjan, Astanya sèstu santosa, ngreksa tyang kang pracaya, Pepadhanging Allah nganthing, ngirid ing ngajeng lan wuri, ngantos dumugèng swargi.
- 4) Allah kang dados pepadhang, madhangi manah kula Salaminya kula gesang tansah pasrah-pracaya Kula tan ajrih bebaya, karubedan wah sangsara wit Gusti nganthing kula.

--- *umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

PS: (*nDedonga nyuwun panuntuning Roh Suci*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yésaya 62: 6-12**
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Masmur Tanggapan

- L2: (Maos Masmur Tanggapan saking **Jabur Masmur**
8. Saged kawaos gentosan kalayan umat)

Waosan Kaping Kalih

- L3: Waosan kaping kalih saking **Galatia 4:4-7**
 Makaten Sabdanipun Gusti.
 U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Waosan Injil

- PS: Waosan Injil saking **Lukas 2:15-21**
 Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
 inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken
 Sabdanipun Gusti lan ugi dipun èstokaken ing gesang
 padintenanipun. Haléluya.
 U: (*ngidungaken*) **Haléluya.**

Khotbah**Wekdal Ening**

--- *umat jumeneng* ---

Pangaken Pitados Rasuli

- P/D1: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken lan kita antebaken malih punapa ingkang kita pitados, kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.
 U: (*sesarengan ngucapaken* **Pangaken Pitados Rasuli**)

--- *umat lenggah* ---

Pandonga Syafaat

- PS: (*ngonjukaken pandonga Syafaat lan Donga Rama Kawula*)

PISUNGSUNG

P/D2: Para sadhèrèk, punapa ingkang badhé kita lampahi?
Punapa cihnaning pasrahang dhiri kita dhateng
pangundhanging Sabda punika?

U: **Dhuh Allah, pinten-pinten dinten kawula
kumringget, pinten-pinten dinten kawula
makarya kalawan sadaya dosa kawula,
ananging kalawan rah Paduka, sedayanipun
Paduka sucèkaken. Samangké dhuh Allah,
kanthi tulus kawula onjukaken pisungsung
kanggé kaluhuran Paduka.**

P/D2: (*maos 1 Babad 29:13-14*)
“Sapunika, dhuh Allah kawula, kawula sadaya sami
ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka saha sami
ngluhuraken asma Paduka ingkang agung punika.
Amargi sinten ta kawula punika saha punapa ta bangsa
kawula punika, dene kawula sami saged ngunjukaken
pisungsung manasuka kadosdene sapunika punika?
Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sadaya
saha inggih saking asta Paduka piyambak
pinangkanipun pisungsung ingkang sami kawula
unjukaken dhumateng Paduka punika.”

U: (*ngempalaken pisungsung sinartan ngidungaken KPJ
154:1 “Adrenging Tyas Kula”*)
KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Reff. : Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagema Paduka
pirantos sapala.

--- *umat jumeneng* ---

Pandonga Pisungsung

P/D2: (*ngonjukaken pandonga pisungsung*)

Kidung Pangutusan

U: (*ngidungaken KPJ 92:1 – 3 “Sèstu Agung Sihé Gusti”*)
KPJ 92 SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI

Do=G 3/4

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.
- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya,
sèstu punika ganjaran dahat agungira.
- 3) Nugraha sumber kakiyatan mring manah kang lesah,
mrih tan nilar kayektosan, wit lubèr ing berkah.

PENGUTUSAN & BERKAT

PS: Gusti Allah nunggil panjenengan ing sauruting taun 2021.

U: **Kawula ngener dhumateng Panjenenganipun, Gusti Allah ingkang nyartani**

PS: Tetepa gondhélán dhateng prajanjinipun Allah

U: **Sabab prajanjinipun Allah punika leres lan nyata**

PS: Pinujia Gusti – Rama, Putra, lan Roh Suci!

U: **Ingkang mboten naté misahaken kawula saking katresnan-Ipun, samangké ngantos salami-laminipun.**

PS: Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus wontena ing panjenengan (kita) sadaya, samangké dumugi ing salami-laminipun.

U: (*ngidungaken KPJ 397:1, 3 “Wus Dugèng Wancinya”*)

KPJ 397. WUS DUGÈNG WANCINYA

Do=D 4/4

- 1) Wus dugèng wancinya kita nilar warsa lami
gya napaki panjangnya warsa énggal puniki;
nadyan tan saged andugi begja lan bilai,
ning krana sihing Gusti, kita samya basuki

- 3) Silih andongakna, mrih raharja salampahnya,
mantep ing pracaya, wah sembada gesangira.
Sumendhe mring Gusti, miwah asih mring sesami,
Yéku jatidhirining putra - putraning Gusti.

[YKF-DEN]



BAHAN LITURGI**Wiwitaning Taun***Sabtu, 1 Januari 2022*

Katrangan:

- PS: Pelados Sabda
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken
 U: Umat
 L: Lèktor
 PL: Pelados Liturgi

**“Lembaran
Énggal”****PACAWISAN**

- Musikan (*organis/pianis*) ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah ingkang ening.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan lumebet ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

*--- umat lenggah ---***TIMBALAN IBADAH**

PL: Taun 2021 sampun kapengker, taun 2022 samekta kita lampahi.

Sumangga kita purwakani kanthi ngucap sokur dhumateng Allah,

Amargi karesnanipun Gusti badhé tansah ngiring gesang kita

Panjenenganipun mboten badhé ngèndelaken kita lumampah piyambakan tanpa panganthining pangwaosipun Allah.

Dinten punika, kita badhé miwiti anggèn kita nglampahi gesang punika kanthi pitedahipun Gusti.

Pitedah ingkang badhé ngantri kita ngantos ing pungkasaning taun punika.

(*PL nyumet lilin, kalajengaken ngaturi umat/pasamuwan jumeneng, ngidungaken kidung pambuka KPJ 393: 1, 3 “Pinuji Gusti”*)

--- *umat jumeneng* ---

393. PINUJI PUJI GUSTI

Do=F 2/4

- 1) Pinuji puji Gusti, sih rahmatnya gung yekti.
Ing warsa kang kawuri, kita rineksa sing pati
nadyan tinempuh panggodha, nging mantep pracaya,
wit kinati ing Gusti, satemah tansah basuki
- 3) Kluhurna Hyang Makwasa kang langgeng kasetyannya.
Ing warsa enggal niki, tamtu tansah amberkahih,
amung kraharjan sanyata, ngiring lampah kula,
mila tan kendhat muji, wah mbangun turut mring Gusti

VOTUM

- PS: Kita saos sokur, amargi Gusti Allah Ingkang Akarya
langit lan bumi sampun nunggil kita salebetipun taun
2021, saha kanthi rahmatipun Allah, kita dipun
parengaken lumebet taun 2022, awit saking punika
kita sengker pangibadah punika kanthi pangaken bilih,
“Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti
Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.”
- U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

- PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama saya
lumèbèra ing panjenengan (kita).
- U: **Lan lumèbèr ugi wonten ing panjenengan.**

--- *umat lenggah* ---

- U: (*ngidungaken KPJ 19:1, 2 “Pamuji Konjuk Gusti”*)
KPJ 19 PAMUJI KONJUK GUSTI

Do=F 3/4

- 1) Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya,
wit siyang dalah ratri tansah lubèr sih-rahmatnya.
Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgeng slaminya.
- 2) Pamuji konjuk Gusti nggih Allah Kang Mahamirah,
pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
salir ingkang pinanggya dados margining bergja.

PAMBUKA

PL: Wekdal punika kita miwiti raos sokur kita awit saking kanugrahanipun Gusti Allah, sabab kita saged nglangkungi taun 2021 kanthi sadaya bingah lan sisahiun. Lan wekdal punika kita samekta kanggé mlebet lembaran énggal ing taun 2022 punika kanthi tetep ngimani, bilih berkah lan panganthinipun Gusti badhé tetep nunggil kita sadaya.

U: (*ngidungaken KPJ 21:1, 2 “Para Titah Sadaya Samya Ngrepèkna”*)

KPJ 21 PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

Do = A 3/4

- 1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya
Haléluya! Haléluya!
- 2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!

PANGAKENING DOSA

PL: (*nuntun pandonga pangakening dosa*)

U: (*ngidungaken KPJ 391:1, 2 “Kawula Sèstu Ngakeni”*)

KPJ 391. KAWULA SÈSTU NGAKENI

Do=D 4/4

- 1) Kawula sestu ngakeni kanthi tulus ing driya,
dosa kang kula lampahi salebet ing warsi lami.
Gusti mugi angaksami, mrih ayem ing tyas kula

2) Dhuh Gusti mugi nulungi; wit kwasaning Roh Suci,
ing warsa enggal punika kawula gesang sembada;
tansah mbangun- turut Gusti, ulah tresna sejati

--- *umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Minangka umatipun Gusti ingkang sampun
karukunaken tuwin kaapunten dosanipun déning Gusti
Allah, samangké tampènana pawartos sih-rahmat
saking Gusti Allah ingkang kapendhet saking Kitab
Nabi Yérémia 29:11

“Awit Ingsun iki nguningani rancanganing Sun
tumrap sira, yaiku: rancangan tentrem rahayu lan
dudu rancangan bilai, yaiku supaya sira kebak
pangarep-arep kang becik tumrap ing bésuké”

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

U: (*ngidungaken KPJ 65!:, 3 “Aku Tan Ngerti
Mengkoné”*)

KPJ 65. AKU TAN NGRETI MENGKONÉ

Do=A 4/4

1) Aku tan ngreti mengkoné, mung saderma lumaku.
Dudu surya kang dakantu, jer iku bakal sirna.

Mengkoné aku tan kwatir, wit Gusti wus prasetya.
Lakuku kinanthi Yésus, mula tentrem uripku.

Reff. : Bab akèh aku tan ngerti, kang bakal dakalami,
nungku yakin sayekti, tasah kinanthi Gusti.

3) Aku tan ngreti mbésuké, bisa nandhang sangsara.
nungku kang paring pangan glathik lan ngayomi uripku.
Wektu rumpil pandumanku, bisa urubing latu,
nungku anèng sisihku, wah nebus srana rahé.
Reff. : Bab akèh aku tan ngerti, kang bakal dakalami,
nungku yakin sayekti, tasah kinanthi Gusti.

--- *umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

- PS: (nDedonga nyuwun panuntuning Roh Suci)
 U: (ngidungaken KPJ 197 “Kula Sampun Siyaga”)
 KPJ 197. KULA SAMPUN SIYAGA

Do=G 4/4

Kula sampun siyaga, Gusti; sumadya nampèni sabdamulya.
 Kula sujud manembah Gusti, marak ngabyantara sapunika.
 Mugi Gusti maringi berkah dhumateng kawula ing samangkya.
 Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.
 Sabda Paduka datan éwah gingsir saking mula buka;
 ugi sapunika wah salaminya.
 Sabda Paduka wonten gesang kula.
 Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

Waosan Kapisan

- L1: Waosan kapisan saking **Kohèlèt 3: 1-13**
 Makaten Sabdanipun Gusti.
 U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Masmur Tanggapan

- L2: (Maos Masmur Tanggapan saking **Jabur Masmur 8**. Saged kawaos gentosan kalayan umat)

Waosan Kaping Kalih

- L3: Waosan kaping kalih saking **Kitab Wahyu 21: 1-6**
 Makaten Sabdanipun Gusti.
 U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Pamaosing Injil

- PS: Waosan Injil saking **Matius 25: 31-46**
 Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
 inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken
 Sabdanipun Gusti lan ugi dipun èstokaken ing gesang
 padintenanipun. Haléluya.
 U: (ngidungaken) **Haléluya [3x]**

Khotbah

“Lembaran Énggal”

Wekdal Ening

--- *umat jumeneng* ---

Pangaken Pitados Rasuli

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken lan kita antebaken malih punapa ingkang kita pitados, kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

--- *umat lenggah* ---

Pandonga Syafaat

PS: (*ngonjukaken pandonga Syafaat*)

PISUNGSUNG

PL: Sumangga sami asukarena ngaturaken pisungsung kita piyambak-piyambak kanthi ngèngeti sabdanipun ing 1 Babad 29: 17a:

“Kawula sumerep, dhuh Allah kawula, bilih Paduka punika ndadar manah saha rena dhateng manah ingkang eklas, milanipun kawula inggih ngunjukaken punika sadaya kanthi manasuka saha kalyan legawaning manah;”

U: (*ngempalaken pisungsung sinartan ngidungaken KPJ 390:1, 2 “Gunakna Wektumu Paringé Gusti”*)

KPJ 390 GUNAKNA WEKTUMU PARINGÉ GUSTI

Do=Es 4/4

- 1) Gunakna wektumu paringé Gusti,
wit uripmu cekak pindha kembang.
Endi barang langgeng ing donya iki,
amung katresnan ywa nganti ilang.

Reff. : Barang kang ana, isining donya;
 sagunging kang éndah bakal musna.
 Mung katrsnanmu demi Sang Pamarta,
 gedhé ajiné tan bakal sirna.

- 2) Aja tan migunakaké wektumu,
 lipur lan tulungen kang kesasar.
 Mulyakna Gusti ana ing uripmu,
 dimèn lampumu tansah sumunar.
- Reff. : Barang kang ana, isining donya;
 sagunging kang éndah bakal musna.
 Mung katrsnanmu demi Sang Pamarta,
 gedhé ajiné tan bakal sirna.

--- *umat jumeneng* ---

Pandonga Saos Pisungsung

PL: (*ngonjukaken pandonga pisungsung lan Donga Rama Kawula*)

PANGUTUSAN

PS: Sumangga kita lampahi lembaran énggal ing taun 2022
 punika ing salebeting tentrem rahayunipun Gusti.
 Sumangga dados seksining gesang ingkang nélakaken
 bilih kakiyatan kita namung wonten ing Gusti Allah.

U: (*ngidungaken KPJ 106:1, 3 “Amung Kumandel Iku”*)
 KPJ 106 AMUNG KUMANDEL IKU

Do=Bes 4/4

- 1) Amung kumandel iku uwiting karosanku.
 Amung kumandel iku etuking kraharjanku.
 Reff. : Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
 Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku.
- 3) Srana pangandel iku ngilangken prihatinku.
 Srana pracaya iku sirna was sumelangku.
 Reff. : Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
 Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku.

BERKAH

PS: Samangké, sengkakna manah panjenengan, enerha pangangen-angen panjenengan dhumateng Gusti, sarta saremana jagat kanthi berkahipun Gusti:

“Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);

Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;

Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu.”

U: (*ngidungaken*) **Haléluya** [5X], **Amin** [3X]

[EW-DEN]



BAHAN LITURGI
Minggu Épifani
Minggu, 2 Januari 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda
P/D: Pinisepuh/Dhiaken
U: Umat
L: Lèktor

**“Pangéjawantahing
Kasaénanipun
Allah dhumateng
Sadaya Bangsa”**

©O&W

PACAWISAN

- Musikan (*organis/pianis*) ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah ingkang ening.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan lumebet ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

--- *umat jumeneng* ---

TIMBALAN NGIBADAH

P/D1: Ing satengahing buneging manah lan pepetenging gesang amargi pageblug covid-19 tuwin pakèweting gesang sanèsipun, sumangga kita ngadeg tuwin dados pepadhang, minangka tanggapan dhateng dhawuhipun Gusti ingkang nguwuh-uwuh dhateng umat Israël lan kita wekdal samangké: “1 Ngadega dadia pepadhang, sabab padhangira teka, lan kamulyaning Sang Yéhuwah mlethèki sira.” (Yésaya 60:1).

U: **Kawula siyaga dados pepadhang, lumantar Pangibadah Minggu lan lelabetaning gesang padintenan kami.**

P/D1: Pepadhangipun Allah rawuh, dados berkah ing gesang kita. Panguwaosing Rohipun Gusti jebati kita, sarta sih-nugrahaning Gusti nyegeraken kita. Kita ngluhuraken Gusti kanthi ngidungaken KPJ 14:1, 3.

U: (*ngidungaken KPJ 14:1, 3 "Kula Samya Tetunggilan"*)
KPJ 14. KULA SAMYA TETUNGGILAN

Do=F 3/4

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kesarasan
Reff. : Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti
wit ingayom ing sihira sèstu tentrem raharja.
- 3) Kula rinimat ing Gusti srana sagunging titah,
mangsa kang silih gumanti samukawis mung éndah.
Reff. : Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti
wit ingayom ing sihira sèstu tentrem raharja.

VOTUM

PS: Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti
ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang setya
nélakaken kasaénan-Ipun kanggé sadaya titah.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah, Rama
kita, tuwin saking Gusti kita Yésus Kristus, nunggila
ing panjenengan (kita)..

U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

--- *umat lenggah* ---

PAMBUKA

P/D2: Dinten punika kita ngraos-raosaken Minggu Épifani,
inggih punika dinten ageng Gréja ngraosaken
wiyosanipun Gusti Yésus Kristus minangka
Wahyunipun Allah ingkang manjalma manungsa ing
jagad, salajengipun para pandhita saking Wétan rawuh
sami sujud nyembah dhateng Sang Timur. Pancadan
saking makna Épifani lan waosan-waosan Sabdanipun
Gusti wekdal punika, kita badhé ngraosaken punapa

saha kadospundi pangéjawantahing kasaénanipun Allah dhateng sadaya bangsa ing satengahing karingkihanipun manungsa ingkang wonten.

Kita ngidungaken KPJ 216:1, 3.

U: (*ngidungaken KPJ 216:1, 3 “Bètléhèm Ing Éfrata”*)
KPJ 216.BÈTLÉHÈM ING ÉFRATA

Do=F 6/8

- 1) Bètléhèm ing Éfrata, sanyata prasaja,
kang cilik ing Yéhuda nging pinilih Gusti.
Ya anèng kandhang kewannya, miyos ing Sang Pamarta.
Allah sung waluya, tan mawang manungsa.
- 3) Pra pujangga king wétan asung pakurmatan,
wit tinuntun lintangé, Gustining pra Gusti.
Mula payo para kanca padha sujud ngabekti;
nulad pra pujangga kang sowan mring Gusti

PANGAKENING DOSA

PS: Gusti, kawula nyuwun pangapunten amargi pilih kasih dhateng tiyang sanès utawi bangsa sanès minangka péhak mboten ndadosaken keparenging panggalihipun Gusti, sarta mboten pantes nampièni berkah lan kawilujengan saking Gusti.

U: **Dhuh Gusti, karsaa ngapunteni kawula.**

PS: Gusti, kawula nyuwun pangapunten awit nganggep dhiri kawula, golongan kawula, utawi bangsa kawula kémawon ingkang dados renaming penggalihipun Gusti, sarta ingkang pantes piyambak nampèni berkah sarta kawilujengan saking Gusti.

U: **Dhuh Gusti, karsaa ngapunteni kawula.**

PS: Gusti, kawula nyuwun pangapunten amargi nampik timbalan saking Gusti supados kawula martosaken Kabar Kabingahan dhumateng tiyang-tiyang ingkang dèrèng wanuh Paduka.

U: **Dhuh Gusti, karsaa ngapunteni kawula.**

PS: Gusti, kawula nyuwun pangapunten awit nampik pitutur saha kawigatosan saking péhak sanès ingkang kawula anggep kapir, mangka makaten punika caranipun Gusti ngaruh-aruhi tuwin nuntun kawula dhateng pamratobat saha pamulihaning gesang.

U: **Dhuh Gusti, karsaa ngapunteni kawula.**

PS: Namung wonten ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus kawula ndedonga.

Sadaya: **Amin.**

U: (*ngidungaken KPJ 49:1, 3 "Gusti Kang Mawilasa"*)

KPJ 49. GUSTI KANG MAHAWILASA

Do=G 4/4

- 1) Gusti Kang Mahawilasa mugi paring aksama
kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya
Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng

- 3) Gusti Ingkang Mahakwasa, mugi nuntun kawula;
ngambah ing margi utami, nurut pangrèh Paduka.
Awit kwasaning Roh Suci, nytingkur karsèng pribadya,
nglawan kapèncuting donya, mrih raharja slaminya.

--- *umat jumeneng* ---

BERITA ANUGERAH

PS: Pawartos sih-tahmat kapendhet saking **Éfesus 2:8-10**
makaten:

“8 Sabab anggonmu padha kaslametaké iku saka sih-rahmat marga pracaya; lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparingé Allah, 9 iku dudu wohing panggawému; supaya aja ana wong kang gumunggung. 10 Marga kita iki titahé Allah, katitahaké ana ing Kristus Yésus, supaya padha nglakoni panggawé becik kang kacawisaké Allah sadurungé. Panjenengané ngarsakaké supaya kita padha urip kaya mangkono.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

U: (*ngidungaken KPJ 78:1,3 “Iba Begjaku”*
KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reffein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

- 3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

Reffein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

--- *umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

PS: (*nDedonga nyuwun panuntuning Roh Suci*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yésaya 60:1-6** (*kawaos*).
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Masmur Tanggapan

L2: (*Maos Masmur Tanggapan saking **Jabur Masmur 72:1-7, 10-14.** Saged kawaos gentosan kalayan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Éfesus 3:1-12** (*kawaos*).
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil saking **Matius 2:1-12** (*kawaos*).

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken
Sabdanipun Gusti lan ugi dipun èstokaken ing gesang
padintenanipun. Haléluya.

U: (*ngidungaken*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

Khotbah

“Pangéjawantahing Kasaénanipun Allah dhumateng Sadaya
Bangsa”

Wekdal Ening

--- *umat jumeneng* ---

Pangaken Pitados

P/D3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting
wekdal, sumangga kita ikraraken lan kita antebaken
malih punapa ingkang kita pitados, kanthi sesarengan
ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*sesarengan ngucapaken* **Pangaken Pitados
Rasuli**)

--- *umat lenggah* ---

Pandonga Syafaat

PS: (*ngonjukaken pandonga Syafaat*)

PISUNGSUNG

P/D4: Kita badhé ngaturaken pisungsung sokur dhumateng
Gusti. Sabdanipun Gusti ingkang nalesi pisungsung
sokur punika kapendhet saking **Kolosé 3:17** makaten
suraosipun:

“17 Lan sadhéngah apa kang koktindakaké kalawan tembung utawa kalawan panggawé, iku kabèh lakonana ing asmané Yésus, kanthi saos sokur marang Allah, Rama kita lumantar Panjenengané.”

U: (*ngidungaken KPJ 155: 1, 3 “Aku Tan Naté Mangerti”*)
 KPJ 155. AKU TAN NATÉ MANGERTI

Do=A 2/2

- 1) Aku tanaté mangerti kapan begja cilaka,
 mung tansah pasrah mring Gusti, yéku Pamarta setya.
 Mantep pracaya ing ati manut rèh lan sabdanya.
 Tinuntun dumugeng janji mring kasampurnan swarga.

- 3) Uripku ing pangrèhé Gusti, tan ana pangrèh liya.
 Kasarasan lan rejeki, wuwuhing sih-nugraha.
 Rancangan tinata tliti, pratandhaning sutresna.
 Aku tan kwatir, tan wedi, mung begja kang pinanggya.

--- *umat jumeneng* ---

Pandonga Pisungsung

P/D4: (*ngonjukaken pandonga pisungsung, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

Kidung Pangutusan

U: (*ngidungaken KPJ 245:1, 3, 5 “Sang Pepadhang Sejati”*)
 KPJ 245. SANG PEPADHANG SEJATI

Do=D 4/4

- 1) Sang pepadhang sejati samangkya wus prapti,
 nyirnakna réhing pati, mrih jalma basuki.

- 3) Sang pepadhang sanyata manjalma mangungsa
 ngasoraken pepeteng, sung gesang kang langgeng.

- 5) Sang pepadhang satuhu rawuh jroning kalbu.
 nenuntun tyang pracaya nulad Sang Pamarta.

PANGUTUSAN

- PS: Pasamuwan ingkang dipun-kasihi Gusti, enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.
- U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah.**
- PF: “Ngadega dadia pepadhang, sabab padhangira teka, lan kamulyaning Sang Yéhuwah mlethèki sira.”
- U: **Kadadosna kawula pepadhang Paduka, ingkang badhé tansah nyunaraken kamulyan Paduka.**

BERKAH

- PS: “Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);
Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu.”
Amin.
- U: (*ngidungaken*) **Haléluya [5X] Amin [3X]**

[AAP-DEN]



BAHAN LITURGI**Minggu Baptisipun Gusti Yésus***Minggu, 9 Januari 2022*

Katrangan:

- PL: Palados Liturgi
 PS: Palados Sabda
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken
 U: Umat
 L: Lèktor

**Sumadya
Ngrengkuh
Kagagalán**

**PACAWISAN**

- Musikan (*organis/pianis*) ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah ingkang ening.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan lumebet ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

--- *umat jumeneng* ---**TIMBALAN NGIBADAH**

P/D1: Bapak, Ibu lan anak-anakkku ingkang dipun tresnani Gusti,

Wekdal punika kita mèngeti malih lelampahan pambaptisanipun Gusti Yésus, pisan damel dados wiwitaning Mangsa Minggu Limrah kanthi warni liturgi ijem.

Warni ijem mralambangi taneman ingkang tuwuh subur, minangka simbul menawi kita tumut tinimbalan kanggé menangi tuwuwing rohani saha tumut wonten ing paladosan kados punapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus Kristus, mila sumangga sesarengan kita ndhèrèk cawé-cawé kanthi ngidungaken KPJ 182:1, 3.

U: (*ngidungaken KPJ 182:1, 3 “Puji Sokur lan Panggunggung”*)

182. PUJI SOKUR LAN PANGGUNGGUNG

Do=G 4/4

- 1) Puji sokur lan panggunggung konjuk mring Hyang Maagung,
kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya.
Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangéran.
Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangrèhnya.
- 3) Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya,
kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa.
Kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati,
saèstu manggya raharja, mulya langgeng ing swargi

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu Pembaptisanipun Gusti Yésus punika saged kelampahan awit saking pitulungan kita wonten ing Asmanipun Gusti, ingkang nitahken langit kaliyan bumi.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin**

SALAM

PS: Gusti nunggil panjenengan (kita)!

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

--- *umat lenggah* ---

PAMBUKA

PL: Bapak, Ibu lan anak-anakku ingkang dipun tresnani Gusti,

Kita temtu naté mrangguli pasang-suruting gesang, wonten wekdalipun kita sembada, lan wonten wekdalipun ing pundi kita menangi kagagalan.

Ananging kagagalan sanès pungkasaning sadaya prakawis, ananging wekdal ingkang pas kanggé nglampahi éwah-éwahaning gesang. Kados pandamel

ingkang katindakaken déning Gusti Yésus, Panjenenganipun sumadya kabaptis sesarengan kalayan tiyang-tiyang dosa, amargi Panjenenganipun karsa ngrengkuh kagagalnipun manungsa, tuwin sumadya dados panebus dosanipun manungsa. Prakawis punika katindakaken,

“12 marga ana ing Panjenengané kowé padha ndhèrèk kakubur sarana baptis, lan ana ing Panjenengané ndhèrèk katangèkaké uga lantaran pracayamu marang pakaryané kwasaning Allah, kang wis mungokaké Panjenengané saka antarané wong mati.” (Kolosé 2:12)

KIDUNG PAMUJI

U: (*ngidungaken KPJ 213:1, 2 “Allah Ngesorken Srira”*)
KPJ 213. ALLAH NGESORKEN SRIRA

Do=G 6/8

- 1) Allah ngesorken srira, wit nglabuhi jalma.
Manungsa tan keduga ngandelken dhirinya.
Mung karana tresna, gesang tentrem raharja.
Tyang dosa pinurih tobat, cinadhang sihrahmat.
- 2) Allah tedhak ing donya, wit gunging sih-tresna;
ngrukunaken manungsa klayan sariranya.
Mila tyang pracaya sami manggih raharja;
kang sami olah katresnan sinihan Pangéran.

PANGAKEN DOSA

PL: (*Ngaturi umat supados mirsani malih kalepatan tuwin tumindak dosa ingkang naté dipun-lampahi*)
Bapak, Ibu lan anak-anakku ingkang dipun tresnani Gusti,

mBoten wonten tiyang satunggal kémawon ing jagat punika ingkang mboten naté damel dosa lan kalepatan, ananging punapa ingkang mbédakaken kita minangka tiyang pitados? Ingkang mbédakaken inggih punika

rumaosing gesang, ingkang ndamel kita sowan sarta ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti. Sumangga kita akeni sadaya dosa tuwin kalepatan ingkang naté kita lampahi ngantos sapriki. (*ngaturi wewengan umat kanggé ndedonga sacara pribadi, sasampunipun karaosaken cekap, Palados Liturgi mungkasi kanthi pandonga*).

KIDUNG PANGAKEN DOSA

U: (*ngidungaken KPJ 52:1, 3 “Gusti Sèstu Kula Nalangsa”*)

KPJ 52 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA

Do=C 4/4

- 1) Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.

Reff. : Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.

Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

- 3) Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.

Reff. : Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.

Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

--- *umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS: Bapak, Ibu lan anak-anakku ingkang dipun tresnani
Gusti,

Gusti Allah nresnani tuwin perduli sanget dhumateng kita. Ngantos Gusti Yésus Sang Putra putranipun Allah, sumadya nampèni baptis kados limrahipun manungsa dosa.

Amargi awit saking baptisan punika dados pratandhaning pamratobat, lan kanggé tiyang-tiyang ingkang mratobat kanthi temen-temen sarta pitados dhumateng Gusti Yésus, mila Gusti Allah badhé karsa ngapunteni sadaya dosa lan kalepatan kita.

Amargi sabdanipun Allah ing Roma 6:3-4 mratélaaken makaten:

“3 Apa kowé padha ora mangerti, yèn kita kang wus padha kabaptis ana ing Kristus Yésus, iku wis padha kabaptis ana ing sédané? 4 Dadi, kita wus padha ndhèrèk kakubur kalawan Panjenengané, sarana baptising pati mau, supaya padha kayadéné Kristus wus kawungokaké saka ing antarané wong mati déning kamulyaning Sang Rama, mangkono uga kita bakal urip ana ing sajroning urip kang anyar.”

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

(umat sami ngaturaken salam katentreman kanthi salam Namaste sinambi ngucapaken “Tentrem rahayu wontena ing panjenengan”)

KIDUNG SOKUR

U: *(ngidungaken KPJ 94:1, 3 “Sumangga Mareka”)*
KPJ 94. SUMANGGA MAREKA

Do=F 4/4

- 1) Sumangga mareka ngarsané Gusti kita,
anggunggung asmanyá wit sihé kang sanyata
maringken Kang Putra, yéku marginira
mbirat dosa kita, wah gesang sembada
- 3) Yéhuwah Makwasa maringi kabingahan
lan tentrem-raharja dugèng jaman klanggengan.
Samya tansah pangkah mituhu mring Allah,
minangka panuwun, wit gung berkahipun.

--- umat lenggha ---

PALADOSAN SABDA

PS: (*nDedonga nyuwun panuntuning Roh Suci kanggé paladosan Sabda*)

U: **Amin**

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yésaya 43:1-7**
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L2: (*Maos Masmur Tanggapan saking **Jabur Masmur 29**. Saged kawaos gentosan kalayan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Lelakoné Para Rasul 8:14-17**
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil saking kitab Injilipun Gusti Yésus Kristus manut **Yohanes 9:1-41**
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan ugi dipun èstokaken ing gesang padintenanipun. Haléluya.

U: (*ngidungaken*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

KHOTBAH

WEKDAL ENING

--- *umat jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS

P/D2: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ingkang kapengker, samangké, punapadéné ingkang badhé

dhateng, ngèngeti dhateng baptisan kita miturut Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

--- *umat lenggah* ---

PANDONGA SYAFAAT

PS: (*ngonjukaken pandonga Syafaat, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

PISUNGSUNG

P/D3: Sumangga kita nélakaken sokur kanthi nyaosaken pisungsung konjuk Gusti. Tetalesing pisungsung kapethik saking **1 Korintus 1:4**, suraosipun makaten:

“4 Aku tansah saos sokur marang Allahku karana kowé kabèh, awit saka sih-rahmaté Allah kang kaparingaké marang kowé ana ing Kristus Yésus.”

Sumangga kita ngaturaken pisungsung kanthi sukarena.

KIDUNG CAOS PISUNGSUNG

U: (*ngidungaken KPJ 165:1, 3 “Konjuk Mring Kang Maha Agung”*)

KPJ 165 KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG

Do=C 3/4

- 1) Konjuk mring Kang Maha agung, kula soas pisungsung; cihaning bingahing manah, wit berkahing Allah; sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa dadya srana mun pangati mrih kamulyaning Gusti.

- 3) Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah, tandha ajrih asih kula wit gung sih rahmat-Nya. Mugi Gusti nggih karenan temah binerkahan, dadya margi Kratoning Allah binabar nèng bumi

--- *umat jumeneng* ---

PANDONGA PISUNGSUNG

P/D3: (*ngonjukaken pandonga pisungsung sokur*)

KIDUNG PANGUTUSAN

U: (*ngidungaken KPJ 145:1 “Yèn Praharaning Urip Anerjang”*)

KPJ 145. YÈN PRAHARANING URIP ANERJANG

Do=Es 2/4

Yén praharaning urip anerjang,
lan pacobané nyerang ngrusuhi,
mung sajuga pengarep-arepmu,
prasetyané Gusti iku tangguh.
Nadyan gunung-gunung padha jugrug
tengger-tengger kabèh padho horeg,
nung kasetyané Gusti ngayomi,
rumeksa; jiwanmu tetep teguh.

ngendelna prasetyaning Gusti,
aja nganti uwali rina kalawan wengi.
Singkirna wedi lan kuwatir,
Gusti kang ndarbèni uripmu,
Nadyan gunung-gunung dha gumingsir,
sarta tengger-tengger padha horeg,
nung kasetyané Gusti ngayomi
lan tansah rumeksa rina wengi
lan tansah rumeksa rina wengi.

PANGUTUSAN

PS: Bapak, Ibu lan para laré ingkang dipun tresnani Gusti,
Wujudna tentrem rahayu ing gesang panjenengan
lumantar kasanggeman kanggé ngrengkuh kagagalanan,
saha jumangkah langkung saé kanggé ngladosi Gusti
Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

BERKAH

- PS: “Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);
Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu.”
- U: (*ngidungaken KPJ 472 “Haléluya Amin”*) **Haléluya [5X], Amin [3X]!**

[IW.K-DEN]



BAHAN BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI BRAYAT

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

BAHAN

**PANYURAOS KITAB
SUCI KAGEM BRAYAT**

Mangsa Adven

Waosan:

Yokanan 1:19-28

**“Lelados Gusti
ing Salebetung
Karingkihan”**



Tuntunan cekak tumindaking Panyuraos Kitab Suci (PKS) Brayat:

Tataran 1:

Pamaosing Kitab Suci lan tuntunan PKS

Tataran 2:

Pirembaganing brayat

Tataran 3:

Brayat mratélakaken kasanggemanipun kaggé tumut cawé-cawé ing peladosan, saé ing salebetung pasamuwan punapa déné ing satengah-tengahing warga masyarakat

Tuntunan PKS

Purwaka

Umatipun Gusti sami nganti-anti panjangkeping prasetya bab rwuhipun Sang Mesih, Sang juru kamardikan. Prasetya punika sampun makaping-kaping kapratélakaken lumantar pamecanipun para Nabi Samangké, umatipun Gusti kalawau sami nekseni pribadinipun Yokanan Pembaptis ingkang saèstu nuwuhaken kaéraman ageng awit anggénipun ndarbèni kekendelan lan mrabawani. Panjenenganipun mboten wigah-wigih anyarwé lan ngèngetaken tiyang kathah, supados sami mratobat, wiwit saking warga masyarakat andhap, para

juru mupu béa, para prajurit, ngantos ugi para tiyang Farisi, lan Saduki (kacundhukna Mateus 3:7, Lukas 3:10-14). Pribadinipun Yokanan Pembaptis punika ugi nuwuhaken pitakènan saking tiyang kathah, punapa piyambakipun punika pancèn Sang Mesih ingkang badhé rawuh?

Ngakeni Karingkhanipun

Nanggapi pitakènan ingkang katujokaken dhateng dhiri pribadinipun, Yokanan mratélakaken:

1. *“Aku iki dudu Sang Kristus”* (ayat 20)

Tanpa tidha-tidha, Yokanan Pembaptis suka paseksi bilih dhiri pribadinipun, sanès Sang Mesih ingkang badhé rawuh punika. Ing bab punika, Yokanan Pembaptis mboten dora. Piyambakipun boten migunakaken kalodhangsan punika kanggé nampèni kaurmataan saking tiyang kathah, sarana ngaken-aken bilih piyambakipun punika Sang Mesih.

2. Piyambakipun sanès Elia utawi nabi ingkang badhé rawuh (ayat 21)

Yokanan Pembaptis ugi mratélakaken bilih piyambakipun punika sanès nabi agung kados déné Elia, utawi nabi ingkang badhé rawuh.

3. *“Aku iki swarané wong kang nguwuh-uwuhan ana ing pasamunan...”*

Kantri pratélan punika Yokanan Pembaptis kados-kados kepéngin ngandika bilih sinten dhiri pribadinipun, mboten wigatos, piyambakipun sanès sinten-sinten. Piyambakipun namung pirantos ingkang kaagem déning Gusti kanggé martsosaken karsanipun.

4. *“Aku iki anggonku mbaptis nganggo banyu...”* (ayat 26)

Yokanan pembaptis ngrumaosi sipat winatesipun, piyambakipun namung saged mbaptis karana toya, ingkang èstunipun mboten ndarbèni makna lan kekiyatán. Toya namung sadremi pralambangipun nugraha pangapuntening dosa, lan kasucèning gesang, ingkang namung saged kaparingaken déning Allah piyambak.

5. "... Aku ora patut" (ayat 27)

Yokanan Pembaptis ngrumaosi bilih èstunipun piyambakipun boten pantes wonten ing ngarsanipun Sang Mesih, ingkang badhé rawuh punika. Piyambakipun boten saged kabandingaken kaliyan Sang Mesih.

Sedaya pratélan ing nginggil boten namung nedahaken bilih Yokanan punika sanès Sang Mesih, nanging ugi mujudaken pangakening dhiri ingkang jujur lan tulus dhateng karingkihan lan sipat winatesipun. Yokanan mboten isin ngakeni karingkihanipun wonten ing ngarsanipun Gusti lan sesami.

Lelados kagem Gusti ing salebetting karingkihan

Ngrumaosi kawontenanipun ingkang ringkih, mboten anjalari Yokanan kèndel lan mboten nindakaken punapapunapa. Yokanan Pembaptis tetep nyawisaken dhiri pribadinipun kaagem déning Gusti, dados sarana ing Astanipun. Karingkihan ingkang sinandhang boten dipun dadosaken alesan kanggé nampik timbalanipun Gusti. Karingkihanipun malah kapara dados dhasar kanggé tansah ngendelaken Gusti.

Kados déné Yokanan Pembaptis, èstunipun kita sedaya ugi dipun timbali tumut gumrégah cawé-cawé ing salebetting peladosanipun Gusti ing jagad punika. Ingkang winastan peladosan ing mriki mesthi kémawon ndarbèni makna ingkang jembar. Tembung "ngladosi Gusti" asring namung kita mangertosi winates ing bab pakaryan-pakaryan karohanèn kémawon utawi pakaryan-pakaryan ing salebetting pasamuwan. Kamangka, Gusti ngersakaken supados kita ngladosi Panjenenganipun (nindakaken karsanipun) ing tengah-tengahing brayat, pasamuwan punapa déné warga masyarakat umumipun, ing pundia panggènan kita kapapanaken.

Punika sedaya laras kaliyan keteranganipun Yokanan Pembaptis ngéngingi maknanipun patobat (Lukas 3: 10-14). Patobat punika:

- “*Sapa kang duwé klambi loro, wong kang ora duwé wènèhana siji, lan sing sapa duwé pangan, iya tumindaka mangkono*”
- “*Aja padha mupu ngluwih kang wis katemtokaké tumrap kowé*”
- “*Aja ngrampas lan aja memeres, nrimaa ing blanjamu dhéwé*”

Kawigatosna, kados pundi kanthi trewaca Yokanan Pembaptis nengenaken bilih patobat punika nggadhahi sesambutan kaliyan lampah gesang padintenan. Mekaten ugi peladosan, boten saged kawatesan namung wonten ing salebetting temboking pasamuwan. Mekaten ugi, kadosdéné saben tiyang perlu mratobat, mila saben tiyang ugi perlu ngladosi Gusti, kalebet kita sami.

Tuntunan Panyuraos

1. Punapa ingkang saged panjenengan sinahoni saking sikep lan paseksinipun Yokanan Pembaptis?
2. Punapa panjenengan sami asring rumaos boten pantes kanggé ngladosi Gusti? Kénging punapa mekaten?
3. Peladosan punapa ingkang saged katindakaken déning brayat panjenengan, saé kagem pasamuwan punapa déné warga masyarakat umumipun?

Ndamel Kasanggeman

Sami damela kasanggeman/janji/utawi krenteging manah, bilih brayat panjenengan sumadya tumut cawé-cawé ing bot repoting peladosanipun pasamuwan, saé ing salebetting pasamuwan punika piyambak punapa déné ing satengah-tengahing warga masyarakat.

[ERY]

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
BRAYAT
*Natal***

Waosan:
Mateus 2:16-23

**“Ngrengkuh
Ingkang
Ringkih”**

©O&W

Tuntunan Cekak Lumampahing Panyuraos Kitab Suci (PKS)

Tataran 1:
Pamaosing Kitab Suci lan Tuntunan PKS

Tataran 2:
Panyuraosing brayat

Tataran 3:
Brayat sami ndongakaken sesamining gesang ingkang sami nandhang sangsara lan kanthi tumindak nyata asung pitulungan dhateng sesami kalawau

Tuntunan lumampahing PKS

Purwaka

Cariyos sasampunipun Natal ing waosan kalawau namung kaandharaken déning juru pnyerat Injil Mateus kémawon. Wiwitanipun, Injil Mateus punika katujokaken namung kanggé tiyang-tiyang Yahudi. Awit saking punika, Injil Mateus langkung nengenaken bab anggènipun Allah netepi prasetyanipun ingkang kaweca ing kitab para nabi. Cariyos bab sumingkiripun bayi Yesus dhateng Mesir, lan para laré jaler

ingkang sami dipun pejahi ing tlatah Betlehem lan sakiwa tenganipun, kacathet kanggé nedahaken bilih pamecanipun para nabi saèstu dipun jangkepi. Lelampahanipun Yusuf lan Maryam ingkang mbekta bayi Yesus ngungsi dhateng Mesir punika, nggadhahi sesambutan kaliyan jangkepipun prasetyanipun Allah, ingkang sampun kaweca wonten ing kitab nabi Hosea 11: 1. Déné raja pati ingkang tumempuh dhateng para laré ing Betlehem, mujudaken jangkeping prasetyanipun Allah ingkang kaweca wonten ing Yeremia 32: 15.

Ngrengkuh Karingkihanipun Manungsa

Gusti Jesus Kristus saèstu dados bukti kasanggeman lan tumemenipun Gusti Allah ing salebetting nindakaken pakaryan kawilujenganipun. Gusti Jesus Kristus nedahaken bilih Gusti Allah ndarbèni manah ingkang rena kanggé ngrengkuh karingkihanipun manungsa. Kawigatosna, Sang Mesih sampun kanthi suka lila maujud ing salebetting kawontenan minangka bayi ingkang ringkih, ingkang prelu kaungsèkaken kanggé nylametaken nyawanipun saking ancaman-patinipun Herodès. Kamangka, panjenenganipun mesthinipun kagungan pangwaos tumrap samukawis ing jagad punika.

Srama anggènipun ngrengkuh manungsa, Gusti Jesus Kristus nyipta kasisahan lan kaprihatosanipun manungsa dados kasisahan lan kaprihatosanipun piyambak. Gusti Jesus kepareng rawuh ing tengah-tengahing karingkihan gesangipun manungsa. Panjenenganipun rawuh ing salebetting tetarungan (perjuangan) gesangipun manungsa lan ugi sesarengan kaliyan manungsa narungi memengsahanipun gesang. Gusti Jesus Kristus saèstu dados bukti katresnanipun Allah ingkang sampurna tumrap manungsa lan jagad raya punika.

Brayat Samapta Kanggé Sesami

Saking televisi punapa déné media sosial, kita asring mireng pawartos kathah tiyang ingkang kapeksa kécalan papan lan griyanipun. Wonten ingkang kécalan papan lan griyanipun karana peperangan, wonten ugi ingkang kécalan papan lan griyanipun karana bencana alam. Ingkang langkung

nuwuuhaken mirising manah inggih punika kathahipun sedhèrèk-sedhèrèk ingkang kapeksa tetangisan awit dipun tundhung késah saking leladan gesang padintenanipun. Para sedhèrèk kalawau kapeksa ngungsi dhateng papan sanès ingkang aman lan saged dipun enggèni.

Ing salebeting swasana Natal wekdal samangké, Pangandikanipun Gusti Allah ngajak kita sami migatosaken sedhèrèk-sedhèrèk kita ingkang kapeksa katundhung saking leladan gesang padintenanipun. Sedhèrèk-sedhèrèk kalawau paribasanipun kedah kabedhol saoyod-oyodipun, saking padunungan gesangipun. Cariyos bab sumingkiripun Gusti dhateng Mesir, ngèngetaken kita sedaya, bab kawontenanipun tiyang-tiyang ing salebeting pangungsèn, lan dados korban tumindak mboten adil dalah tindak nasar ing sakiwa tengen kita. Gusti Yesus sampun kepareng ngagem salah satungaling pasuryan saking sedhèrèk-sedhèrèk kalawau. Minangka bayi ingkang ringkih, Gusti dados kurban panindhesipun para pangwasa ingkang tumindak kanthi sakwenang-wenang. Adhedhasar sedaya prekawis punika, Gusti mbereg kita sedaya para umatipun, sami asung katresnan lan ndarbèni raos preduli dhateng sesami.

Pirembaganipun Brayat

1. Punapa panjenengan sedaya pitados bilih Gusti rawuh ing satengah-tengahing gesangipun manungsa, lan tumut campur asta dhateng sedhèrèk-sedhèrèk ingkang sami nandang sisah? Paringa keterangan.
2. Punapa ingkang sampun panjenengan (pribadi, brayat lan pasamuwan) tindakaken minangka wujuding raos preduli dhateng sesami ingkang nandhang sisah? Paringa keterangan.
3. Punapa ingkang badhé panjenengan (pribadi, bryayat lan pasamuwan) tindakaken minangka wujuding raos preduli dhateng sesami igkang nandhang kasisahan? (Kawujudna minangka kelajenganipun Panyuraosing Kitab Suci Samangké)

BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI ADIYUSWA

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
Adi Yuswa
Adven**

Waosan:
Lukas 3:7-18

**“Mulihaken
Karingkihan
Sarana
Patobat”**

©O&O

DHASARING PANIMBANG

Underaning pawartos ingkang kawartosaken déning Yokanan inggih punika bab patobat. Lumantar pawartos punika, saben tiyang kaajak wangsul dhumateng Allah. Kados pundi kita ing samangké ngaosi lan ngayati patobat punika? Ing wekdal samangké, patobat dipun lampahi sarana ngetinggalaken katresnan ing gesang padintenan. Pengalaman ingkang kados mekaten punika mesthinipun ugi dipun alami ing gesangipun para adi yuswa. Gesang ing salebetung katresnan, mujudaken pratandha pangéjawantahing pitados dhumateng Gusti Allah. Salah satunggiling wujud gesang ing katresnan, inggih punika tansah sumadya andum punapa ingkang dipun darbèni. Andum panduman ingkang kados pundi? Minangka warga ingkang sampun darbé yuswa adi (senior) asring tanpa kita lengganani, kita kepéngin tansah dipun utamèkaken, dipun pigatosaken déning asanès. Lajeng menawi kita rumaos kirang dipun gatosaken lan kirang dipun tengenaken, kita lajeng sami duka (nesu) lan ndarbèni pangraos ingkang keranta-ranta. Mboten anèh bilih wonten sawetawis tiyang sepuh ingkang malah kesupèn dhateng kabetahanipun asanès ing kiwa tengenipun. Sikep gesang péngin dipun tngenaken, dipun gatosaken, dipun pireng, lan sanès-sanèsipun, èstunipun mujudaken péangan karingkihanipun manungsa ing salebetung nglampahi gesang sesambutan kaliyan sesaminipun. Karingkihan kalawau èstunipun saged kapulihaken lumantar katresnan ingkang

ndarbèni watak loma ing pandum. Lumantar bahan punika sagung adi yuswa kasuwun sami ngraos-ngraosaken maknaning pemulihian saking karingkihanipun, lumantar patobat saha pangéjawantahing patobat kalawau ing salebetting katresnan. Katresnan tegesipun mboten nengenaken dhiri pribadi. Ing salebetting gregeting katresnaan, saben tiyang mesthinipun lila andum pérangan darbèkipun dhumateng asanès saha asung kawigatosan dhateng sesami.

1. Andum Pengalaman

- Punapa panjenengan naté nyeksèni tiyang sepuh (èyang kakung punapa putri) ingkang nembé rebutan tetedhan utawi barang kaliyan putunipun, lan mboten wonten setunggal kemawon ingkang ngawon?
- Minangka warga “senior” (sepuh), punapa panjenengan naté rumaos mboten sekéca ing manah karana kirang dipun gatosaken, mboten dipun pireng lan rumaos bilih sedaya lelabuhan wekdal kapengker sampun dipun supèkaken?

2. Nggegilut Pengalaman

- Punapa ingkang badhé panjenengan lampahi menawi rumaos mboten dipun gatosaken, mboten dipun pireng, lan sedaya lelabuhan ing wekdal kapengker dipun supèkaken?
- Punapa panjenengan naté ngraos ing manah bilih ngutamèkaken pepénginan, dipun pireng pamanggih lan sedyanipun, saha pikantuk pangalembana awit sedaya lelabuhan ing wekdal kapengker, èstunipun mujudaken satunggiling karingkihan ing salebetting gesang sesambetan kaliyan sesami?
- Lumantar panyuraos Kitab Suci punika, kita badhé sesarengan nyinau bab mulihaken karingkihan srana patobat.

3. Mirengaken Sabda

(*Pangarsaning PKS ngajak ingkang sami rawuh maos Lukas 3:7-18 lan mirengaken keterangan bab waosan kalawau, saha tumut wawan rembag adhedhasar keterangan kalawau*).

Yokanan Pambaptis ngundhangaken wartos: “*Wadungé wis ana ing poking wit, lan saben wit kang ora metokaké woh kang becik, bakal ditegor sarta dicemplungaké ing geni*” (ay.9). Timbalan punika dipun andharaken déning Yokanan Pambaptis, dhumateng tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken khotbahipun ing sapinggaing lèpèn Yardèn. Tiyang-tiyang kalawau dumadi saking tiyang-tiyang Israel ingkang saèstu mongkog ajejer turunipun Abraham. Émanipun, gesangipun tiyang-tiyang kalawau boten mratélakaken sikep gesangipun Abraham. Tiyang-tiyang kalawau boten nedahaken adeging gesang minangka “tiyang-tiyang pitados”.

Ing antawisipun tiyang-tiyang kalawau, tetéla pinanggih ugi para juru mpu béra ingkang dados sarananipun pamarintah Romawi. Para juru mpu béra punika ndarbèni kewajiban narik pajekipun rakyat, anjalari panandhangipun rakyat sangsaya awrat. Saksisihipun para juru mpu béra, pinanggih ugi para prajurit karaton Romawi, ingkang ndarbèni jejibahan njagi keamananipun negari. Mboten sedaya prajurit Romawi punika asal-usulipun saking tiyang Romawi, nanging wonten sawetawis prajurit-prajurit bayaran ingkang dipun séwa déning panguwaos Romawi supados “mengsahi” bangsa lan golonganipun piyambak.

Yokanan nyebat tiyang-tiyang kalawau kanthi sebatan “tetesaning ula bedhudhak” (ay. 7). Sawer bedhudhak punika trengginas nalikanipun kedah nylametakan dhiri saking manékawarni ancaman. Sawer kalawau badhé mlajeng kanthi trengginas sumusup ing sesuketan nalikanipun ngadhepi bebaya. Ing salebeting ensiklopédi Wikipedia, sawer punika ugi kalebet sawer ingkang gampil dipun lulutaken. Nanging sanadyan mekaten, nalikanipun

ingkang ndarbèni sawer kalawau léna, sawer kalawau saged kémawon nyokot bendaranipun. Sawer bedhudhak mralambangaken tiyang-tiyang ingkang lelamisan, ingkang gampil sanget éndha saking kanyatan, lan remen ngénggokaken prekwis kanggé kauntunganipun pribadi, utawi ing basa Indonesia sinebat “oportunis”. Ing pundi wonten wekdal kanggé pikantuk kauntungan dhiri, piyambakipun badhé samapta ing gati, lan kanggé prekawis punika piyambakipun boten wigah-wigih “nyokot” lan damel pepati tumrap asanès. Ing salebeting khotbahipun, Yokanan ngandharaken pawartosipun sacara blak-blakan. Miturut pamanggihipun, nadyan pintera kados punapa tiyang éndha saking kanyataning gesang sadremi madosi kauntungan pribadinipun, trampil kadosa punapa nindakaken lampah oportunis, sedaya punika mesthi badhé kawayik lan mboten badhé saged uwal saking paukuman ingkang badhé dhateng. Wadung sampun cumawis, menawi mboten wonten éwah-éwahaning gesang tumuju dhateng kasaénan, wadung kalawau sampun siyaga “negor” lan “mejahi” “tanemaning gesang” ingkang boten ngedalaken woh kalawau.

Miturut Yokanan, menawi gesang punika boten ngedalaken woh, mesthi badhé kategor. Saben tiyang sami kaèngetaken supados sami mratobat amrih sami ngedalaken woh. Gesang ingkang ngedalaken woh ateges gesang ingkang tansah ngetingalaken katresnan. Katresnan punika mujudaken kekiyatanning gesang. Ing waosan punika, Yokanan maringi gambaran bilih katresnan punika minangka kekiyatanning gesang srana ngandika: “*Sapa kang duwé klambi loro, wong kang ora duwé wènèhana siji, lan sing sapa duwé pangan, iya tumindaka mangkono*”. Ringkesipun, samia nyingkiri sikep serakah, lan samia ènget dhateng sesami. Nebiha saking sedaya pepénginan ingkang namung mikiraken dhiri pribadi, punapa malih mugi sami purun ningali tiyang-tiyang ingkang sami kesrakat. Mikiraken dhiri pribadi èstunipun mujudaken

karingkihanipun manungsa lan punika lelawanan kaliyan katresnan.

Saking keterangan ingkang kados mekaten kalawau, para juru mupu béra lan ugi para prajurit sami suka wangsuman ing salebetung pitakènan: “Punapa ingkang kedah kula tindakaken?” Yokanan paring wangsuman: aja srakah, cukupna awakmu nganggo blanjamu dhéwé. Pangatag punika ngemot makna: nduwènana rumangsaning ati. Punapa ingkang kadarbé ing wekdal punika, perlu dipun syukuri. Gesang kita sedaya badhé kiyat menawi dipun lampahi kanthi kebak pamuji sokur.

Sipat serakah ing wanci punika, boten kawujud namung ing salebetung méngini barang utawi punapa kémawon darbèkipun liyan. Adreng supados dipun akeni, dipun mangertosi, dipun utamèkaken lan sapiturutipun, saged dados wujuding sikep serakah. Sedaya punika lelawanan kaliyan karsanipun Allah lan dados sumbering dosa. Awit saking punika, patobat perlu dipun wujudaken kanthi atur pamuji sokur dhumateng sedaya ingkang kita darbèni lan nélakaken katresnan saha raos preduli dhateng asanès.

4. Maknani Pengalaman Sacara Énggal

- a. Sasampunipun mirengaken andharan saking Injil Lukas 3: 7-18, piwucal punapa ingkang saged panjenengan pethik?
- b. Punapa panjenengan sarujuk kalian pamanggih ingkang sampun kawedhar ing nginggil, bilih adreng péngin dipun mangertosi, dipun pirengaken lan dipun akeni sedaya lelabuhan ing wekdal kapengker, ingkang èstunipun mujudaken karingkihanipun manungsa? Menawi sarujuk, punapa alesan panjenengan, mekaten ugi menawi mboten sarujuk, punapa alesanipun?

- c. Karingkihan saged dipun pulihaken lumantar patobat. Miturut panjenengan, tumindak punapa ingkang saged dipun lampahi minangka wujuding patobat?

5. Nganyaraken Gesang

Sasampunipun ngraos-ngraosaken saha nggegilut bahan panyuraos Kitab Suci ing nginggil, lampah katresnan punapa ingkang badhé panjenengan tindakaken minangka wujuding patobat?

[IAS]

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
Adi Yuswa
Natal**

Waosan:
Yesaya 7: 10 – 16

**“Pratandhaning
Kaslametan”**

©2021

DHASARING PANIMBANG

Kalahiranipun Sang Kristus boten lajeng kedadosan mekaten kémawon, nanging kawiwitan sarana wontenipun pratandha ingkang sampun kaweca sakdérèngipun karawuhaniPun wonten ing jagad punika. Allah sampun paring pratandha dhumateng sang raja Akhas bilih badhé lahir satunggiling jabang bayi ingkang badhé kasebat Immanuel (Gusti nunggil kita)

Gesang kita sedaya ugi mboten naté uwal saking pratandha, saé ingkang saged katingal ing paningal kita punapa déné ingkang namung saged kita candra mawi pangraos. Malah-malah wonten ugi pratandha ingkang namung saged dipun tingali sarana paningaling pracaya. Punapa ingkang mratandhani bilih kita sedaya punika èstu-èstu tiyang pitados kagunganipun Allah? Wonten sawetawis, kados ta, asma baptis, rerenggan salib ingkang kita anggé ing badan utawi salib ingkang kapasang ing temboking griya. Caranipun kita wicanten lan nindakaken lampah gesang ugi saged dados pratandha sinten ta kita punika, wonten ing tengah-tengahing warga masyarakat?

Sasisihipun sedaya pratandha kalawau, dados kagunganipun Sang Kristus punika ugi dipun tandhani déning kasetyan kita dhumateng sedaya dhawuhipun Gusti Allah. Kita badhé tansah sinahu nindakaken éwah-éwahan gesang ngantos kados déné

Sang Kristus piyambak. Kita sedaya sami cecengklungen saged nglampahi gesang ingkang saèstu migunani dados pirantosipun Gusti kanggé martosaken Injilipun. Dados kagunganipun Sang Kristus kedah kebak tanggel jawab dhateng pratandha ingkang sampun dipun darbèni ing salebetung sakramèn Baptis ing atas Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci. Saiba éndahipun menawi sawetahing gesang kita punika saged dados pratandha kasetyanipun Gusti, ingkang saged kawaos déning tiyang kathah. Lumantar bahan panyuraos Kitab Suci punika, para adi yuswa kaajab ndarbèni pamawas bab gesang minangka kagunganipun Sang Kristus lan sageda ugi tansah nggladhi dhiri kanggé nglampahi gesang minangka pandhèrèkipun Sang Kristus.

KATERANGANIPUN WAOSAN

Miturut sejarahipun, Yesaya 7: 10-16 punika mujudaken piwelingipun Gusti lumantar nabi Yesaya dhateng sang raja Akhas (Ratu Yehuda). Ing salebetung piweling punika, sang raja Akhas kadhwuhan nyuwun “pratandha” bilih Gusti Allah saèstu nyarengi lan ngrimati gesangipun bangsa Yéhuda (ay. 11). Nanging Akhas atur wangslulan: “Kawula boten purun nyuwun, kawula boten purun nyobi dhumateng Sang Yéhuwah” (ay. 12). Wangslanipun raja Akhas punika nedahaken wontenipun panampik dhumateng sedyanipun Allah ngamping-ampungi dalah mitulungi bangsanipun. Akhas rumaos boten mbetahaken pitulungan saha pangampingan saking Gusti. Akhas darbé rancanganipun piyambak kanggé ngatasi ancamanipun bangsa Asyur lan Efrayim, sarana pados pengayoman politik. Mila, raja Akhas kepareng ngintunaken bulu bekti dhateng sang raja Asyur lan mbangun sesambeten ingkang saé kaliyan piyambakipun (2 Raj. 16:5-18).

Nadyan sampun katampik dening Akhas, Gusti tetep netepi janjinipun. Gusti tetep maringaken pratandha bab lahiripun bayi saking tedhakipun Dawud. Bayi jaler punika badhé sinebat “Immanuel” (ay. 14) ingkang tegesipun “Allah nunggil kaliyan kita”. Asma punika dipun kersakaken supados ngyakinaken

manahipun sang raja Akhas bilih Gusti Allah èstu-èstu badhé ngayomi piyambakipun dalah bangsa Yéhuda (pirsanana. 8:8-10; Maz. 46:5-12). Lumantar pratandha punika Gusti ugi ngèngetaken Akhas bilih bulu bekti ingkang kakéntunaken dhateng Asyur punika èstunipun namung asung raos tentrem sawetawis kewala dhateng bangsa Yéhuda saking ancamanipun Asyur. Awit boten dangu malih bangsa Yéhuda badhé ngalami wekdal-wekdal prihatos: “awit, sadèrèngipun putra wau saged nampik ingkang awon tuwin milih ingkang saé, negari ingkang ratunipun kekalih panjenengan dalem ajrihi punika badhé katilar suwung” (ay. 16). Kanthi cekak, lumantar piweling punika kalawau, Gusti kepareng ngèngetaken Akhas supados mandheg suméndhé ing pangayomanipun politik kémawon, nanging malah kapara puruna wangsl suméndhé ing panyartanipun Gusti.

Saking sisih kapitadosan Kristen, Yesaya 7: 10-16 punika nedahaken wontenipun pameca bab rawuhipun satunggiling putra jaler saking satunggaling ibu ingkang taksih kenya. Ing ayat kaping 14, kasebataken “sang kenya”. Ing salebeteng jarwèn basa Yunani ingkang kadamel ing antawisipun tahun 200 SM, pinanggih tembung *parthēnos* ingang dipun anggé déning umat Kristen nalika semanten, darbèni artos rangkep: Wanita mudha utawi Wanita ingkang taksih prawan. Sang juru panjarwi njarwèkaken “sang kenya”. Kanthi nyuplik saking Yesaya 7, Injil Mateus nyukani makna “sang kenya” (ingkang ateges Wanita ingkang taksih prawan) awit gambaran punika cocok kaliyan kawontenanipun Maryam, ibunipun Yesus nalika semanten (Mat. 1:23).

TATARAN TUMINDAKING PANYURAOS KITAB SUCI

1. Kawiwitana PKS sarana ngajak ingkang sami rawuh ngèngeti tandha pengatur lalu lintas (sinebat kanthi sebatan “*Alat Pemberi Isyarat Lalu Lintas/APILL* utawi sinebat kanthi sebatan *rambu-rambu lalu lintas*) ingkang asring sami dipun pirsani. Sasampunipun èngét, kasuwuna

para rawuh kalawau nyebatakan tandha punapa ingkang dipun pirsani lan punapa artosipun?

2. Sasampunipun ngandharaken tanda-tanda dalah maknanipun, kasuwuna para rawuh kalawau nyariosaken tandha-tandha punapa ingkang saèstu dipun gatosaken saha dipun raos-raosaken ing manah minangka tandha saking Gusti?
3. Salajengipun, kaandharna keterangan waosan saking Yesaya 7: 10-16
4. Kaajaka para ingkang rawuh ing salebetung PKS sami wawan-rembag adhedhasar sawetawis pitakenan ing ngandhap punika:
 - a. Tumrap panjenengan, punapa maknanipun cariyos Akhas kadhuwanu nyuwun pratandha saking Gusti?
 - b. Tumrap panjenengan, punapa maknanipun “Immanuel” ing satengah-tengahipun kawontenan gesang ing wanci punika?
 - c. Kados pundi panjenengan ngraos-ngraosaken katres-nanipun Allah ing satengah-tengahing karingkihaning gesang?
 - d. Adhedhasar pengalamaning gesang panjenengan, punapa tandhanipun bilih Allah nresnani lan nyarengi gesang panjenengan?
 - e. Minangka umat kagunganipun Sang Kristus, punapa tandha-tandhanipun gesang minangka kagunganipun Sang Kristus ing satengah-tengahing warga masyarakat?
5. Kapungkasana PKS kanthi pandonga pangucap sukor awit Allah sampun nyarengi umat kagunganipun ngantos pungkasaning zaman.

[IAS]

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

Pakempalan Pandonga 1
Ngraos-raosken Advèn

Waosan:

1 Yohanes 1:5 - 2:6

**“Rapuhipun
 Manusia lan
 Bumi”**

ozor

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI (*dinyanyikan 2 kali, bisa dinyanyikan secara kanon/bersautan*)

Lilin Kita Sudah Menyala

4/4; 1=D

1 1 1 5 1 2 | 3 2 1 · | 3 3 3 2 3 4 | 5 4 3 0 |
 Li-lin ki-ta sudah menyala li-lin ki-ta sudah menyala

5 3 5 3 | 5 6 5 6 5 3 | 5 4 3 4 3 2 | 1 7 10 |
 Tanda masa adven telah ti-ba si-ap sambut Yesus Sang Putra

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

Semua bunga ikut bernyanyi

Semua bunga ikut bernyanyi, gembira hatiku
 Segala rumput pun riang ria, Tuhan sumber gembiraku
 Semua jalan di dunia, menuntunmu ke surga
 Desiran angin nan mesra, mengayunmu ke surga.

Semua bunga ikut bernyanyi, gembira hatiku
 Segala rumput pun riang ria, Tuhan sumber gembiraku

Semua lorong di bumi, haruslah kau jalani
Bersama dengan sesama, menuju pada Bapa.

Semua bunga ikut bernyanyi, gembira hatiku
Segala rumput pun riang ria, Tuhan sumber gembiraku.
Semua pematang sawah, menanti telapakmu
Derita ria bersama, meringankan langkahmu
Semua bunga ikut bernyanyi, gembira hatiku
Segala rumput pun riang ria, Tuhan sumber gembiraku.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: 1 Yohanes 1: 5 – 2: 6

6. RENUNGAN

Rapuhipun Manusia Lan Bumi

Ibu, bapak, para laré lan sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,
Saksampunipun préi awit riyaya agami ing wulan Mei 2021,
gunggunging pasièn Covid-19 ing pundi-pundi kitha, mirungga
ing tlatah Jawi, minggah ndedel sanget. Pitakènanipun,
“Kènging punapa saged kelampahan kados mekaten?”

Saking mawarni-warni pawartos, kanyata wonten sapérangan
pawadan. Ingkang sepisan, nalika semanten kathah tiyang
ingkang sami déné mertamu ananging mboten nindakaken
protokol kesehatan, inggih punika wisuh asta, mangangge masker,
jagi jarak, nebihi pakumpulan lan ngirangi kekésahan. Pawadan
kaping kalih, inggih punika kathah ingkang sami mboten purun
dhateng Puskesmas utawi dhokter nalika ngalami gejala mriyang
lan watuk-watuk. Tundhanipun, brayatipun ugi sami ketularan.
Pawadan kaping tiga, inggih punika amargi virus ingkang sumebar
punika virus anyar ingkang asipat gampil nyabar.¹

¹ <https://makassar.tribunnews.com/2021/06/13/varian-covid-19-delta-asal-india-mengganas-di-jawa-tengah-penyebarannya-sangat-cepat?page=2;> health.detik.com/berita-detikhealth/d-5586561/varian

Para laré, ibu, bapak lan sedhèrè ingkang dipun tresnani Gusti,

Sanadyan kawontenanipun kados mekaten, ananging taksih wonten kémawon tiyang ingkang mboten nindakaken protocol kesehatan. Pitakènanipun, “ Kénging punapa tiyang-tiyang kados mekaten? Punapa sami mboten ajrih dhumateng virus corona? Punapa mboten sami mikir bilih nalika wangsul dhateng griya sami badhé saged nularaken dhumateng tiyang sepuhipun, simbahipun lan sedhèrèk-sedhèrèkipun sagriya?

Naah ... Saking kawontenan kados mekaten, kita mengretos bilih wonten tiyang ingkang kirang ngrumaosi bilih piyyambakipun nindakaken kalepatan utawi dosa. Dosa amargi kanthi patrapipun ingkang mekaten saged murugaken tiyang sanès saged nandang sakit lan tilar donya. Dosa amargi sejatosipun tiyang-tiyang punika sampun miring pawartos bab virus corona ananging sami mboten merduli. Tiyang-tiyang punika nutup talingan lan manahipun, lan nindakaken dosa. Tiyang-tiyang punika mangretos, ananging mboten nindakaken!

Menawi kita gatosaken, kejawi punika wonten ugi dosa ingkang mboten dipun tindakaken amargi mboten utawi dèrèng mangretos. Kadosta mbucal pawuhan plastik ing pundi-pundi. “Hayooo... Sinten ingkang remen mbucal pawuhan plastic ing pundi-pundi papan?”

Kénging punapa ingkang kados mekaten punika kagolong dosa? Amargi pawuhan plastic punika mboten gampil bosok ing siti. Para winasis ngendikaaken bilih plastik kados mekaten mbetahaken 50 ngantos 100 taun ngantos bosok dan nyatunggil kaliyan siti. Tegesan rokok mbetahaken 10 taun. Kalèng minuman(aluminium) mbetahaken 80-100 taun. Kulit sepatu mbetahaken 25-40 taun. Baterè 100 taun. Sterofom wadah tetelan , mboten saged bosok. Plastik (bungkus détergèn, lsp.) 50-80 tahun. Tas kresek mbetahaken 10-20 tahun ngantos

bosok.² Tundhanipun, tetaneman lan wit-witan sami mboten saged ngrembaka kanthi saé. Siti dados gampil jugruk menawi bena dhateng, lsp. Dérèng malih, wonten kémawon tiyang ingkang remen negor wit-witan, ndadosaken alas sami gundhul. Tundhanipun, nalika jawah deres sanget pramila lajeng sami longsor, kathah griya ingkang sami kéli kabekta bena utawi risak. Bencana kados mekaten ugi saged njalari tiyang sami pejah.

Naah, para laré, ibu, bapak, sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Sedaya punika nedahaken bilih kita manungsa punika titah ingkang rapuh. Rapuh amargi kalepatan lan dosa ingkang kita tindakaken. Kalepatan lan dosa punika murugaken bumi, jagad raya punika ugi rapuh. Lan rapuhipun alam raya punika tundhanipun badhé ngrisak gesangipun manungsa. Sumangga ing Mangsa Advèn punika kita ngakeni sedaya kalepatan lan dosa kita, lan nindakaken punapa ingkang leres.

Serat 1 Yohanes 1:5-10 ngajak kita supados ngrumaosi bilih kalepatan lan dosa kita, lajeng sami mratobat. Kita mratobat kanggé nyawisaken margi kagem rawuhipun Gusti Yésus, kados ingkang kauwuhaken déning Yohanes Pembaptis (Luk. 3:3). Kanthi mekaten, Advèn Natal badhé langkung mangaribawani. Almarhum Pdt. Eka Darmaputera ngandika, “Advèn dan Natal asring karaos amem mboten grengseng awit saged kelampahan, kita sami mboten èsti-èstu ngajeng-ajeng rawuhipun Gusti Yésus, amargi kita rumaos mboten mbetahaken Gusti. Kita rumaos mboten mbetahaken Gusti awit kita kirang ngrumaosi kawontenan cilaka ingkang kita alami, amargi kasèkèngan kita ngatasi prekawis-prekawising gesang, ugi anggèn kita asring langkung condhong dhateng ingkang ala.”³

Kita kirang ngrumaosi lan mboten kuwagang ngatasi prekawis amargi kita mboten sami landhep ing pangraos lan

² <https://www.p-wec.org/id/go-green/hindari-budaya-nyampah> diakses 29 Juni 2021 jam 04.18.

³ Eka Darmaputera, Tatkala Allah Melawat Umat-Nya: Khotbah-khotbah tentang Adven dan Natal, Cet. 5, Jakarta: BPK Gunung Mulia, 2008, hal. 6.

mboten sami preduli dhateng manusa lan jagad sakiwa tenegnipun. Kita mboten landhep ing pangraos lan mboten preduli amargi kita kirang ngelengaken wekdal kanggé ngraos-raosaken kawontenan ing kiwa tengen kita kanthi tuntunaning pangandikanipun Gusti.

1 Yoh. 1: 6 lan 8 nélakaken, "Saupama kita padha ngaku tetunggalan karo panjenengané, mangka laku kita ing pepeteng, dadi kita goroh lan ora nglakoni ing kayektèn. Saupama kita padha ngaku ora duwé dosa, dadi padha ngapusi awak kita dhéwé lan ora kadunungan kayektèn." Lumantar gesang wonten ing Gusti Allah, kita badhé nampi nugroho inggih punika sami saged tetunggilan, lan rahipun Gusti Yésus ngresiki kita saking sakathahipun dosa (ayat 7). "Lan Panjenengané iku kang dadi pangruwaté dosa kita, lan ora ngemungaké dosa kita baé, nanging malah iya dosané wong sajagad kabèh. (1 Yoh. 2:2)

Sumangga kita sami mratobat lan nindakaken kaleresan. Sumangga kita sami misahaken pawuhan saha mbucal pawuhan kanthi leres. Wonten bank pawuhan ingkang saged mbiyantu kita ngemunah pawuhan kanthi prayogi.⁴ Ampun mbakar pawuhan plastik malih supados hawanipun mboten dados reged. Hawa saking pawuhan plastic punika mbebayani tumrap kasarasaning badan kita. Alam raya punika sampun rapuh lan risak. Pandemi Covid-19 dumados kados mekaten awit alam raya ingkang sampun rapuh lan dipun risak déning tumidakipun manungsa.⁵

Sumangga kita ugi nanem wit-witan saha taneman sakathah-kathahipun supados ndandosaken bumi kita punika lestari. Sumangga kita ngirangi migunakaken kaca minangka bahan bangunan. Sumangga kita ngirit listrik awit listrik kadamel saking proses ingkang ugi saged ngrisak alam. Dados, menawi rampung nonton tivi utawi ngecas HP, sumangga

⁴ <https://banksampah.id/> diakses tanggal 29 Juni jam 05.12.

⁵ https://www.youtube.com/watch?v=lZni_qgIMw8 Webinar


Nasional "Covid-19, Antropologi Perilaku Manusia dan Rekonsiliasi Ciptaan", diselenggarakan oleh Asosiasi Pastoral Indonesia - Gereja Protestan di Indonesia - IAKN Manado

diakses 14 Juni jam 01.30.

colokanipun dipun cabut. Sumangga kita nambut rawuhipun Gusti Yésus kanthi mratobat lan nindakanen punapa ingkang leres. Gusti mberkahi. Amin.

7. TETEMBANGAN (*katembangaken kaping kalih*)

YOK TERLIBAT



8. DONGA SAFAAT LAN PANUTUP

- Nyenyuwun supados ing Mangsa Advèn punika saben brayat saged ngraos-raosaken pitobat minangka sih rahmatipun Gusti Allah.
- Nyenyuwun supados saben brayat saged ngemundah bumi lan sakisinipun minangka wujud nyata pitobatipun

9. KIDUNG PENUTUP

KPJ 445 MUGI GUSTI KARSA ANGUTUS

Mugi Gusti karsa angutus utusan kados duk kinanipun, ingkang ngemban sabdaning Allah lan martosken sihpiwelasipun, supados tyang salumahing bumi sami nampia Injiling Gusti.

[MH]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 2**

Waosan:

I Tesalonika 5:16-24

**“Pepadhanging
Kautaman”**

CGO&W

1. WEKDAL ENING

**2. KIDUNG PAMUJI
KPKL 47 Masmur 146**

1

Dhuh nyawaku asumyaka, panggunggungmu mring Allah
Sajegku dakluhurake, klawan ati kang bungah
Slawase sinung umur dak puji klawan masmur
Dak puji klawan masmur

2

Aja ngandelake raja, kaanane mung lebu
Dhatan kwasa mitulungi, miwah paring rahayu
Lamun apegat nyawa, dyan lebur saciptanya
Dyan lebur saciptanya

3. PANDONGA

**4. KIDUNG PAMUJI
KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA**

1

Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,
mugi dados lantaran kamulyaning Pangeran,
kamulyaning Pangeran.

3

Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat,

temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
datan kendhat pinuji.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: I Tesalonika 5:16-24

6. WEDHARING SABDA

Pepadhangin Kautaman

Bapak, ibu, para sadherek sadaya,

Nalika kita nembé nindakaken pandamelan ing wanci
dalu, dumadakan listrik pejah, temtu lajeng padamelan
kaganggu. Supados boten kaganggu kita lajeng damel lampu
minangka gantosipun listrik minangka pepadhang. Bab punika
nedahaken bilih kita mbektahaken pepadhang. Pepeteng dados
pepalang tumraping panyambut damel. Ing salebetung swasana
peteng, kita boten saged nindakaken punapa kemawon.
Nanging inggih wonten tiyang-tiyang ingkang remen dhateng
pepeteng. Para tiyang wau béda kaliyan tiyang limrahipun
ingkang boten saged nindakaken punapa kemawon salebetung
petengan. Para tiyang wau ngginakaken wekdal salebetung
petengan kanggé pados kabetahanipun piyambak. Pandung,
rampok, para tiyang ingkang tumindakipun awon langkung
remen dhateng petengan. Nalika piyambakipun nindakaken
pandamel ing petengan, tiyang wau ngraosaken remen sabab
piawon ingkang dipun tindakaken boten kadenangan dening
tiyang sanès. Punika prabéda ingkang wonten gesang punika.
Wonten ingkang remen dhateng papadhang nanging inggih
wonten ingkang remen dhateng pepeteng.

Ing salebetung kawruh iman kita, gesang ing salebetung
pepeteng punika gesang ingkang dipun kebaki dening piawon,
dedosa lan pepénginan-penginan ingkang boten trep kaliyan
karsanipun Allah. Miturut kapitadosan Kristen, kita saged
ngraosaken bilih gesang ingkang dipun kersakaken Gusti
punika gesang dados para anaking pepadhang inggih para anak
raina kados ingkang sinerat ing 1 Tesalonika 5:5, “Awit kowé

kabèh padha dadi anaking raina. Kita iku dudu wong-wonging wengi utawa wong-wonging pepeteng.”

Bapak, ibu, lan para sadherék,

Ing dinten punika, kita ngrembag bab gesang wonten ing pepadhang. Kadospundi gesang wonten ing pepadhang punika? Gesang wonten ing pepadhang dipun gambaraken dening Rasul Paul wonten ing 1 Tesalonika 5; 16-22. Kados punapa?

1. Gesang wonten ing pepadhang kinebakan ing kabingahan. Kabingahan ketingal saking cahyaning praupan ingkang sumunar. Sanès praupan ingkang mbesengut, “nepsu”, punapa malih praupan ingkang boten nedahaken grapyak. Ing gesang padintenan kita saged nyumerepi praupan-praupan ingkang bingah lan praupan-praupan ingkang mbesengut. Praupan ingkang sumringah dados cendela tumraping jiwa kita.
2. Gesang wonten ing pepadhang punika gesang ingkang tansah kinebakan ing pandonga (ay. 17). Bab punika temtunipun lelawanan kaliyan gesang wonten ing pepeteng ingkang “suthik ndedonga”. Pandonga badhé adamel asrep manah, nyunari margi. Pandonga inggih dados sarana tumrap kita manggihaken margi ingkang padhang.
3. Gesang salebetung pepadhang inggih gesang kebak ing caos sokur (ay. 18). Punapa sesambutanipun pamuji sokur kaliyan gesang wonten ing pepadhang? Tiyang-tiyang ingkang caos sokur badhé sumerep gesang ingkang sumilak, éndah, padhang! Kosokwangslipun, tiyang-tiyang ingkang angèl caos sokur badhé nampeni kangèlan sumerep bilih gesang punika éndah, padhang lan nentremaken. Tumrap ingkang angèl caos sokur, gesang punika karaos kathah prakawis, peteng, angèl, angèl ingkang tanpa wates
4. Boten nyirep Roh (ayat 19) nélakaken pitedah bilih gesang wonten ing pepadhang punika gesang ingkang tansah nyunaraken dayaning semangat saking Roh Allah.
5. Gesang ing salebetung pepadhang ateges tansah gesang wonten ing kautaman lan nebih sakit piawon. Bab punika

dipun ngendikakaken dening Rasul Paul ing ayat 21 lan 22,
“Samubarang kabèh iku titinen, dene kang becik anggonen. Padha ngedohana sarupaning piala.”

Bapak, ibu, lan para sadherek,

Pituturipun Rasul Paul ing 1 Tesalonika 5: 16-22 minangka pambereg tumrap kita supados dados tiyang-tiyang Kristen ingkang gesang kanthi kautaman ing maneka warni kahanan. Kautaman dipun gambaraken kadosdéné pepadhang. Pramila, menawi dipun gambaraken kadosdéné pepadhang, dados pepadhang ingkang saestu amadhangi, sanès repet-repet. Ing salebeting pepadhang ingkang salugunipun pepadhang, kita katebihaken saking pepénginan-pepénginan nindakaken prakawis-prakawis ingkang tebih saking karsanipun Allah. Kababarna padhanging kautaman supados karingkihan karengkuh sarana kautaman. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 84 MARA WONG DOSA, WONG CILAKA, MAREKA

Mara wong dosa, wong cilaka, mareka mring Gusti Pamarta;
 temah binirat dosanira, krana gunging sihnya.

*Ref. Saiba karaharjanira, yèn sira wus manjing pracaya,
 sinung begja ing gesangira, uwal sing antaka.*

Aja semaya, gya mareka,
 wit tan ngerti praptaning pati.
 Gusti ngantya mring tobatira,
 krana sih-rahmatnya.

8. PANDONGA

- Nyuwun manah kapenuhan pepadhanging Allah
- Nyuwun ing gesang sesarengan samidene andum kautaman

9. KIDUNG PAMUJI KPKL 127 Pangandel

Amung kumandel iku
Uwiting karosanku
Amung kumandel iku
Etuking kraharjanku
Aku dhatan kuwatir
Pangeran pepujanku
Allah dadi kraharjanku
Uwiting karosanku

[wsn/tk]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 3**
Ngraosaken Adven

Waosan:

Matius 1:18-25

“Tanggon wonten ing Gusti”

GO&G

- 1. WEKDAL ENING**
- 2. KIDUNG PAMUJI
KPKL 123 Ngluhuraken Allah**

Daweg sami muji Allah
Pangeran mahawlas
Kang tansah paring kadarman
Pangeran mahawlas
Rinten dalu dhatan kendhat
Dennya anjangkung kang umat
Mila daweg muji Allah
Pangeran Mahawlas

Tan malesken dosa kula
Pangeran Mahawlas
Nging sarju paring apura
Pangeran Mahawlas
Ngantos kang Putra kekasih
Sinrahken seda sinalib
Mila dhaweg muji Allah
Pangeran Mahawlas

- 3. PANDONGA**

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 97 UWAL SING LAKNAT

1

Uwal sing laknat; iba begjaku! Gusti wus seda,
mbirat dosaku, temah luwar sing paukuman,
denya ngluwar babar pisan.
Babar pisan dennyu nulungi, babarpisan dennyu
ngrampungi.
Rumaketa ing pamenthangan, mesthi luwar babarpisan.

2

Saiki kita padha mardika, Gusti wus nanggel ing slamet kita,
linuputken sing karusakan, sinucèkken babar-pisan,

3

Putrané Allah, sebutan kita, kang tilas satru pinundhut
mitra,
kang utang pati inguripan, wit tinebus babar-pisan.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Matius 1:18-25

6. WEDHARING SABDA

Tanggon wonten ing Gusti

Boten saben prakawis saged karampungan salebetung sadinten lan boten saben prakawis saged karampungaken piyambakan. Bab punika kita alami ing gesang padintenan. Contonipun ingkang pinanggih ing masyarakat inggih punika sesarengan nanggulangi sumebaring virus covid-19 lumantar vaksinasi. Vaksin ingkang badhé kaparingaken kanggé sadaya warganing negari tinanggapan kanthi manéka warni sikep saking masyarakat. Wonten ingkang pitados, wonten ugi ingkang boten pitados. Ing wiwitaning taun 2021, Yayasan Lembaga Konsumen Indonesia nganggep bilih sikep rakyat ingkang boten pitados dhateng vaksin taksih inggil. Ingkang dados panjurung inggih punika olahing pawarta ingkang awon

dhateng masyarakat, ing pundi lésan lan tumindaking para pemimpin malah nimbulaken gorèh ing bab vaksin. Wonten ingkang nampik vaksin karana vaksin boten saged dipun pinitados, wonten ingkang nampi tanpa ngudi kayektenaning bab punika punapa saged dipun pinitados, wonten ingkang boten sabar sarana wekdal vaksinasi, wonten ingkang mèndel lan boten preduli punapa badhé dipun vaksin punapa boten.

Salebetung gesang kanthi pitados dhumateng Gusti Allah, raos ajrih, boten pitados minangka kasunyatan ing gesangipun manungsa ing sadaya wekdal. Kosokwangslipun, wantun lumampah lan pitados punika dados sikep kapitadosan utawi iman ingkang boten gampil nanging nengsemaken. Inggih punika sikep gesang ingkang dipun kersakaken déning Gusti Allah.

Kadospundi menggahing kita? Sikep iman ingkang kadospundi ingkang kita darbèni? Ing tengahing wekdal ingkang taksih lumampah, mbokmenawi ing tengahing raos ajrih, miyar-miyuring kapitadosan, sampun temtu kemawon gesangging iman kawarna déning manéka warni kawontenan. Wonten pitakenan ageng inggih punika: dhateng sinten kita badhé masrahaken raos pitados ing swasana ingkang miyar-miyur, ajrih lan tintrim punika?

Saking waosan Injil kita manggihaken bilih pawartos ngengungi Imanuèl kalampahan ing kawontenan ingkang ajrih sanget. Kahananing gesang ingkang boten gampil katampi déning Yusuf nalika sumerep ngandhegipun Maria pacanganipun. Pepacangan minangka wekdal pacawisan sadèrèngipun neningkahan, nanging inggih dados pangendhali dhiri sadèrèngipun tiyang jaler lan estri neningkahan. Ing adat pakulinan Yahudi sinerat bilih tiyang-tiyang ingkang tumindak nyalèwèng saged kapidana pejah. Ingkang makaten punika saged kita mangretos rancanganipun Yusuf anggènipun badhé megat Maria. Ukara, “sumedyà medhot pepavangane kanthi sidheman” nedahaken gorèhing manahipun Yusuf (Mat. 1:19). Prakawis punika katindakaken déning Yusuf awit piyambakipun mangretos kadospunapa ajrihipun tiyang ingkang nglanggar pranatan lan tatanan masyarakat. Yusuf

sanès namung satunggaling tiyang ingkang badhé nampi akibat kécalan nyawanipun. Maria, inggih saged ngalami ingkang langkung nggrantes malih. Minangka tiyang estri, Maria saged nampeni pidana langkung awrat. Sejatinipun Yusuf saged nilaraken Maria lan ngèndelaken Maria nanggel akibat pidana saking masyarakat jalaran anggènipun ngandheg. Nanging sadaya punika boten dipun tindakaken déning Yusuf sasampunipun Yusuf nampeni pangimpen ingkang ndadosaken manahipun padhang.

Wonten ing pangimpènipun, Yusuf nampi dhawuh saking malaikat menawi anak ingkang wonten ing guwa garbanipun Maria saking Roh Suci. Putra ingkang kinandhut punika badhé milujengaken jagad. Panjenenganipun badhé kasebat Imanuèl ingkang tegesipun: Gusti Allah nunggil kalawan kita. Saking ngriku jumedhul wonten éwah-éwahan nalaripun Yusuf. Piyambakipun rumaos bilih bab punika minangka pakaryanipun Gusti lumantar gesangipun lan Maria. Ing salebeting papan lan wekdal Yusuf ngalami éwah-éwahan. Saking anggènipun boten mangretos dhateng karsanipun Gusti Allah ngantos dados nampeni kanthi cetha minangka rancanganipun Gusti Allah.

Tiyang anggènipun ngrembaka iman kapitadosanipun mbetahaken laku. Laku punika ngoyod wonten ing pangandikanipun Gusti Allah ingkang sampun prajanji Imanuèl, Gusti Allah nunggil kaliyan kita. Pratela bilih Gusti Allah badhé nunggil punika sinerat ing Injil kinanthenan pangandika ingkang ngiyataken “aja sumelang” (Mat 1: 20).

Imanuèl boten ateges bilih tatarungan ing gesang punika saged dipun lumpati makaten kemawon. Pitados dhumateng Gusti Allah, Sang Imanuèl mengku makna kendel kanggé tetep setya nglampahi tumapaking jangkah gesang ingkang kalampah ing sadanguning gesang kita. Kahanan ingkang ngajrih-ajrihi lan damel giris badhé gilir-gumanti, nanging kita ingkang gondhèlan kenceng dhateng pangreksaning Sang Imanuèl dipun kekahaken bilih Gusti Allah salugunipun nyarengi. Sarana makaten, wonten pikekah kanggé kita supados dados tiyang ingkang tanggon wonten ing Gusti. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 96 TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH

1

Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.
Mara tansah abebungah saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn girang

2

Hyang Agung kang njangkung kita,
angreksa ing panggoda.
Sih-rahmatnya kang anglipur,
paring kuwat-santosa.

8. PANDONGA

- Nyuwun supados ing mangsa Adven Natal punika saged ngraosaken maknaning Natal.
- Nyuwun kasagedaken ngraosaken pangreksanipun Gusti Allah Sang Imanuèl ing lampah gesang.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 96 TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH

3

Lamun kita nytingkur Gusti,
nèng ati peteng, uwas.
ilang kekuwatan kita,
wah kabungahaning tyas.

4

Balik wong kang amiturut,
tansah padhang dalannya.
Mula mara manut Gusti,
suminggah saking dosa.

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA
4**
Waosan:
Nehemia 4:1-9

**“Panyamah
ora agawé
aku
semplah”**
◎◎◎

- 1. WEKDAL ENING**
- 2. KIDUNG PAMUJI
KPKL 152 Gusthi Pepadhanging Jagad**

Gusti Pepadhanging jagad
Nyumerepken margine
Tyang ngupados karaharjan
Ing donya ngakerate
Gusti pyambak dados margi
Kula manggih kraharjan
Wonten alam donya ngriki
Ndungkap jaman klanggengan

Gusti ingkang nglairaken
Asmanipun kang murba
Dados Bapake manungsa
Rama kang wonten swarga
Kang Ma'asih Mahamirah
Pan sugih palimirma
Dhateng sagunging pra umat
Dhateng kula sadaya

- 3. PANDONGA**
- 4. KIDUNG PAMUJI**

KPKL 95 Ing Waktu Badhé Winulang

Kula sami kekempalan
Memuji dhateng Paduka
Dhuh Allah ingkang Sinuwun
Ing salami-laminipun

Nggen kula badhé winulang
Mugi Paduka paring trang
Kula sageda mangertos
Sarta nglampahi sayektos

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Néhémia 4:1-9

6. WEDHARING PANGANDIKA

Panyamah ora agawé aku semplah

Menawi kita telusur, kathah prakawis ingkang damel tiyang saged pedhot pangajeng-ajeng. Kirangipun daya panjurung saking manahipun piyambak, kirangipun panyengkuyung saking tiyang sanès, panyamah, prakawis ingkang awrat karaosaken ing semunipun sampun boten wonten malih margi utawi pangajeng-ajeng wonten ing gesangipun.

Ing pakempalan pandonga wekdal punika, kita badhé sinau ngenggingi panyamah minangka satunggaling prakawis ingkang saged damel tiyang nglokro.

Mèh sadaya tiyang naté dipun rèmèhaken, dipun saruwé, dipun wadani dening tiyang sanès. Wonten kemawon alesan tiyang nandukaken panyenyamah, kados ta kawontenaning raga, ekonomi, sesambatan kaliyan masyarakat lan sanèsipun. Wonten ingkang dipun rèmèhaken dening tiyang ingkang babar pisan boten tepang, wonten ingkang dipun rèmèhaken dening kanca, malah dening sadhèrèkipun piyambak. Kadospundi menggahing panjenganan sadaya, punapa naté dipun rèmèhaken?

Pengalaman dipun ina utawi dipun wadani naté dipun alami dening Néhémia. Piyambakipun satunggaling abdi mirungan Sang Prabu Artahsasta (Persia). Salah satunggaling padamelanipun nyawisaken unjukan kagem sang prabu. Senadyan padamelan punika kaanggep sepélé, nanging sejatinipun ngemu akibat, karana kejawi nyawisaken anggur, Néhémia ugi kedah ingakng sepisanan ngicipi unjukan kasebat kanggé nemtokaken unjukan wau boten ngemu racun. Mbok menawi punika sababipun Néhémia celak kaliyan sang prabu. Pramila nalika ketingal praupanipun boten bingah, Sang Prabu Artahsasta mundhut pirsa punapa déné Néhémia praupanipun sedhih (Neh. 2: 2).

Ringkesing cariyos, sasampunipun Néhémia nyariosaken gorèhing manahipun, piyambakipun dipun parengaken wangsul dhateng Yérusalèm kanggé mbangun tembok Yérusalèm ingkang risak. Tembok Yérusalèm punika wigati sanget. Tembok-tembok kitha ing jaman semanten dipun bangun inggil lan wiyar supados dados bebètèng saking penggecakipun mengsa.

Sanyata sedyanipun Néhémia ingkang pikantuk panyengkuyung saking Sang Prabu kanggé mbangun Yérusalèm malih, manggihaken pepalang saking Sanbalat bupati Samaria lan Tobia tiyang Amon. Tiyang-tiyang wau boten kepingin Yérusalèm lan Padaleman Suci dipun wangun malih, satemah nalika piyambakipun mireng rancanganipun Néhémia, tiyang-tiang wau nyepèlèkaken.. “Wong Yahudi kang apes iku padha nggarap apa ta? Apa padha nyantosakaké apa ta apa? Apa padha arep ngaturaké pisungssung? Apa sadina bakal bisa rampung? Apa watuné bakal padha bisa diuripaké manèh saka ing tumpukan jugrugen, kang wis padha entèk kobong iku? Tobia, wong Amon kang ana ing sandhingé banjur ngucap: “Sanadyan wus dibangun manèh. Saupama ana asu alasan mlumpat lan nyénggol, mesthi njugrugaké tombok iku.” (ayat 2, 3). Nalika tiyang-tiyang wau mireng wonten kemajengan pambanguning tembok Yérusalèm, tiyang-tiyang punika lajeng mindhak nepsu.

Salajengipun ing dinten-dinten candhakipun, panyamah punika tansah kaucapaken sinarengan rancangan badhé nempuh perang nglawan Yérusalém (ayat 8) tuwin rancangan badhé mejahi Néhémia. Ananging lumantar pambudidaya, tekun, pandonga tuwin pitulunganipun Gusti Allah sadaya padamelan mbangun tembok saged karampungan.

Panyamah utawi pamoyok mbok menawi inggih naté dipun tampi dening Maria lan Yusuf, wekdal Yusuf mangretos bilih Maria ngandheg karana Roh Suci. Panyamah lan pamoyok naté ugi dipun alami saking tiyang-tiyang sakiwa-tengenipun tuwin para kancanipun. Ananging wewayangan dipun poyoki lan panyamah sanyatanipun boten damel semplah tiyang kekalih punika. Sadunguning wekdal ngantos wulanan dipun tampeni kanthi iman kapitadosan, nalika anggènipun ngandheg sangsaya ageng tuwin kedah mlampah tebih kanggé tumut cacah jiwa pendhudhuk, inggih tetep dipun lampahi dening tiyang kekalih punika. Sanadyan dumugi ing wanci lekipun Sang Timur Yésus, kori-kori panginepan sampun dipun kunci, tiyang kekalih punika tetep tekun nglampahi sadaya punika. Tiyang kekalih punika nélakaken saèstu sumadya dipun agem Gusti Allah minangka margi miyosipun Gusti Yésus Kristus, Sang Juruwilujenging jagad.

Asring ing gesang kita inggih boten luput saking tiyang ingkang nandukaken panyamah lan ngina karana nindakaken gesang salebeting pambangun turut. Minangka conto, ing mangsa pandhemi ingkang ngedahaken supados mituhu dhateng *protokol kesehatan* supados dados sarana nyirep sumebaripun virus, lan kita mbudidaya setya ngginakaken masker, matesi pepanggihan, lan sanèsipun, malah dipun anggep kelangkung-langkung. Wonten malih brayat anyar ingkang nembé kaparingan momongan, temtunipun boten uwal saking *pospak* (*popok sekali pakai*), *tisu basah*, *tisu kering* lsp. Sadaya punika damelan pabrik ingkang dipun agem namung kanggé sepisan kemawon ingkang lajeng dados runtah ngebaki bumi. Mbok menawi wonten ingkang sadhar boten ngginakaken *pospak*, nanging milih *clodi/cloth diaper* (*pokok cuci*); katimbang ngagem tisu basah, milih ngagem

saputangan/andhuk ingkang dipun telesi lsp. Nanging tumindak ingkang makaten punika malah dipun écé, dipun anggep medhit, ketinggalan jaman lsp. Punika nembé sapala cariyos ingkang kita alami ing padintenan, lan temtunipun taksih kathah malih pengalaman dipun rèmèhaken karana anggen kita tumemen lan migatosaken.

Lajeng kadospundi menggahing panjenengan ing wekdal punika? Punapa panyamah ingkang nembé panjenengan raosaken badhé adamel semplah semangat panjenengan? Pangajeng-ajengipun bayi Natal ingkang miyos mbereg semangat kita nglajengaken gesang kanthi tertib lan kebak kawigatosan. Lumantar cariyos-cariyos wau, kita kaatag saged ngéwahi pamoyok dados pakiyatan ingkang prayogi ingakng nyurung dhateng gesang ingkang sangsaya majeng, sangsaya prayogi ing samangké (*sekarang*) lan mangsa ngajeng. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPKL 56 Rawuhipun Gusti

1

Para jalmi giranga Mujia pramudita
Ratunira wus prpta Jumeneng Ratu Salam
Para jalmi giranga Mujia pramudita

2

Kaluhurna pra Putra Kekasihing kang Rama
Mbangun karatonira Jumeneng Ratu mulya
Para jalmi, giranga Mujia, pramudita

8. PANDONGA

- Nyuwun kasagedaken ngraosaken Adven Natal minangka sara kanggé mawas dhiri.
- Nyuwun kaparingan tabah ngadhepi panyenyamah, lan nyalin ingkang boten prayogi dados prayogi.

9. KIDUNG PAMUJI

KPKL 57 Rawuhipun Gusti

1

Dhuh Gusti kados pundi

Nggen kula sung urmat
Methukken klayan puji
Mring Ratuning jagad
Mugi Tuwan madhangi
Lantaran Roh Suci
Salam kula ndadosna
Kepareng Paduka

2

Saking dampar kang mulya
Lan kluhuran swarga
Tuwan tedhak ing donya
Nunggil lan pra jalma
Tumut nandhang sangsara
Ngrembat kasusahan
Ngrukunken tiyang dosa
Dhumateng Pangeran

[cow/tk]

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 5**
Waosan:
I Samuel 4:1b-22

**Sinau
saking
Pengalaman**

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI KPKL 57 Rawuhipun Gusti

1

Dhuh Gusti kados pundi, nggen kula sung urmat
Methukken klayan puji, mring Ratuning jagad
Mugi Tuwan madhangi, lantaran Roh Suci
Salam kula ndadosna, kepareng Paduka

2

Saking dampar kang mulya, lan kluhuran swarga
Tuwan tedhak ing Donya, nunggil lan pra jalma
Tumut nandhang sangsara, ngrembat kasusahan
Ngrukunken tiyang dosa, dhumateng Pangeran

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI KPKL 127 Pangandel

1

Amung kumandel iku Uwiting karosanku
Amung kumandel iku Etuking kraharjanku
Aku dhatan kuwatir Pangeran pepujanku
Allah dadi kraharjanku Uwiting karosanku

3

Srana pangandel iku Ngilangken prihatinku
 Srana pracaya iku Nyirnakken kuwatirku
 Aku dhatan kuwatir Pangeran pepujanku
 Allah dadi kraharjanku Uwiting karosanku

5. PAMAOSING KITAB SUCI: I Samuèl 4:1b-22**6. WEDHARING PANGANDIKA****Sinau Saking Pengalaman**

Sampun wongsal-wangsul kita mireng paribasan ingkang makaten, “*Pengalaman adalah guru yang paling baik.*” Sapérangan ageng tiyang sarujuk dhateng paribasan wau. Mirungganipun tumrap tiyang ingkang asring ngraos-raosaken gesang ing wekdal kapengker tuwin mendhet piwulang saking lelampahan ingkang rumiyin. Nanging inggih wonten ugi ingkang boten sarujuk kanthi alesan bilih pengalaman punika sampun tebih sanget, dados prayogi dipun supèkaken. Kekalihipun boten prelu dipun damel bebantahan karana kekalihipun nyawang saking panyawangipun piyambak-piyambak.

Wekdal punika kita badhé sinau saking lelampahan ing mangsa kapengker lan ngraosaken saking pengalaman kasebat. Tujuwan saking pasinaon punika supados kita langkung wicaksana ing sadaya tumindak ingkang badhé kita tindakaken ing dinten benjang.

Pancen dinten benjang boten saged kita sumerepi, nanging kita sumadya nampèni kanthi kebak pangajeng-ajeng. Kapitadosan lan pangajeng-ajeng punika wonten karana iman kita dhumateng Gusti. Pramila kita prelu nggadhahi kapitadosan bilih gondhèlan wonten ing Gusti Allah ing sadaya kawontenan. Kadospundi anggèn kita gondhèlan wonten ing Panjenenganipun lan nggadhahi pangajeng-ajeng? Waosan 1 Samuèl 4: 1b-22 dados sumber pasinaon kita.

Kawon, gagal punika dados prakawis ingkang damel sakit manah. Nanging punapa ta tegesipun nggetuni ingkang gagal tanpa mbudidaya gesangipun piyambak? Pitakènan punika pantes dipun dadosaken pangraos sasampunipun maos 1 Samuèl 4: 1b-22. Ing cariyos punika dipun andharaken kadospundi Israèl ngalami kasoran ngantos kaping kalih lan sadaya wau damel sakit.

Kasoranipun Isral ingkang sepisan, dipun alami ing salebetung paprangan antawisipun tiyang Israèl karana tiyang Filisti nggadhahi kalantipan. Tiyang Filisti anggènipun pang kanthi cara mranata prajuritipun ngadhepi tiyang-tiyang Israèl. Wonten 3000 tyang Israèl sami pejah. Akibat kasoran, tiang-tiyang Israèl sami wangsl dhateng kemahipun lan samidéné ngraosaken bilih anggènipun kasoran karana boten mbekta tabut prajanjian wonten ing paprangan. Tumrap tiyang Israèl, tabut prajanjian punika minangka tandha rawuhipun Gusti Allah. Gusti Allah boten rawuh karana tabut wau kantun wonten ing Silo. Sasampunipun sami nglenggana kakiranganipun, lajeng dipun putusaken tabut prajanjianipun Gusti dipun lan kabekta ing satengahing paprangan. Nalika tabut dipun arak tuwuh semangatipun bangsa Israèl. Semangat lan sukabingahing tiyang Israèl njalari tiyang Filisti sami ajrih. Tiyang-tiyang Filisti sami calathu: “Bilai kita! Sapa kang kita saka ing astane Gusti Allah kang nggegirisi banget iku?” ajrihipun tiyang Filisti dados pangajeng-ajengipun tiyang Israèl. Ananging punapa pangajeng-ajengipun Israèl kawujud?

Kasoranipun tiyang Israèl ingkang kaping kalih. Pethinipun Sang Yehuwah kaarak dhateng paparangan panceñ adamel semangatipun tiyang Israèl pulih. Nanging wonten prakawis ingkang wigati ingkang dipun supèkaken. Pethinipun Sang Yehuwah punika sajatinipun sanès Sang Yehuwah. Pethi wau namung pralambang rawuhipun Gusti kemawon. Panceñ ing wekdal kapengker Israèl tansah mimpang ing sakathahing paprangan menawi pethinipun Sang Yehuwah wau dipun bekta. Nanging sejatinipun ingkang adamel mimpang boten amargi pethinipun wau, nanging Gusti Allah piyambak. Sikep pitados ingkang klèntu punika ingkang malah ngrisak Israèl. Tiyang-

tiyang Filisti saged nggecak lan ngawonaken, malah kanthi kasoran ingkang langkung kathah. Kurbanipun wonten 30 ewu tiyang prajurit dharatan, boten namung punika kemawon, pethinipun Sang Yehuwal kabandhang dening tiyang Filisti.

Kasoranipun tiyang Israèl njalari imam Eli boten saged nahan raosing manahipun. Punapa kalih nalika mireng pethinipun Sang Yehuwal kabandhang. Piyambakipun dhawah klumah saking kursinipun lan séda. Pejahipun Pinéhas njalari semahipun ingkang mbobot sepuh ajrih lan boten nggadhahi pakiyatan. Anak jaleripun dipun tenger nami Ikabot ingkang tegesipun: “Kaluhanan wus sumingkir saka Israèl, amarga pethine Sang Yehuwal wus kabandhang.”

Menawi dipun pendhet wosipun, saben kasoran punika kalampahan karana tiyang Israèl nggadhahi pamanggih ingkang klèntu ing bab Gusti Allah. Tiyang-tiyang Israèl namung kacencang pamikiripun bilih Gusti Allah winatés ing pethi prajanjian. Kejawi punika, kaéndahan ing mangsa kapengker gegayutan kaliyan pethinipun Sang Yehuwal punika Israèl unggul bab punika njalari kesupèn bilih sejatinipun sanès tabut utawi pethi punika ingkang ampuh, ananging Gusti Allah piyambak. Boten wontenipun sedyaning manah sami sinau dhateng pengalaman ingkang adamel piyamabipun tanpa daya nalika ngadhepi kasunyatan ingkang angel. Malah ing tengahing kangèlan punika sangsaya sami keblegong, kapetek lan kécalan pangajeng-ajeng ing mangsa ngajeng.

Menawi ing wekdal punika kita badhé nilaraken taun 2021, punapa ingkang saged kita sinau saking lelampahan-lelampahan gesang padintenan? Mbok menawi wonten ingkang saben dintenipun nelasaken wekdal namung wonten ing griya kemawon. Wonten ingkang tarung kanthi pambudidaya, panyambut damel, warung, toko, kios. Wonten ingkang ngudi pados padamelan, rowang ingkang sembada, utawi pangudi sanèspipun. Ing satengahing tetarungan wau, punapa Gusti Allah kadadosaken landhesan ing gesang kita? Sarana batin ingkang ngener dhumateng Gusti Allah, sumangga kita ngraosaken malih prakawis punika, lan salajengipun, sasampunipun sinau saking pengalaman ingkang naté dipun alami, kita

nandheskaken jumangkahing lampah gesang dhateng mangsa ngajeng kanthi ngendelaken Gusti ing samukawis tetarunganing gesang ing padintenan.

7. KIDUNG PAMUJI

KPKL 128 Kinanthi ing Gusti

1

Gusti Yesus pangen mami Iba gunging sih Tuwan
Ing sapurug-purug kula Nyuwun panganthi Tuwan
Kinanthi ing Gusti Kinanthi ing Gusti
Ing satitah kula nrimah Angger kinanthi Gusti

2

Kula boten nyuwun bandha Tan nyuwun kadrajatan
Kang kawula suwun naming Kinanthia ing Tuwan Kinanthi
ing Gusti Kinanthi ing Gusti
Ing satitah kula nrimah Angger kinanthi Gusti

8. PANDONGA

- Nyuwun kasagedaken sinau saking saben pengalaman gesang lan ngraosaken pengalaman wau.
- Nyuwun supados ing gesang padintenan mitayakaken gesang dhumateng Gusti Allah.

9. KIDUNG PAMUJI

KPKL 132 Tinebus Babar Pisan

1

Uwal sing laknat iba begjaku
Gusti wus séda mbirat dosaku
Temah luwar sing paukuman
Dennya ngluwar babar pisan
Babar pisan denna nulungi
Babar pisan denna ngrampunggi
Rumaketa ing pamentangan
Mesthi luwar babar pisan

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 6**

Waosan:

Pengkhotbah 12:1-8**“Makarya
Mumpung
Wonten
Wekdal”**

- 1. WEKDAL ENING**
- 2. KIDUNG PAMUJI
KPKL 60 Wiyosipun Gusti**
 - 1**
Linuhurena Gusti Pamarta
Karsa rawuh ing donya
Linuhurena Gusti Pamarta
Karsa rawuh ing donya
Jagad bilai Kristus ngrawuhi
Daweg kanca den pepuja
Rawuhe Gusti dhatan ngadili
Malah nulungi tyang dosa
 - 2**
Linuhurena Gusti Pamarta
Karsa mlasi tyang dosa
Linuhurena Gusti Pamarta
Karsa mlasi tyang dosa
Jagad bilai Gusti ngrawuhi
Karsa nucekken tyang dosa
Drapon muktia saha mulyakna
Asmane Hyang Mawilasa
- 3. PANDONGA**
- 4. KIDUNG PAMUJI
KPKL 61 Wiyosipun Gusti**

1

Alleluyah, Yesus Kristus Ngrawuhi manungsa
Padhanging kamulyanipun Kawuryan neng donya

2

Alleluyah, rawuhipun Awit welasipun
Mring para umat sadarum Amrih gesangipun

3

Alleluyah, Yesus Kristus Dados Juru Slamet
Panutan kang setya tuhu Tuwin Ratu langgeng

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Kohelet 12:1-8

6. WEDHARING PANGANDIKA

Makarya Mumpung Wonten Wekdal

Wekdal taksih anèm punika dados wekdal ingkang paling ngremenaken, makaten pamanggilipun tiyang akathah. Tiyang anèm taksih trengginas, gagasanipun kathah, pakaryan, wekdal, lan semangat ingkang kados mboten wonten telasipun. Binuka kanthi jembar wekdal kanggé ngudhal kasagedan, makatena ugi piranti kanggé kekancan ingkang manéka warni. Sadaya punika dados dayaning tiyang anèm ingkang manjila. Mboten anèh menawi wonten tiyang sepuh ingkang nyariyosaken nalika taksih anèm kanthi sumringah utawi anggénipun nyebat minangka jaman keemasan ing gesangipun. Malah asring cariyos punika dipun wangsuli teras. Karana asring dipun cariyosaken malih, kathah tiyang ingkang taksih anèm celathu: ah...kuwi manèh, kuwi manèh.

Pancèn, mirengaken cariyos ingkang wangsal-wangsul saged damel tiyang sanès bosen. Nanging, menawi kita purun sinau saking cariyosipun, wonten kaéndahaning piwulang ing sawingkinging cariyos punika. Salah satunggaling piwulang inggih punika: makarya nalika taksih wonten wekdal. Katindakna kanthi saé kanggé gesang ing jaman sapunika punapadéné ing mangsa ngajeng.

Kohelet 12: 1-8 ingkang kita waos, kawiwitan sarana pitutur saking Kohelet supados tiyang anèm sagesta ènget dhateng ingkang nitahaken. Kathah ingkang sami nganggep bilih panyerat kitab Kohelet punika Sang Prabu Suléman. Piyambakipun nyerat cariyos-cariyos gesangipun ing wekdal sampun sepuh. Cariyos-cariyos punika dados pitutur tumrap tiyang anèm. Minangka tiyang sepuh ingkang sampun necep manéka warni pengalamaning gesang, pituturipun temtu mboten sauger pitutur, nanging adhedhasar pangraosing manah ingkang lebet. Gesangipun tiyang anèm padatan kebak pangudi kasenengan. Temtu punika mboten lepat. Nanging para tiyang anèm kedah ènget bilih kasenengan punika mboten langgeng dumugi sepuh. Kénging punapa? Karana padatanipun kasenengan ingkang dipun udi magepokan kaliyan raga kémawon. Ewadéné raganipun tiyang mboten badhé anèm teras. Satunggaling wekda; piyambakipun dados sepuh. Nalika sepuh badhé wonten sudaning kekiyataniipun raga. Bab punika dipun andharaken dening Sang Prabu Suléman lumantar manéka warni pralambang lan tafsiranipun kinten-kinten makaten:

- Srengéngé lan pepadhang, rembulan lan lintang-lintang dadi peteng, sarta sawusé udan mendhung padha bali manèh (ayat 2). Maknanipun pandelengan badhé lamur. Sunaring pepadhang ing akasa badhé surem. Dinten ingkang kedahipun sumilak padhang sasampunipun jawah tetep ketinggal mendhungipun.
- Ing nalika kang tunggu omah padha gumeter lan wong-wong kang rosa padha mbungkuk, tuwin para wong wadon kang nggiling padha lèrèn amarga cacahé suda sarta kang padha ndeleng saka ing cendhélá padha dadi lamur kabeh (ayat 3). Maknanipun suku ingkang gloyoran nggamaraken tiyang ingkang lagi griya gumeter. Tanganipun gumeter ngibarataken tiyang-tiyang rosa sami mbungkuk. Waja wiwit ompong lan mboten jangkep ngibarataken tiyang estri ingkang nggiling sami lèrèn lan suda cacahipun. Lan sepisan malih pandelengan dados lamur temahan punapa ingkang ketinggal inggih mboten cetha.

- Apamanèh lawang-lawang ing sapinggaing dalan padha mineb, swarané panggilingan dadi lirih, swarané dadi kaya pangocehing manuk, tuwin sakehing pasindhen wadon padha dadi lirih swarané (ayat 4). Maknanipun, sarana pamireng ingkang suda dipun gambaraken raménipun margi sampun mboten cetha kapireng. Swanten saking piranti-piranti panggilingan sampun sami lirih. Tilem sampun mboten angler, ocehaning peksi damel tetep melèk.
- Wong-wong uga padha dadi wedi marang unggah-unggahan, ing dedalan ana kang memedeni, wit saked akembang, walange lakune ngrekasa kalawan nyeret awaké, tuwin kekarepan mangan ora kena kagugah manèh – amarga manungsa lunga menyang ing omahé kang langgeng, apadéné para juru nangis padha kluyuran ana ing dedalan (ayat 5). Tegesipun, sampun mboten saged malih minggah dhateng papan ingkang inggil lan kedah mlampah kanthi pangatos-atos. Rambut ingkang kebak uwan kadosdéné wit saked. Menawi mlampah sukunipun sangsaya awrat. Kekajengan dhahar utawi punapa kémawon sampun mboten wonten. Gesangipun sangsaya celak dhateng papan kita ingkang pungkasan ing pundi tiyang sami nangis lan sungkawa.
- Sadurungé ranté selaka kapedhot lan damar emas kapecah, sadurunge klenthing karemuk ana ing sacedhaké sumber sarta kérèkaning timba karusak ana ing sadhuwuré sumur, apadéné lebu bali dadi lemah kaya ing sakawit lan roh bali marang ngarsaning Allah kang maringaké (ayat 6-7). Negesaken raga ingkang rumiyin waras utawi éndah dangu-dangu badhé risak lan suda kakiyatanipun kadosdéné ranté selaka ingkang pedhot, diyaning emas ingkang pecah, utawi klenthing ingkang remuk. Pepejah methukaken ngantos raga wangsl dados lebu.

Lumantar pitutur punika, Sang Prabu Suléman ing semu mituturi tiyang-tiyang ingkang langkung aném yen katandhingaken kaliyan piyambakipun: tindakna sadaya ingkang prayogi, mumpung taksih wonten wekdalipun. Sadaya

daya kekiyatan ingkang wonten prelu dipun rembakakaken. Kadospundi menggahing ingkang sampun sepuh? Ing yuswa sepuh inggih taksih wonten wekdal kanggé dados tiyang-tiyang ingkang wicaksana. Kanthi makaten, pitutur punika neguhaken tumrap sadaya tiyang supados nglampahi gesang kanthi prayogi, mengku makna lan migunani.

Sekedhap malih kita lumebet ing taun 2022, mugi pitutur punika nenuntun kita gesang ing salebeting kawicaksanan lan sih-rahmatipun Gusti Allah. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 228 ING BETLEHEM KANG TAN AJI

1

Ing Betlehem kang tan aji wus miyos Sang Bayi.

Kang kadya wus kaweca aneng Kitab Suci.

Suraka, ya suraka! Kanthi suka rena,

"Sang Pamarta wus manjalma nunggil klayan kita!"

2

Bayi papa kang kaweca agung pangwasanya;

mbirat salir sangsara wah pangrehing dosa.

8. PANDONGA

- Nyuwun kawicaksanan saking Gusti Allah supados pangandikanipun Gusti dados panuntuning gesang
- Nyuwun sih-rahmatipun Gusti Allah supados gesang ing padintenan kababar ing salebeting katresnan

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 228 ING BETLEHEM KANG TAN AJI

3

Bayi suci kang ginusti tumedhak sing swarga;

ambabar asih-tresna, yogya tinuladha.

4

Bayi adya wah sampurna tumedhak mring jagad,
nedya sung karaharjan, wit gung ing sih-rahmat.

